


MIBVUNZO NEMHINDURO

 ...yakawanda yandaizofanira kuwana, asi ndawana...
Ndaunza concordance rangu. Ndinogona kuripa kuna Leo pano, kana mumwe munhu akagara pedyo angandibatsira kana muchida, kana tikasvika pariri.

² Zvino, kana mudzimai uyu ari kumusoro uko, kana paine...kana akango...Ari kupi...Murume wake ndiani? Ehe. Zvino, kana muchida kuti mudzimai wenyu auye kuzogara nemi, va—vanokwanisa, hapana chinotaurwa pakati pehama chisingataurwi kune hanzvadziwo, zvakare. Tinongo...munoziva. Zvaka—zvakanaka here? Zvino, makasununguka zvikuru kunge muinavo. Vari—vari kudziirwa here kunze ikoko, nhai Doc? Saka, zvakanaka, asi zvine kakusurukirwa kwavari.

³ Uye hamuna chinhu—hamuna chinhu muno...dzimwe nguva chikonzero chandakataurira kuti “varume,” nokuti pane dzimwe nguva varume vanogona kubvunza mubvunzo pakati pevarume usingakwanise kupindurika pane madzimai. Asi hapana chinhu imomo kunze kwechingagona kupindurwa muno muhechi yemazuva ose, nokuti kazhinji zvine chekuita nevashumiri, nevamwe vakadaro, uye kuti basa ravo—ravo nderei uye nezvavanofanira kuita.

⁴ Zvino, ndinotenda kuti izvi zvinoiswa patepi inorekodha. Kana...handina chokwadi. Hama Goad, zviri pai izvozvo, zviri patepi iri kurekodha zvino here? Zvakanaka. Chikonzero tichiita izvi ndechekuti tizive, hama, kuti chii chakakosha, chii chi—chikamu, izvo...chii chiri mupfungwa dzemunhu, ndezvipi—ndezvipi zvinhu zvedu.

⁵ Isu—isu tose tinofanira kutaura chinhu chimwe chete. Zvino, semuenzaniso, mumwe munhu anouya uye, oti, zvichida vanoenda kuchechi yehama kuno uku, (zita renyu rekutanga ndiani, hama? Willard. Hama...Zvino, pane vana Willard 2 pano, ndichatofanira kuti ndikupei chimwewo chinhu. Kana ini...Zita renyu rekupedzisira ndiani, zvino? Crase) Chechi yaHama Crase, zvino Hama Crase vanotaura chimwe chinhu. Zvino vobva kuSellersburg vouya kwaHama Ruddell, kwaHama Ruddell kunozosiyana neikoko. Vanoenda kwaHama Junie, kunenge kwakatosiyana, zvachose. Vouya zasi kutabhenakeri, uye zvichiri vakasiyana. Maona? Zvinovhiringa vanhu.

⁶ Zvino, sekutaura kunoita mumwe munhu kuti, “Oo, handitendi kuti ungazo...zvirokwazvo unofanirwa kugamuchira Mweya Mutsvene. Handifunge kuti zvine basa.” Toti, semuenzaniso, Hama Crase ndivo vaizodaro. Uye wobva wauya kwa—kwaHama Ruddell, zvino ivo voti, “Hongu, zvakatokosha.” Zvino wobva wadzika kuna Junie,

zvino oti, “Haiwa, hazvina kana mutsauko wakanyanya wazvingaita.” Maona? Dai taigona kusangana pamwe chete kunyangwe. . . Ndinoshuva kuti dai taigona kuwana vashumiri vose vemuJeffersonville (munharaunda ino) taigona kuungana kuti titaure chinhu chimwe chete.

⁷ Uye nokudaro, nguva zhinji, madhikoni nematirastii, vanofanira kuona kuti basa ravo nderei. Uye ndinoona tine mubati wehomwe wechechi nemuchengeti wepano manheru ano, saka tichaona kuti basa ravo nderei. Asi mune izvi zvese kunyanya (pano) ingori mibvunzo yaizongobvunzwawo chero kupi zvako uye yaigona kupindurwa chero kupi. Ingori mibvunzo iri nyore, uye iri yekuti mabasa ematirastii, mabasa e. . . Zvino, kana angori mabasa chaiwo, ndinofunga zvitori pabhodhi iye zvino, zvemabasa emutirastii uye nezvavanofanira kuita. Asi ndakafunga kuti zvimwe. . .

⁸ Zvino mumwe wauya ipapo, uye ndinofunga kuti wakanaka, ndichaupindura mushure mechinguvana, Ishe vachitendera kuti tisvike pauri, ndekuti:

Mune rimwewo dambudziko, mudhikoni anofanirwa kuitei? Iye anodii. . . Nderipi basa rake rekuita kana rimwe dambudziko rikasimuka? Anofanirwa kuita nenzira ipi? Maona? Kana kuti mutirastii anofanirwa kuitei, mufundisi anofanirwa kuitei, chimwe chinhu chakada kudaro, paine dambudziko? Tinoziva hurongwa hwemazuva ose, asi ko kana chimwe chinhu chikaitika chisiri muhurongwa uhwu, munoona, zvino vanofanirwa kuitei?

⁹ Uye tinongoziva chaipo pekunobata, zvakangofanana nekurairidza mauto, uye isu tose tinoziva nzvimbo dzedu. Zvino, seboka rakadai, tinogona kugara pano hafu yehusiku, tinozviziva izvozvo, asi ndizvo. . . Handifunge kuti zvine basa. Tichaipindura. Zvino ndinoda kuti mumwe nomumwe. . .

¹⁰ Zvino, hapana mazita, mimwe yacho ine mazita pairi, asi ini—ini handingadani mazita evanhu vacho. Nekuti chero zvingori—zvingori mubvunzo wacho, ndichangoverenga mubvunzo wacho. Panongova neingangoita 2 yayo imomo ine mazita pairi. Uye, mirai, ndingangodaro ndawana mumwe. Ndinoziva, ndimutana Chiremba Ingleman, ndanga ndiri kufanira kuzovafonera ikoko kusou—south wing, pa4—426 south wing. Ndipo apo mutana chiremba zasi kuno kwatange tiri nhasi, zasi kuGeorgetown, akapodzwa, kana kuti akange auya mushure mekufenda kwenguva yakareba kwazvo, ne—nezvimwe zvakadaro. Zvino, ndinofunga kuti apa ndipo pairi, zvino tichapinda mumibvunzo yedu yekutanga yandakanzvera kutanga.

Zvino ngatisimukei kwechinguva, ndapota.

¹¹ Baba vedu veKudenga, taungana pano seboka revarume, varume veChikristu vanoKudai, avo vanotenda maMuri, uye

vakakumikidza hupenyu hwedu nekushanda kushumiro yeNyu. Pane vashumiri pano, varume vechidiki, varume vezera repakati nepakati, vane machechi, vane mungava pamberi paMwari. Pane madhikoni pano ane mungava mumahofisi avo mumachechi aya akasiyana. Pane matirasitii, mabasa avo. Vafundisi, vavhangeri, nevamwewo, Ishe, tine mungava kwaMuri. Uye ndosaka tauya pamwe chete, kuti tose titaure chinhu chimwe chete sezvatakanzi tinofanira kuita muRugwaro. Tose tinofanirwa tose kutaura zvakafanana.

¹² Uye Baba, tinofunga, mune mhando ino yeboka rakadai, kuti tingangwana zvichida dzimwe dzehama dzedu kana vamwe vedu vangave nekakusiyana pazvinhu, uye vamwe vaingobvunza chaizvo kuti vazive kuti Chokwadi ndechipi pamusoro pazvo. Uye tinoziva kuti hatikwanise, mumwe nemumwe wedu. Kana ndikakumbira chero dzimwe dzehama idzi kuti dziuye kuno kumibvunzo iyi, zvichida vangatenge vachikwanisa kana kutodarika zvandungazoitira pakuipindura. Asi pamwe chete tiri kuvimba nechizaruro cheNyu, kuti Mugotizarurira kubudikidza neShoko uye kubudikidza...noMweya weNyu, kuti zvi... kuti tive nemhinduro kumubvunzo wose. Kutu mwoyo yedu... tione kuzadzwa nemhinduro uye tione kuenda tichinzwa kuti tanyatsoshongedzwa zviri nani kuitira shumiro yeNyu uye kubata basa muhofisi yedu kupfuura—kupfuura zvati zvino. Ndicho chinangwa chedu chekuva pano, Baba. Zviiteiwo zvino.

¹³ Uye pindurai mibvunzo yedu, Baba, patiri kumirira paMuri. Ngapasava nekudzungaidzwa kupi zvako mune chero yepfungwa dzedu, asi dai tagara nemubvunzo iwoyo kusvikira wapindurwa zvizere uye tagutswa neMweya, tichibvumirana pamwe chete nekuda kweHupo hwaWo. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

¹⁴ Ndiri kungoda kutaura Gwaro, kutanga kwacho. Sezvakataurwa naIsaya, muporofita akati:

*O chiuyai...titaurirane, ndizvo zvinotaura
JEHOVA:...*

¹⁵ Uye ndinofunga kuti ndicho chikonzero tiri pano manheru ano, kuedza kutaurirana, kuita kuti zvinhu zvigadziriswe. Uye zvino ndinotanga...uye ndine zvimwe zvezvinhu zvakanorwa pasi pano zviri mumanhamba nezvimwe zvakadaro, kuti ndanga ndine izvi, Hama Wood vanga vabata; ndine hamvuropu iyi ine mhinduro mairi. Uye zvino ndinoda kuti mumwe nemumwe wenyu, hama dzangu dzinodikanwa, muzive kuti—kutit mhinduro idzi dzi—dzinopihwa nekuzivisisa kwangu kwese, kwakanakisisa kwandingaziva kanzwisisiro.

¹⁶ Zvino mhinduro dzinogona kukundika, munoona, nokuti Magwaro haagone kukundika, uye sekuziva kwandinoita dzine rundaza rweMagwaro. Ndinovimba kuti zvinozvijekesa. Uye tepi inofanira kuchengetwa zvino uye chero ani

angaida, zvakanaka, vanogona kuiwana. Asi zvino, ndinoziva kuti Magwaro haagone kukundika asi mhinduro dzangu dzinogona kukundika. Saka ndine chokwadi chekuti munhu wese anozvinzwisisa izvozvo. Uye kana dzisiri—kana dzichikundikana, ipapo une kodzero yekundibvunza chero nguva.

¹⁷ Kana paine mubvunzo wemumwe munhu, hausungirwe kunge uri mubvunzo wako, asi kana uri mubvunzo wemumwe munhu, pamwe wanga usati wambofunga nezvawo, asi ndechimwe chinhu chatiri pano kuzobatsira. Tiri pano kuti—kuti tiuye pamwe chete nekuti tiri mumazuva ekupedzisira, uye mazuva akaipa, uye—uye tinoda kudzidziswa, kurairwa.

¹⁸ Hama Stricker, musoja; Hama Goad kumashure uko, musoja; uye zvichida Hama Ruddell pano, vakanga vari musoja; Hama Beeler; nevakasiyana-siyana avo—avo vakange vari muhupenyu wechiuto; munogara pamwe chete, mu—munopangana mazano, mu—munoziva hondo musati maenda kunze uko, nemaitiro ose amungagona emuvengi, kuitira kuti mugone kusangana naye munharaunda dzake.

¹⁹ Pandaisimboita zvetsiva, vaiongorora wandaizorwa naye, zvaaizonge ari, kakandiro kaaiita chibhakera, kuti chingave chepachirebvu kana chematsenganzungu chekuruboshwe kana chekumeso noruoko rwake rworudyi, uye kana achishandisa ruoko rworudyi kana rworuboshwe, uye kuti akasimba zvakaadii, uye kana achinjanisa makumbo ake, uye mashandisiro aanoita maziso ake, uye kuti ikona ipi yaanobva nayo, uye neose maitiro akasiyana ataigona. Uye vaizoona kuti . . . va—varairidzi ava vainge vamboona muchinda yu achirwa kumashure. Saka vaibva vaisa mumwe murume imomo neni kuti vandidzidzise chaizvo sekurwa kwaiita murume iyeye, ku—kuziva zvaaizoita.

²⁰ Uye ndicho chikonzero tiri pano manheru ano. Tinoziva karovero kemuvengi. Tinoziva zviri maitiro ake. Uye tiri pano manheru ano neGwaro rinonyatsomufukidza zvachose zvekuti haapfakanyike, nokuti muvengi ari kumativi ose.

²¹ Hama Roberson, ndanga ndichifunga kumashure uko, ndichivaona, ivo zvechokwadi vanofanira kuziva zviri musoja. Zvirokwazvo vakava nenguva yazvo! Vangani masoja vari muno, ngationei, vanga vari masoja kumauto? Chingotaraisai pano, munoona, boka chairo renyu imi masoja. Zvakanaka, zvino, munoziva kuti chii. Uye ndizvo zvamunodzidza, handizvo here, Hama Roy, Hama Beeler, nemi mhare dzekare nevamwe vakadaro? Ndiko, kudzidza muvengi, “Ari kuzoitai? Maitiro ake ndeapi?” uye wobva waziva kuti unosangana naye sei.

²² Uye ndizvo zvataura pano, kudzidza mafambiro emuvengi uye—uye nokuziva nzira yokusangana naye, chinhu chichazomukunda.

²³ Uye rangarirai, regai nditaure izvi, hama, chechi duku yatanga pano mukufamba kwezvipo, munoona, zvipo zviri kuuya muchechi. Asi paine zvipo kana kuti kwete, kana pasina kana chipo, ndinokuudzai, chipo hachikundi muvengi nguva dzose, asi Shoko rinozviita. Shoko rinosangana naye chero kupi zvako.

²⁴ Zvino Jesu, paAive panyika, akazviratidza izvozvo. Rake . . . Akanga ari Mwari vakaratidzwa munyama. Asi haAna kumboshandisa kana chimwe chezvipo zvaKe zvakanaka kuti akunde muvengi. Tinowana muna Mateo . . . Ndinotenda kuti chitsauko 2 kana 3 chaMateo, Akati . . . Kwete, chitsauko 2 chaMateo, paAkasangana nemuvengi, Akasangana naye panharaunda dzeShoko, “Kwakanyorwa kuchinzi.”

Zvino muvengi ndokudzorerawo, “Kwakanyorwa kuchinzi.”

²⁵ Uye iYe ndokuti, “Kwakanyorwawo zvakare kuchinzi,” saizvozvo, kusvikira Akunda muvengi. Uye ndizvo zvatavinga pano, kuzosangana nemuvengi nezvinhu zvatakapihwa naMwari kuti—kuti tisingane naye nazvo.

²⁶ Zvino ndine mibvunzo ingaita 4 pano iri pane . . . iri pane rimwe—iri pabepa rimwe chete, zvino ndakaisa mumanhamba: 1, 2, 3, 4, 5, 6 . . . 8, 10, uye zvichidzika saizvozvo. Uye pandinongopedza neiyi, ndichabva ndapinda mune iyo apo. Unoti:

107. Hama Branham, kana mibvunzo iyi isiri mugwara chibvai mangosiyana nayo, uye handizobatikane nayo nokuti ndichaziva kuti rwanga rwusiri ruoko rwaShe. Mubvunzo nhamba 1: Hama Branham, ndakambokunzwai . . . kuti zvinofanira—kufanira kudzokera mu . . . Nda—nda—ndakakunzwai muchiti ndinofanira kudzoka mushumiri, uye ndakafunga nezvazvo pachangu, asi ndakamirira rimwe shoko rakanyatsojeka kubva kwaVari pamusoro pazvo. Kusvika parizvino harisati rauya. Zvino, sezvo ndichiziva kuti magumo ava pedyo kwazvo, ndinofanira kucharamba ndakamirira Ishe Jesu here kuti—kuti vataure neni? Kana kuti, Vangafara here kukuudzai zvokundiudza, sezvo ndichiziva kuti Muri mutauriri waVo wezuva rino?

²⁷ Manjeka, zvino, hama, ndinga . . . Ndanyora pasi apa mhinduro yangu kwauri. Mwari vachidana hama iyi, kudanwa muhupenyu, zvino, hecho chimwe chinhu chikuru chatingangotora semusoro wenyaya toparidza husiku hwese nezvacho, munoona, ichocho chinhu chimwe chete, “kudanwa.” “Iva nechokwadi nekudanwa nekusanangurwa kwako,” munoona. Hatidi kunge tisinganyatsoziva kuti takadanwa here. Unofanirwa kunge wakadanwa kana kuti unozokundwa, tiri kurwa muhondo. Maona? Uye kana uine chokwadi chaicho, hama, kuti kudanwa kwako ndekwaMwari, uye wakadanwa naMwari kuti uite rimwe basa . . .

28 Zvino, pane saramusi guru ipapo iro muvengi anogona kuita pauri. Anogona kukuita kuti ufunge kuti hauna kudanwa iwe wakadanwa, obva anyatsodzoka chaizvo okuita kuti ufunge kuti hauna kudanwa; kana kuti kukuita kuti ufunge kuti waka—wakadanwa iwe usina kudanwa; kana rimwe divi racho, chero divi. Zvino unofanira kuzviongorora.

29 Zvino, heano maitirwo okuzviita nawo. Tsvaga kutanga. . . Manjeka, zvino, uku kuraira, chinhu choga chandinogona kupa pane uyu irairo. Maona? Asi iva nechokwadi chekuti kudanwa kwako kunobva kuna Mwari, uye wobva waongorora zvinangwa zvako nedonzvo. Maona? Zvino, munoziva zvandinoreva naizvozvo. Chinangwa chako chekuparidza ndechei? Chaingova here. . . Unofunga here kuti raiva basa rakareruka pane raunaro? Zvino chibva watokanganwa hako nezvazvo, kwanga kusiri kudanwa.

30 Kudana kwaMwari kunopisa kwazvo mumoyo mako haugone kuzorora siku nesikati nekuda kwako. Hautongokwanise kubva pakuri, kunoramba kuchingokun'un'una.

31 Uye—uye kana waifanira kuparidza. . . Unoti, saka, zvino, chimwe chinangwa, “Ndinotenda, pabasa randiinaro, kana dai ndaigona kuva muvhangeri akabudirira kana mufundisi, ndowana muhoro wakanaka wakanyatsotemwa, ndova nempa yandinogona kupinda mairi nezvimwe zvakadaro, ndogara, zvinoka ndi—ndinotenda kuti chingave chinhu chakanaka, chiri nyore kwazvo pane zvandiri kuita zvino. Uye chaizvoizvo ndinofunga kuti zvinga. . .” Zvino, munooona, chinangwa chako hachina kunaka pakutanga kwacho. Munooona, hachina kunaka. Maona? Iwe—iwe uri kukanganisa ipapo pazviri.

32 Zvino unobva wati, “Saka, zvichida nekuti ndiri. . . ndofunga kuti pada ndingangokurumbira pakati pevanhu.” Munooona, uchatozooona kuti wangogadzirira kukundika kukuru. Chokwadi, munooona!

33 Asi, zvino, kana chinangwa chako chiri chokuti “Handina basa nazvo kana ndichafanira kudya mabhisitiki ane munyu nekunwa mvura yemukakova, ndichaparidza Evhangeri zvisinei.” Chimwe chinhu chichingodya nemauro, “Ndichatoparidza Evhangeri kana kuti ndofa zvangu!” Maona? Uchazo—uchazobudirira, nokuti ndiMwari vari kushanda newe. Mwari vari kuZvizivisa kwauri, nekuti ndiMwari vasingatongokusiye uchizorora. Uye, kazhinji kacho, munhu akadanwa naMwari haatomboda kuzviita. Makambofunga nezvazvo here? Chero munhu upi. . .

34 Nguva pfupi yapfuura ndakabvunzwa nedzimwe hama dzakakosha zvikuru, dzakati idzo, “Zvino zvatapinda muNzira, Hama Branham, zvino zvatawana Ishe uye tikagamuchira

Mweya Mutsvene, tochitsvaga here zvipo zveshumiro yedu zvatinofanira kuita.”

³⁵ Ndakati, “Musambofa makaita izvozvo.” Maona? Musambofa makataurira vanhu kuita chimwe chinhu chakadaro, nekuti kazhinji muchinda anotoda kuzviita ndiye muchinda asi—asingagone kuzviita.

³⁶ Muchinda uye ari kuedza kutiza kubva pazviri ndiye wacho anoshandiswa naMwari. Maona? Kana achiedza kubva pazviri, “Oo, hama, ndinokuudzai, ini...kudanwa kuri mandiri asi ini...Fiyuu! Akomana, ndingavenga kuyedza izvozvo.” Zvino, hezvoka izvo, munoona. Iyeye—ari kuyedza kutiza.

³⁷ Kana ari—kana achida kuzviita zvakananyisa, chinhu chekutanga munoziva anozviwana ava “kuzvitutumadza.” Sezvaunoti, “Mwari, ndipei simba rokufambisa makomo, ndinoKuudzai, ndichaKuitirai chimwe chinhu kana Mukanditendera kufambisa makomo.” Kwete, haaizozviita, haatombokwanise kana kuzvifambisa iye pachake kuenda kune maonero akanaka, munoona, saka haangambofe akafambisa makomo achiitira Mwari.

³⁸ Ingotorai, semuenzaniso, saPauro. Munofunga here kuti Pauro angadai akabva pakudanwa kwake? Oo, hama! Haaigona kuzviita. Kwaingomun’un’una siku nesikati kusvika abva kuchechi kwake, akasiya zvole ndo—ndokuenda zasi ku... Ndinotenda kuti yaive Asia, handizvo here? Uye akanogara makore matatu zasi ikoko, achinzvera Magwaro, kuti aone kuti Aive echokwadi here kana kuti kwete, munoona, kuti aone kana Mwari vakanga vamudana zvechokwadi.

³⁹ Saka kana Mwari vachikudana, hama, uye zvichiramba zvichikudya pamoyo wako, zvino ndingati “Isa parutivi zvole zvinorema, nechivi chinokutambudza nyore-nyore.” Maona? Kana... Asi kana zvisiri kukudya maningi, zvino ipapo ini—ini—ini handaimbofunga zvakananyanya nezvazvo zvino. Ingozvirega zviuye panzvimbo yazvo.

Zvino, vati, hama iyi yati muno umu:

Hama Branham, ndinga...Munofunga kuti Mwari vangataura here... (kwandiri kuti ndivaudze.)

⁴⁰ Ndinotenda kuti Mwari vaizotaura kwavari zvakananga. Nokuti, munoziva, Mwari... Hatina kunyanya kukura zvekuti haVagoni kutaura kwatiri. Uye iVo—iVo—iVo vachataura nesu, zvakanaka. Munoona, Vanongo... Vachataura nesu.

⁴¹ Uye ndinokuudzai, kana Vakandiudza, zvino hama inogona kuti, “Zvinoka, Vakaudza Hama Branham kudaro, Mwari ngavarumbidzwe!”

⁴² Asi, munoona, havasi Hama Branham vari kukudanai, ndiIshe Jesu vari kukudanai. Maona? Uye kana vari Ishe Jesu vari kukudanai, ndiVo vacho vachataura. Maona? Ndinogona

kutaura kwamuri munzeve dzenyu, asi kana Kristu akakudanai kushumiro zvinenge zviru mumoyo menyu. Maona? Ndipo pachu chinhu ichi pachinofanira kubatirira uye haugone kubva pachiri.

Zvino, ndinotenda pamubvunzo wechipiri. . .

⁴³ Zvino kana paine chero mubvunzo zvawo pamusoro pazvo, chero mubvunzo zvawo pazviri, munooa, zvekuti kudanwa kwemunhu kunofanira kunge kuri mumoyo make, kuchibva kuna Mwari. Uye—uye imwe hama . . . Oo, ndinoziva kuti ndiyani uyu akanyora izvi. Munooa, ndinoziva akazvinyora, hama inokosha, inodikanwa, ine nyasha yandinotenda zvechokwadi kuti yakadanwa naMwari. Asi ndinongo. . . Handingade kuti izviite pane kwangu (ndicho chikonzero ndaupindura nenzira yandaite), munooa, pamusoro pangu ini ndichiti; “Zvino, hongu, Hama *Nhingi-nhingi* vanofanira kupinda mushumiro.” Maona?

⁴⁴ Zvino unoti, “Hama Branham vakandiudza kuti ndinofanira kuzviita.” Munooa, uye zvichida ko kana chimwe chinhu chikaitika kuna Hama Branham, ndouraiwa, kana kufa, kana—kana kuenda? Zvino, unooa, kudanwa kwako kwaperera ipapo zvino. Asi kana Jesu akakudana, hama, chero bedzi kuine Ziyendanakuenda kunenge kuchiri kupa ruzha rwako. Maona? Uye unobva waziva pawakamira.

Zvino pane wechipiri. . .

⁴⁵ Kana chimwe chinhu chakadai, “Tichiziva kuti izuva rekupedzisira.” Chokwadi ndinozviyemura izvozvo pane hama iyi. Zvirokwazvo ndinozvikoshesa izvozvo pahama iyi ichicherechedza kuti tiri muzuva rekupedzisira, uye kuperera kwemoyo wavo, vachida kuitira Kristu chimwe chinhu.

Unotevera wacho ndewekuti:

108. Zvino, kana Ishe vedu vanokosha vakanditendera kuti ndiVaitire chinhu chiduku, ndodzokera here kunharaunda dzandakamboshumira zvishoma mune... mukukanganisa (izvo zvandiine urombo nazvo)... vakazviisa mumabhuraketsi. . . ndoedza kuvaudza Chokwadi? Vanga vari zvakananyanya—vanga vari pamoyo pangu zvakananyanya.

⁴⁶ Kwete, hama, handingafunge kuti zvingave nebasea kuti mudzokere munharaunda imwe cheteyo. Uye ndinotenda, hama mudikani, kana Ishe vakakudanai Vanogona kusambokutenderai kuti muende sezvamaimbova munharaunda, uye zvichida makadzidzisa zvinhu kana kuti makave nezvinhu zvainge zvisiri. . . izvo chaizvoizvo mave kuona zvakasiyana zvino, munooa, izvo munogona kuona zvakasiyana nezvamakaita kare. Iye zvino, zvekare Ishe, paVakakudanai, Vanogona. . . kana Vakazviita mazvirokwazvo kwamuri, Vanogona kukutumirai chero kupi zvako. Maona?

Hamaizosungirwa kuti muende kune imwe nharaunda yakatsaurwa kana chero chinhu.

⁴⁷ Pamaiva ikoko mainge makaperera. Ndinoziva hama yacho, ndichitaura kudai, yanyora mibvunzo iyi. Nekuperera kwakadzamisisa, uye Mukristu chaiye wechokwadi, makaita nepese pamaigona kuita napo uye nezvose zvamaiziva kuita, uye ndizvo zvoga zvinodiwa naMwari. Maona? Zvino, kana Mwari vakazokudanai kuti mudzokere kunharaunda iyoyo, ndaizongodzokera zvakare. Asi kana Vasina, ndi—ndinotenda kuti ndaizongoenda chero kupi zvako kwaVanonditumira. Pane mubvunzo here?

Nhamba 3:

109. Ko mumwe munhu angaziva sei nzvimbo yavo chaiyo muMutumbi waKristu?

⁴⁸ Uyu wakanaka, wakanaka kwazvo, “Ko unga...” Ndiwo ungave mhando yemubvunzo pakati pevazhinji vedu pano manheru ano, “Unonyatsoziva sei?” Zvino, ndiri kufungidzira kuti hama iyi inoda kuziva kuti “Inzvimbo ipi, *yacho* muna Kristu, chikamu chipi chaKristu chandinaita?”

⁴⁹ Zvino, semuenzaniso, ndingati sezvizvi, hama, kuti ndikupei mhinduro yakanakisa yandinoziva. Nzvimbo yenyu iri... muna Kristu inozarurwa kwamuri neMweya Mutsvene. Uye zvakare kana muchida kuziva kuti Mweya Mutsvene here kana kuti kwete, onai kana Achiropafadza zvamuri kuita, kana kuti kwete. Uye kana Achizviropafadza, zvino ndiYe. Kana Akasaropafadza...

⁵⁰ Sezvakataurwa nemumwe munhu kwandiri nguva pfupi yapfuura, akati, “Ishe vakandidana kuti ndiparidze.”

Ndakati, “Saka, zvinoka chiparidzai.” Maona? Uye saka iye—iye...

⁵¹ Ndinonyatsofunga kuti ndizvo... Satani, kana akangokwanisa kuwana mumwe munhu kuti—kuti aite saizvozvo uye obva avanyengera, ndizvo chaizvo zvaari kuda kuita. Nyika yese inobva yanongedza munwe wavo ipapo chaipo. Mumwe munhu anofunga kuti vane chipo chekutura nendimi nekududzira; vamwe vane chipo chekupodza kwaMwari; vamwe vane zvinhu izvi zvakaita se... Dzimwe nguva vanokanganisa muzvinhu izvozvo, munoona. Uye dzimwe nguva vanofunga kuti havana ivo vainazvo. Saka zvakaoma chaizvo.

⁵² Saka itai izvi nguva dzose, hama, pese pamunonzwa kuti munofanira kuita chimwe chinhu, tangai maona kana zviru muMagwaro kuti muzviite (kana zviru muMagwaro). Kwete zvakangonyorwa panzvimbo imwe chete, asi ndinoreva kuti zviru muMagwaro zvizere muBhaibheri rose kuti iwe uzviite, nzvimbo yako, kuti kana uchizova muvhangeri, mufundisi, mudzidzisi, muporofita, chero chipi zvacho icho Mwari vanogona kunge

vakakudana kuva. Munoono? Kana uine chipo chendimi, chipo chekududzira, chipo chechero—chechero mhando yezvipo 9 zvemweya zviri muchechi, uye nemahofisi 4 emweya echechi, chero chinzvimbo, tanga waona kana Mwari vakadana.

⁵³ Zvino, kazhinji, nzira yandinozvitarisa pandiri pachangu, kungo...izvi ndini, ndinotarisa hunhu hwemunhu uye ndoona mhando yechipo chavari kutaura. Munoono, Mwari vachashanda nechisikwa chaVo nenzira yaVakachigadzira nayo. Maona? Vachaita chisikwa...

⁵⁴ Kana ukamuona asina kudzikama achingoenderera, iwe...zvino oti, “Ishe vakandidanira *chakati-chakati*, kuti ndive mufundisi.” Zvino, mufundisi haangave munhu asina kudzikama. Mufundisi munhu akadzikama, anotaura zvine mutsa. Maona?

⁵⁵ “Mwari vakandidana kuti ndive mudzidzisi.” Zvino mutarise madudziriro aanoita Shoko. Maona? AnoRivhiringa-vhiringa nezvose, ipapo unobva waziva. Maona?

⁵⁶ Asi, zvino, chinhu chekuita, nzvimbo yako inowanozovikanwa zvisinei nekuti unogona kuzviita here kana kuti kwete.

⁵⁷ Manje, Mwari pvakandidana kuti ndive muvhangeri, ini ndaida kuva mufundisi. Uye ndakafunga kuti kugara pamusha pano kwainge kwakangonaka. Zvino Ishe vakandidana. Uye pakupedzisira vanhu vose vakaungana...Hapana kana mumwe wavo muno manheru ano akasara, zvekuti vakachema vakaenda kunze uko pana 1717 Spring Street. Zvino mudzimai, Mai Hawkins vari pano apa, vakasangana neni ndokuti (vachichema, munguva yekuderera kwehupfumi hwenyika, apo mumwe munhu munharaunda akabika bhodho rebhinzi uye tose taiuya zvino todaya kubva mariri), zvino vakati, “Ndichakamurira vana vangu zvokudya patafura kana mukangovaka tabhenakeri.” Maona?

⁵⁸ Zvino kudanwa kwangu kwaiva kwemuvhangeri. Mangwanani ayo...Mugere pano chaipo mudombo repakona, dai taigona kupaza imomo manheru ano, munoono peji rakabva muBhaibheri rangu paVakandiudza kuti ndive muvhangeri. Maona? Zvino handaibudirira pahufundisi, handimbofa ndakadaro, nokuti handina moyo murefu nezvazvinotorera kuva mufundisi. Maona? Saka naizvozvo kana dai ndakaedza kuva mufundisi, ndaizenge ndingori kure chaizvo semufundisi ari kuedza kuva muvhangeri.

⁵⁹ Munoono zvandiri kureva? Unogona kuona nzira yaunodanwa nayo naShe, kuti nzvimbo yako ndeipi muMutumbi. Pane mubvunzo here?

110. Ko vanhu vose vakazadzwa neMweya Mutsvene vanozotaura nendimi here gare-gare?

⁶⁰ Ndiwo mubvunzo wekutanga, “Vose vane Mweya Mutsvene. . .” Zvino, zvese zviri mumubvunzo 1, ndakauisa pano semubvunzo nhamba 4. Asi ndicha—ndichataura izvi kutanga, munoona:

Ko vanhu vose vane Mweya Mutsvene vanozotaura nendimi here gare-gare? Ndakawana apo Pauro akati iye “akataura nendimi kuvapfuura vose.”

Zvakanaka, mubvunzo nhamba 4: **Ko vose vanotaura nendimi here pakugamuchira mwe. . .**Kana kuti, kwete, wati iwo: **Ko vose vanotaura nendimi here. . .**Kwete: **Ko vanhu vose vakazadzwa neMweya Mutsvene vanozotaura nendimi here gare-gare?**

⁶¹ Zvino, hama, ini. . .Uyu mubvunzo wakadzama. Zvino, ipapo, zvichida imi. . .Zvimwe ndichave nedzimwe mhinduro kumashure pane izvi.

⁶² Mweya Mutsvene, chimwe chikamu cheMweya Mutsvene kururamiswa. Ndipo paya paunotanga. . .Mwari vanofanira kukudana kana kuti haufe wakadanwa. Munoona, hapana chaunokwanisa kuita mauri iwe pachako. “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.” Ndizvo here? Saka chikamu chekururamiswa ndiwo Mweya Mutsvene.

⁶³ Makandinzwa here ndichitsanangurira mukuru weLutherani uya nguva iya nezvemunda wechibage? Munoona, “Chibage, mumwe murume akabuda akandodyara 2. . . akadyara munda wake wechibage. Mangwanani akatevera akabuda ndokuenda zvino ‘hapana chinhu.’ Mushure mechinguva akawana tutsuri 2 twakamira, akati, ‘Mwari ngavarumbidzwe nokuda kwemunda wangu wechibage!’” Ini ndikati, “Aiva nemunda wechibage here?”

Zvino mukuru weLutherani akati, “Pane zvinotarisirwa.”

⁶⁴ Ndakati, “Ndizvozvo, pane zvinotarisirwa aive nawo.” Asi ndakati, “Ne. . .” Ndakati, “Utwu twaive imi maLutherani.”

⁶⁵ “Nekufamba kwenguva nhungirwa dzakakura uye dzikasvika pakuva muchekechera. Iyi yaiva Methodist. Danho rechipiri rechibage, muchekechera.” (Ndinofunga kuti ndizvozvo, imi hama dzekupurazi.) “Uye zvino muchekechera unotarisa zasi kushizha woti, ‘Huh! Ini ndiri muchekechera, iwe unongova shizha! Unoona, handichina basa newe zvachose.’ Uyezve muchekechera. . .Mukume unodonha kubva pamuchekechera, uchidzokera mushizha zvakare; ufanira kuva neshizha.”

⁶⁶ “Uye kubva ipapo kunouya chikwande. Iyi yaive Pentekosti, kudzoreredzwa kwezvipo seizvo zvakapinda panzvimbo yekutanga, kudzokera kumavambo. Zvino kana chikwande

chabuda, choti, ‘Handikudi iwe, muchekechera. Kana neniwo handichina basa newe, shizha.’”

⁶⁷ Asi, shure kwezvose, hupenyu humwe chete hwaive mutsu—tsuri yechibage hwakagadzira muchekechera. Uye hwakanga huri mutsuri nomuchekechera hwakagadzira tsanga. Saka Mweya Mutsvene chii uchitaura nendimi? Kururamiswa kwafambira mberi. Maona? Chechi yePentekosti chii? MaLutherani afambira mberi. Maona?

⁶⁸ Asi zvino kana danho remberi rasvika, mubvunzo unenge uri wekuti, “Saka ndicharamba ndakangodaro here?” Kwete! Kwete, chibage chaibva. Maona? Unotanga netsanga. Unotanga nesho—Shoko, tsanga, Rinobereka kururamiswa. Uye rogara mukururamiswa kusvikira Rabereka kucheneswa. Rogara mukucheneswa kusvikira wagamuchira Mweya Mutsvene.

⁶⁹ Zvino kana wagamuchira Mweya Mutsvene, Uchaitei? Ko chii. . . Uchiri nemubvunzo, hauna here? Zvakanaka:

111. Ko “kutura nendimi” chii?

⁷⁰ Kutaura nendimi hakusi chimwe chinhu kunze kwerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwakakururamisa nokukuchenesa. Rwakanyatsozadza! Zvino, ndanga ndichida. . . Ndanga ndichida mubvunzo uyu. Mwari vanoziva handina kumboziva kuti murume uyu anga ari kuzobvunza, kupindura. . . kana kuzoubvunza.

⁷¹ Zvino, kwanyanyisa here. . . kana kwanyanyisa kupisa muno, vhurai musuwo uyo kana mukanzwa hope kana zvimwewo. Ndinoda kuti muzvibate zvakanaka uye zvakasimba. Nekuti iko—iko kuri kuti dziyei zvishoma chaizvo, kunogona kukuitai kuti mubatwe nehope.

⁷² Zvino cherechedzai, cherechedzai izvi: kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

⁷³ Zvino tarisai apa, hezvinoi izvi. Regai ndipe mufananidzo wazvo. Zvino, ndiri zasi kuno, ndiri mutadzi, ndiri kufamba nenzira *iyi*. Kamwe, mushure mechinguva, chimwe Chinhu chinotaura neni. Zvino hapana chinogona kunditendeutsa kunze kwaMwari. Ndizvo here? Ndotendeutsa nenzira *iyi*. Zvino, kana ndatendeuka, ndiko kururamiswa kwangu. Ndizvo here? Zvino, mufananidzo uyo ndiko kwandiri kuenda, munoona, mufananidzo waKristu.

⁷⁴ Zvino ndinoda kuve panzvimbo yandinogona kunzwa zvakanaka ndiri paAri. Munoona, ndakaruramiswa. Zvino ndinosvika padanho iri *pano* randinogona kutaura naYe, nokuti. . . Ndichiri kuzvinyarira pachangu. Ndichiri kuputa, ndichiri kunyepa, ndakaita tunhu tudiki twehutsotsi twandisingafanire kuita, uye nguva yose *kuwa nekumuka* kwangu, *kuwa nekumuka*, asi ndiri kuda kuti Andichenese kubva kuzvinhu zvose izvozvo kuti ndinyatsofamba ndichienda

kwaAri ndigotaura naYe. Maona? Zvakanaka, hezvinoi izvi, kuchene-...danho rokucheneswa. Zvino, kwakaitei? Kwakanditwasanudza. Maona?

⁷⁵ Zvino ndiri kupfuurira kuenda kuMweya Mutsvene. Maona? Zvino pandinopinda *umu* ndiri muMweya Mutsvene nerubhabhatidzo. Ndizvo here? Mweya Mutsvene unoitei? Unondipa simba. Simba rokuva muparidzi, simba rokuva muimbi, simba rokutaura nendimi, simba rokududzira ndimi. Uzere nesimba, nekuti Mweya Mutsvene isimba raMwari. Uye isimba raMwari rakanditendeutsa. Raive simba raMwari rakandichenesa. Zvino isimba raMwari randizadza.

⁷⁶ Zvino, pane imwe nguva, ndakamira pano uye ndichiedza kutaura chimwe chinhu zvino Simba raMwari rinouya pandiri nenzira yakasimba kusvikira ndisingachagoni kutaura zvachose. Maona? Zvino ndochitanga kukakama. Sekunge ndaizotaura kuti, “Hama,” kunge ndimire sekudai.

⁷⁷ Hezvinoi izvi, ndiri kuzopa mufananidzo wazvo nenzira iyi. Ndiri kuzotaura nemi hama kuitira kuti muve nechokwadi chekuzvibata. “Ma—ma—makadini, hama?” Munoono, ndichiine mhosva. “Uh, ndi—ndinofara zvechokwadi kuti ndi—kuti ndichiri mumwe wenyu. Ndi—ndi—ndinofara zvikuru, munoono.” Zvakanaka. Zvino, mushure mechinguva, chii? Ndinoziva kuti makanyatsonditarisa uye munoziva kuti ndichiri kuita tumwe tunhu, ndichiri kuita zvinhu zvine tsvina yenyika pazviri.

⁷⁸ Mushure mechinguva ndinocheneneswa. Zvino chimwe chinhu chaitika, ndacheneneswa. Ndinogona kukutarisai kumeso chaiko, ndiri mumwe wenyu. Maona? “Zvakanaka, hama. Mwari ngavarumbidzwe! Ndinofara kuva muboka rino reMweya Mutsvene. Ndinofara kuva pakati penyua hama tsvene.” Sei? Haukwandise kuisa munwe wako pandiri, ndakacheneneswa. Asi zvino Mwari vari kuzondiisa mukushumira. Zvino, hongu, changamire!

⁷⁹ “Hama Branham, makaruramiswa here?”

⁸⁰ “Hongu! Ndinorangarira pandaitongotadza kukutarisai kumeso. Hama, ndinogona kukutarisai kumeso zvino.”

⁸¹ Munoono, hepano patiri. Zvino, chii chimwe ichi? Zvino ndiri kuzo...*Uku* kucheneswa uye nokuiswa parutivi *kuti* chishandiswe, uye *ichi* chiri kuuya *mushumiro*. Zvino tose tinoziva kuti izwi rokuti *kuchenesa* izwi rechiGiriki, izwi rechiGiriki rinoreva zvinodarika chinhu chimwe rinoreva kuti “kucheneneswa, uye nekuiswa parutivi kuzoitira basa.” Midziyo yakagezwa uye neartari, ikacheneneswa neartari ndokuiswa parutivi *kuti* ishandiswe. Asi kuva *pabasa* kuzadzwa uye nekuiswa mukushumira.

⁸² Zvino, ndinoenda uku uye zvino ndiri kupinda *mushumiro*. Zvino, ndiMwari vakanditendeutsa, vachiti, “Inzwa iNi. Inzwa iNi! Inzwa iNi!” Zvino Vakati . . .

⁸³ Mabata here zvandiri kureva? Maona? Zvino pano, [Hama Branham vanopa mufananidzo wemunhu ari kutaura nendimi—Mupepeti] . . .? . . . Munoono, pano apa, wakangonyatsozadzwa iwe . . . Ndizvozvo. Hezvoka izvo, ndiko kutaura nendimi ikoko.

⁸⁴ Uye ndinotenda izvi zvino: Handitende kuti kutaura nendimi ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene. Hachizicho! Nekuti ndakaona varoyi, varoyi-rume, vanobata nyoka, madhimoni, zvimwe zvese zvichitaura nendimi, zvino hakusiko kuita kwaMwari kusingakundikane (kana ukataura nendimi) kuti une Mweya Mutsvene. Asi, rangarirai, Mweya Mutsvene unototaura nendimi uye dhiyahbore anogona kuzvitevedzera.

⁸⁵ Hu—humbowo hwekuti une Mweya Mutsvene hupenyu hwaunorarama iwe, munoono, “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Zvino chibereko cheMweya hachisi (hazvitowanikwe chero papi zvapo muMagwaro) kutaura nendimi. Chibereko cheMweya ndirwo rudo, mufaro, kutenda, moyo murefu, hunaku, hunyoro, kupfava, kutsungirira. Munoono, zvino, ndicho chibereko. Ndizvo zvaunowana pamuti kuti uzive kuti imhandoi yemuti. Maona?

⁸⁶ Ndizvo zviri kutariswa nevanhu kwamuri imi vaparidzi, uye kwamuri madhikoni, nemi matirastii, nemi vavhangeri. Unogona kutaura nendimi kunze kuno pamugwagwa uyu zuva rose, havambofa vakakutenda. Asi rarama zvauri kutaura nezvazvo, iwe ratidza kutapira, uye nemidzi yese yenduru yakabuda mauri, zvino vanhu vanozocherechedza kuti pane chimwe chinhu.

⁸⁷ “Kutaura nendimi.” Zvino, ndinotenda izvi, kuti pane imwewo nguva, kuti munhu akazadzwa neMweya anogara pasi peartari yaMwari anotaura nendimi. Asi ndakaona vazhinji vachitaura nendimi vasina kana chavakamboziva nezvaMwari. Maona? Hapana chavaiziva nezvaVo zvachose, asi vachitaura nendimi kudaro. Chero chipi zvacho chezvipo izvozvo chinogona kutevedzerwa. Maona?

⁸⁸ Asi chibereko cheMweya chinoratidza zviri Mweya uri mukati, unobereka huchapupu cheHupenyu hwaJesu Kristu. Nekuti kana muine muto wemuti wemupichisi mumuti wemuapurosi, unotobereka mapichisi chokwadi chaicho. Ndizvozvo. Munoono, nokuti ndihwo hupenyu huri mukati mawo.

⁸⁹ Zvino, ndizvo zvimwe chete zvazviri apa. Asi zvino, kuitira kuti ndisvitse izvi kwamuri mose, kuitira kuti tose tizive chinhu chimwe chete. Ndinotenda kuti munhu akazadzwa neMweya kuti . . . Zvino anopinda muna Kristu norubhabhatidzo,

uye chete...handiwo...Kutaura nendimi hausi humbowo hwerubhabhatidzo. Maona?

⁹⁰ Rubhabhatidzo, unogona kubhabhatidzwa musimba radhiyabhore, uye wotaura nendimi nerubhabhatidzo rwemweya unonyengera wadhiyabhore. Kangani katakazviona zvichiitwa? Kangani kandakazviona zvichiitwa?

⁹¹ Ndinotoziva nezvavo vachinwa ropa kubva mudehenya remunhu uye vachitaura nendimi.

⁹² Ndakaona vanoita dhanzi nenyoka mugwenga pavanozvimonera nenyoka huru iyi pavari zvino vofamba havu vachitaura. N'anga yaibuda saizvozvo, zvino vaitaura nendimi nokudzidudzira.

⁹³ Ndakambova mumisasa yavo yevaroyi kwavaiisa penzura pasi saizvozvo, uye voisa bhuku pasi sezvizvi, zvino penzura yaifamba ichikwira nekudzika papombi yechitofu, yoridza, "*Shave and a haircut, two bits*," uye yonyora nendimi dzisingazivikanwi, uye n'anga yogozvidudzira yotaura chaizvo zvainge zvaitika. Ndi—ndinozviziva izvozvo pachangu. Maona? Saka ini... Munoono, haugone...

⁹⁴ Pauro akati, "Apo pane ndimi, dzichaguma. Apo pane zviporofita, zvichakundika. Kune zvipo zvese izvi, zvichabviswa nenguva isipi." (Tine mubvunzo wacho pamberi apo.) "Asi kana icho chakakwana chauya, icho chiri muchidimbu chichabviswa." Maona? Saka tinoda chacho chakakwana, hama. Maona? Takaona zvinhu zvakawandisa zvenhema uye zvikapa dudziro isiri iyo kwariri.

⁹⁵ Uye usambofa wakatarisana nemunhu uye—uye wotenda kuti vane Mweya Mutsvene nokuti vanotaura nendimi. Maona? Asi unotenda kuti vane Mweya Mutsvene nokuda kwezvibereko zvavanobereka, nokuti Jesu akati, "Muchavaziva nezvibereko zvavo." Maona? Ndizvozvo, "Nechibereko chavo."

⁹⁶ Zvino, asi zvino, regai ndisabve pane izvozvo zvino, nokuti handidi kuzvidza chipo chikuru chakapihwa naMwari. Maona? Uye ndinotenda kuti murume kana mudzimai kana mwana, akazadzwa neMweya, anogara pasi peartari yaMwari, havazogarimo kwenguva refu kusvika vanenge vave kutaura nendimi. Maona? Ndinotenda kuti murume uyu anozviita, kana mudzimai.

⁹⁷ Zvino, unokwanisa kugamuchira Mweya Mutsvene uye pamwe hauna kutaura nendimi pawakaUwana. Maona? Asi kana uchigara ipapo pamberi paMwari nguva dzose, nerubhabhatidzo pamusoro perubhabhatidzo rwuchikubata, pane chinhu chichaitika. Maona? Uchanyatsozadzwa rimwe zuva kusvikira usisakwanise kutaura chimwewo chinhu; munoono, iwe—iwe—iwe unoedza kutaura chimwe chinhu, hautongokwanise kuchitaura zvachose, uye hautongokwanise kuchitaura. Uye nguva zhinji kana vanhu vakacherechedza

kuti iwoyo wanga uri Mweya Mutsvene vanopfuurira mberi vongovhura mwoyo wavo vorega Mwari vachitaura kwavari.

⁹⁸ Bhaibheri rakati, “Nemiromo inokakama uye nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava.” Isaya 28, munoono, 28:18. Zvino, “Nemiromo inokakama uye nedzimwe ndimi Ndichataura.”

⁹⁹ “Kukakama” chii? Munhu asingagoni kutaura zvakajeka, achiti, “Huh, uh, uh, huh, uh, huh, uh, huh.” Unongo... unokakama, uchingoyedza, “Huh, uh, huh.” Munoono, wakangozara neMweya! Ari kuedza kutaura... Sezvandaizotaura kuti, “Hama Ja-Jack-... Ja-... Hama Jack-... Hama Ja-Ja-Jack-Jack-Jackson.” Munoono, izvo saizvozvo, uri kuedza kutaura, haugone kuzvিতaura. Munoono, ndiko, kunyatsozadzwa neMweya! Iwo... .

¹⁰⁰ Ndinoda kukubvunzai hama, wakambonzwa here Mweya Mutsvene uchikuzunguza zvakananyanya kusvikira wave kutongotadza kutaura kana chinhu, wozongogara wakanyarara pane imwe nguva, wongogara ipapo wochemba? Makambozviita here? Manjeka, ndiwo Mweya Mutsvene iwoyo. Kana waizo... Chikonzero vanhu vasingataure nendimi kazhinji, havazive kuti vanozvipira sei kuMweya uye vari kutsvaga chimwe chinhu chiri kure icho Chiri pavari chaipo. Maona? Ndicho chikonzero vasinga... .

¹⁰¹ Uye zvakare vamwe vanhu vanongozviisa mumanyawi zvino votaura mashoko akawandisa asina kana chirevo paari, uye zvakadaro vasina Mweya Mutsvene, uye voedza kutaura kuti vanawo nokuti vataura nendimi. “Nezvibereko zvavo muchavaziva,” munoono.

¹⁰² Zvino, pane mubvunzo here? [Hama Junior Jackson vanoti, “Hama Branham?”—Mupepeti] Hongu, hama. [“Ndafara kuti mubvunzo iwoyo wabvunzwa, nekuti pasina kupokana vamwe vangatadze kuziva zvichida zvandakatenda nekudzidzisa kwenguva yakareba. Asi ndinozvitenda semadzidzisiro amazviita.”] Maita henyu, Hama Jackson. [“Zvisinei nekuti kangani kandingataura nendimi, kana chimwe chinhu, kana hupenyu hwangu husingapupuri zvinotaurwa neBhaibheri zvino handina kusiyana nechimbwa chinopenga chiri kufamba mumugwagwa.”] Ndizvozvo chaizvo. [“Uye handina kutombotaura nemutauro usingazivikanwi kusvika mwedzi 6 mushure mekunge ndagamuchira rubhabhatidzo rwangu.”] Zvakangoda kufanana nezvandakaitawo, zvakare, Hama Jackson.

¹⁰³ Ndakagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene seri mushedhi yangu, munoono. Uye rinenge gore rakazotevera, kana zvimwe zvakadaro, ndaive—ndaive... .ndakataura nendimi.

¹⁰⁴ Uye rinenge gore kana 2 mushure maizvozvo, ndaiparidza zvakare muhechi, zvino ndaive—ndaive ndakamira

papuratifomu sezvizvi, uye ini. . . Pandakanga ndichiri mudiki uye ndisina kuomarara nekukwegura sezvandave zvino, ndaigona kufamba zviri nani zvisihoma uye ndaive nemanyawi chaizvo mukuparidza. Ndainge ndakamira ipapo ndichiparidza zvino ndakangosvetukira patafura. Paive pachechi yeBaptisti, chechi yeMilltown Baptisti, ndokudzika chaiko nenzira iri pakati pemacheya, ndichiparidza nesimba randaigona kuparidza saizvozvo. Zvino pandakangomira kuparidza, chimwe Chinhu chakangonditakura ndikataura mazwi akati wandei, mazwi 4 kana 5, kana 6, mundimi dzisingazikanwi. Uye ndisati ndaziva zvandaiita, ndakazvinzwa ndave kudaidzira kuti “Dombo munyika yakaoma, Hutiziro munguva yedutu.” Maona?

¹⁰⁵ Zvino rimwe zuva ndichidzika hangu nenjanji, ndaifamba ndichidzika nenjanji, rutivi rwuno reScottsburg, ndaiuya ndichidzika nenjanji, ndichipatirora. Mhepo ichivhuvhuta zvine simba, oo, ini zvangu, uye mazaya echando munjanji yose, zvino ndakayambuka kuti ndifambe ndichidzika nerangu re 33,000; re 66 raikwidza neimwe nzira, richiita sokuenda richitevedzana nenjanji. Zvino ndakanga ndichidzika nenjanji, zvino kamwe-kamwe. . . Ndakanga ndichifamba ipapo, ndaiimba. Ndaigara ndichingoimba. Ndaiva nenzvimbo dzakasiyana-siyana dzandaienda kunonamata. Zvino ndaienda ikoko, ndichiimba, zvino ndakazongokaruka ndaona kuti ndiri kutaura nendimi, munoona, ndisingazivi zvandaiita.

¹⁰⁶ Kutaura nendimi kunouya nesimba rakanyanya zvekuti munhu wacho haatozive zvavari kuita, kana kuti, havazive zvavari kutaura. Uye dudziro inzira imwe cheteyo. Havazive zvavari kuzotaura. Havatomboziva kuti vachazvita, nekuti ndezvemweya. Munoona, chero bedzi uchiwana chenyama mazviri zvino hauzo. . . iwe—iwe—iwe une chenyama, munoona. Asi kana chimwe chinhu chikangokuti dzvii uye chokubata, zvino uri kuzviita. Maona?

¹⁰⁷ [Hama Neville vanoti, “Hama Branham, ndingataurawo here chimwe chinhu ipo pano?”—Mupepeti] Chokwadi, munokwanisa, Hama Neville. [“Zvino, imi muchitaura nenzira iyoyo, hamusi kuda kuti mutaure, kunyangwe hazvo, kuti—kuti ndimi dzinofanirwa kuva muhurongwa mushumiro kana munhu asingakwanisi kuzvibata? Nokuti ari ku. . . Munhu ane chipo anofanira kuva nesimba pamusoro pachu.”] Anogona kuzvibata pachake. Hongu. Sezvakangoita. . . [“Unofanirwa kunge wakabengenuka zvakakwana kuti uzive kuti ava kuda kutaura nendimi”] ehe, ndizvozvo [“kana kuti abuda muhurongwa pakutanga kwacho.”] Ndizvozvo, anozvinzwa. Maona? Zvino, sezvakataurwa neBhaibheri, “Kana—kana kuine mumwe anotaura nendimi pasina unodudzira, zvino ngaanyarare.” Zvino, hongu.

¹⁰⁸ Ngatiti, semuenzaniso, ndakamira pano, chero ani

zvake, paunenge wava kuda kudanidzira, zvimwe chetezvo. Wakambonzwa simba raMwari richiuya pauri here paunotanga kudanidzira? Vangani vakambozviita izvozvo? Zvinoka, isu tose takazviita. Maona? Unongogara ipapo, unozvinzwa zvichiuya. Zvino, pane dzimwe nguva dzaunokwanisa kudzimura izvozvo, munoono. Unogona kuzvibata, munoono, hazvina kunaka.

¹⁰⁹ Ko kana dai wanga wakamira, uchitaura ne—neMutungamiri weUnited States, kana kuti wakamira kunze kuno uchitaura nameya weguta, uye uri kutaura pamusoro pechimwewo chinhu, kunze chaiko mumugwagwa muno, uchitaura neboka revanhu, zvino kamwe-kamwe wongonzwa sokunge unogona kusvetuka-svetuka, uye nekuzhambatata nekudanidzira kuti “Girori! Hareruya!” nokukava-kava zvinhu zvose nokumhanya uchikwira nokudzika nomugwagwa saizvozvo. Vaizoti unopenga. Maona? Vaizoti, “Murume uyu anopenga.” Maona?

¹¹⁰ Zvino, munoono, unoziva zviri nani pane kuzviita zvino. Unozvibata, kunyangwe zviri kungokudya chaiko pakadzika mauri zvino usingatokwanise kuzvibata. Unoti, “Hongu, changamire. Hongu, changamire. Uh-huh. Uh-huh. Hongu. Hongu, changamire. Uh-huh.” Vakomana, zviri kungokudya chaizvo asi unoziva kunyarara ipapo zvino. Maona?

¹¹¹ Semune rimwe dare redzimhosva kuno kasiri kare, vakabata mamwe maPentekosti nokuda—nokuda kwekuita chimwe chinhu, kuzhambatata zvakanyanyisa kana zvimwewo, zvinova izvo kuti vainge—vainge vakarurama pazviri, munoono, ndizvozvo. Asi nguva yese mutongi paaitanga kutaura kana kuti ataure chimwe chinhu kwavari, vaibva vataura nendimi. Maona? Mutongi ndokuti, “Torai vanhu avo vanopenga vabve pano.” Maona?

¹¹² Zvino, kana dai pakave nedudziro kundimi idzodzozo uye voudza mutongi uyu kuti “ZVANZI NAJEHOVHA,” chimwe chinhu *chakati-chakati* chingadai chiri chechokwadi, “ZVANZI NAJEHOVHA! Mutongi, wakamira pano uchinditongera chii apo iwe nezuro manheru waive nechipfeve? Zita rake ainzi Sally Jones, aigara zasi pa44 imwe nzvimbo *Yakati-yakati*, saizvozvo. Sei uri kunditonga? IZVANZI NAJEHOVHA! Zvino zvirambe izvozvo uye unodonha wofa.” Zvino, oo, hama! Pane chimwe chinhu chakasiyana ipapo.

¹¹³ Asi ukangomira uye wotaura, iye ndokuti, “Uri mupengo kwavari.” Maona? Zvino, iwe unoziva pekunyarara uye nepekusazviita. Maona? Zvino, ndizvo... Munoono. Ndiri... Ndinzwisisei chaizvo zvino, munoziva zvandiri kureva. Maona? Ndzizvozvo. Zvirokwazvo...

¹¹⁴ Tine mubvunzo iwoyo zasi apa chaipo. Chikonzero ndanga ndakauchengeta sekudai, tine chinhu chimwe chetecho, “Vanofanira kunyarara here?” Muri kuona? Ndicho chikonzero

ndisina kuupindura zvisingadariki zvamanga muchitaura. Asi ndiyo nguva yacho, yekuupindura zvino, munoona, iko zvino. Uye tichazviwanawo zvakare pamubvunzo uyu uri zasi apa, uye ndichangodzokera kwauri. Munhu wese ari kunzwisisa mubvunzo uyu zvakana here?

[Hama Fred vanobvunza, **“Hama Branham?”**—Mupepeti] Hongu, Hama Fred. [**“Ko—ko munhu anotaura mu—muMweya, achipa zvitaurwa (ngatitii Murungu uye achigona kutaura Chirungu) zvino Mweya ungapa here zvekutaura?”**]

¹¹⁵ Zvirokwazvo. Hongu, changamire. Munoona, nokuti Mweya Mutsvene unotaura nemutauro wese. Maona? PaZuva rePentekosti mutauro wose uri pasi peDenga wakaunganidzwa pamwe chete, munoona. Vachitaura neChirungu... Zvino, ndinogara ndichiziva izvi, Hama Freddie, pachangu, kuti ini... kana ndikamboparidza mharidzo uye paine chizoro pairi, Mweya uri kutaura, munoona. Ndiwo... Maona? Saka rwaizova rurimi rwusingazivikanwe kumunhu asinganzwe Chirungu. Asi zvakadaro...

¹¹⁶ Uye sezvakangoita ndimi isingazivikanwe haisi ndimi “isingazivikanwi,” ndirwo... pane mumwe munhu ipapo... SepaZuva rePentekosti, vakati, vatadzi vose ava, vakati ivo, “Sei tirikunzwa munhu wese nemumutauro wedu? Tiri *kunzwa* vaGarireya ava vachitaura nemumutauro wedu chirudzii?” Pakanga pasina “dzisingazivikanwi” pamusoro pazvo zvachose. Hakuna chinhu chakadaro sekuti ndimi “dzisingazivikanwi” paPentekosti. Zvino, munoona, hazvisi muMagwaro zvachose. Maona? Pakanga pasina usingazivikanwi... dzakanga dzisiri ndimi dzisingazivikanwi, wakanga uri mutauro. “Zvino isu tinonzwa sei munhu wese nemutauro wekwedu kwatakaberekwa?” Hapana chisingazivikanwi nezvazvo zvachose. Maona? Izvozvo... chero mubvunzo pane izvozvo zvino, izvozvi tisati tazvisiya? “Ko tinonzwa sei munhu wese nemutauro wekwedu?” Maona?

¹¹⁷ [Imwe hama inoti, “Ndipo—ndipo pane kakukanganisa kadiki nekuda kwehuteru hwemunhu, uye kana vanhu vano—vanotadza kugamuchira chero chinhu, vanongoti, ‘Handisi kuzozvitenda neimwe nzira, maringe chete naMabasa 2:4.’”—Mupepeti] Zvino, kana vakava nazvo maringe naMabasa 2:4 zvirokwazvo havaizotaura nerurimi rwusingazivikanwe. [“Kwete, mumutauro.”] Uh-huh. Vaitozofanira kutaura nemumutauro wawakanzwikwa nawo nevanhu, munoona, nokuti “munhu wese akanzwa nemutauro wake iye.”

¹¹⁸ Zvino, kana ndikagamuchira Mweya Mutsvene iko zvino, maringe ne... ndinoti... Ndinotenda kuti pane hama imwe pano iri kutsvaga Mweya Mutsvene, inova iyo—iyo—iyo Hama Wood. Ndizvo here, Hama Wood? Handireveru kukudaizai,

asi zvese...tingori hama pano uye tiri kuda kutaura izvi. Zvino vari kutsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino, kana Hama Banks vakagamuchira Mweya Mutsvene ipapo, nenzira chaiyo, kana vakaUgamuchira maringe neBhaibheri, vaisimuka ipapo, vozviture, vaizozviture neChirungu, uye vachiti, “Jesu Kristu Mwanakomana waMwari akamuka,” vaizviture nechiporofita chinotyisa chinovireva. “Ndinovireva kuti Akamuka, nokuti Achangopinda mumoyo mangu. Ndiye Mwanakomana waMwari! Zvivi zvangu zvaenda, pane chimwe chinhu chaitika kwandiri.” Maona? Hezvoka izvo. Ndiko kutaura mune...

“Tinonzwa sei munhu wese nemutauro wedu?”

¹¹⁹ Toti, ko dai isu vanhu vekuIndiana taitaura mutauro wakasiyana nevanhu vekuKentucky, uye Hama Banks vari vekuKentucky? Uye vaitaurawo mumwe mutauro wakasiyana zvino, uye pano tinovireva kuti vaisagona kutaura mutauro wekuIndiana. Zvino vobva vasimuka ipapo vachitaura mu—mumutauro wekuIndiana, uye tichiziva kuti havauzive. Maona? Uye tovanzwa nemutauro wekuIndiana, vanofunga kuti vari kutaura nemutauro wekuKentucky. Vari kungopupura kuti, “Mwari ngavarumbidzwe! Jesu akamuka kuvakafa. Hareruya!” asi tiri kuvanzwa nemutauro wekuIndiana.

¹²⁰ Ndizvo zvazvaiva paZuva rePentekosti. Maona? “Tinonzwa sei munhu wese,” munooona, “tarira, ava vose vari kutaura havasi vaGarirea here,” munooona, vekuKentucky? “Uye ko isu vekuIndiana, Ohio, neIllinois, uye neMaine, uye neMassachusetts, nevekuCalifornia, tiri kumonzwa sei nemutauro wedu watakaberekwa nawo?” Mabata pfungwa yacho? Munooona, kufemerwa ikoko. Munooona, kufemerwa kwavari kwekuti vanzwe, kufemerwa kwavari.

¹²¹ Munooona, mharidzo...nyaya yacho ndeyekuti, huchapupu hwekumuka kwaJesu Kristu. Munooona, ndizvozvo. Zvino, kana Mwari vakasararama Hupenyu ihwohwo mauri, zvisinei kuti inopupura nezvaHwo zvakadini, zvakadaro hauna kuHuwana. Maona? Ndizvozvo. Kuti inogona sei...

¹²² Pane mumwe mubvunzo here zvino? [Hama Roy Roberson vanoti, “Zvino, Hama Branham, ndinofunga kuti takazviona zvichiitika mumutsara wekunamatirwa, musikana uya wechiSpanish.”—Mupepeti] Hongu. Zvakanaka chaizvo, Hama Roy. Kwaiva uko—uko chaiko kwandiri kuenda zvino, kuBeaumont—Beaumont. Yaiva Beaumont here? Hongu, changamire.

¹²³ Zvino, mutsara wekunamatirwa wakamiswa. Paiva nemumwe musikana mudiki wechiSpanish akauya papuratifomu. Zvino, kutaura chokwadi, ndinotenda kuti ndaingende ndichitobuda, handizvo here? Howard aindibuditsa panze, uye—uye uyu...Nda—nda—ndakanzwa mumwe munhu

achichema, aive musikana mudiki wechiSpanish ipapo, oo, angangoita makore 15, 16 okuberekwa, ndizvozvo... angori mwana. Uye—uye ndakatarisa, zvino ndiye aiva nekadhi rokunamatirwa raitevera dai ndakaenderera mberi. Ndaiva nevakawanda kumusoro ikoko, ndiye aiva nekadhi rekunamatirwa raitevera. Ndakati, “Muunzei kuno.” Saka vakamuunza. Ndakanga ndiri kuenda kune mumwe musangano, zvino ndakati, “Muunzei kumusoro kuno.”

¹²⁴ Saka, ndakazoziva, ndakataura kwaari chimwe chinhu chakaita sekudai, “Zvino, uchatenda here? Kana Jesu akandibatsira kuti ndikuudze zviri kukunetsa, uchatenda here kuti—kuti Achakupodza?” Zvino akangoramba akatsikitsira musoro wake. Ndakafunga kuti anofanirwa kunge ari matsi uye ari mbeveve. Maona?

¹²⁵ Saka pandakatarisa zvakare, ndakati, “Kwete, haatongokwanise kutaura Chirungu.” Saka vakawana muturikiri kuti auye ipapo, zvino ndakati, “Uchatenda here?” Zvino akagutsurira kune... Zvino aigona kunzwisisa kuburikidza nemuturikiri, hongu. Maona?

¹²⁶ Zvino, ndakabva ndati... Zvino ndakatarira ndikaona chiratidzo. Ndikati, “Ndiri kukuona wakagara pachoto chechinyakare neketero huru yakaremba ipapo, izere nemiguri yechibage cheyero. Iwe o-...” Munozvirangarira here, Hama Roy? Ndakati, “Wakadyisa chibage ichocho. Uye pawakadaro, wakarwara zvakanyanyisa amai vako ndokukuisa pamubhedha zvino wakatanga kugwina nepfari.” Zvino ndakati, “Wakave nadzo kubvira ipapo.”

¹²⁷ Ndokubva atendeukira kumuturikiri akati kwaari nomutauro wake iye, “Ndafunga kuti havagoni kutaura Chirungu... kana kuti kutaura chiSpanish!”

¹²⁸ Zvino murume uyu ndotendeukira kwandiri akati, “Hamuna kumbotaura chiSpanish, handiti?”

¹²⁹ Ndikati, “Kwete.” Saka takatarisa parekodha, ndokumisa marekodha, chaive Chirungu zvirokwazvo.

¹³⁰ Asi muturikiri akabva ati, “Ndiudze zvavataura zvino.” Munooni, aitofanira kuwana dudziro yacho. Akati, “Ndiudze zvavataura.” Zvino musikana akataura mashoko mamwe chete kwaari achimupindura, iye ndokuataura zvakare.

¹³¹ Zvino, akandinzwa mumutauro wake waakaberekwa nawo, zvino ini ndaitaura neChirungu. Akazvinzwa muchiSpanish. “Tinonzwa sei munhu wese nerurimi rvedu pachedu rwatakaberekwa narwo?” Mwana ndokubva apodzwa. Munooni, ndizvozvo, mabasa anoshamisa aMwari.

[Imwe hama inobvunza, “Zvino mudziyo wakatakura Mweya Mutsvene hauzo... uchangova mudziyo, uye Uyo anouzadza anogona kuuzadza neizvo iYe...?”—Mupepeti]

¹³² Chero chii chaanoshuvira iYe, ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Uye ipapo tarisai kuti wakazadzwa nei, wobva waziva kuti une Mweya Mutsvene here kana kuti kwete, zvino. Maona? Ingotaraisai kuti wakazadzwa nei. Kana mu—kana mudziyo uzere netsvina, saka hausi mudziyo waMwari. Asi kana wakazadzwa nezvachena, zvino mudziyo waMwari. Munoono zvandiri kureva? [Hama inoti, “Uye mudziyo, pane dzimwe nguva apo mudziyo iwoyo unoshandiswa uye ukasazivikanwa, ukasazivikanwa panguva iyo, yawakashandiswa?”—Mupepeti] Oo, chokwadi. [Hama inopa chapupu.] Uh-huh. Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo, chokwadi. Oo, isu tose, tinozviona. Ndakazviona kakawanda. Hongu, changamire. Hongu, changamire. Isu tose. . . Tinoziva kuti tinoziva zvinhu izvozvo.

Ndinotenda kuti wanga uri wenhamba 4: **Ko vese—ko vese vanhu vakazadzwa neMweya Mutsvene vanozotaura nendimi here gare-gare? Ndinooona apo Pauro akati, “Ndinotaura nendimi kazhinji kupfuura—kupfuura vamwe vose.”**

Zvino, zvandinofunga zvino, kupedzisa mubvunzo wehama:

Pauro, achitaura nendimi kudarika vose.

¹³³ Pauro aive murume akangwara, aiziva mitauro yakawanda, pachake. Munoono, aigona kutaura ne. . . iye. . . Rangarirai paaipinda pakutongwa, aigona kutaura nerurimi rwerudzi urwu kana rurimi rwerudzi urwo, kana chero zvarwaiva. Zvino idzi indimi dzisingazivikanwe kuvanhu, asi dzaisava dzekufemerwa. Yaiva mitauro yekutaura, munoono. Asi. . . uye. . .

¹³⁴ Asi ndinotenda kuti munhu akazadzwa neMweya anogara pasi peartari yaMwari, pasina kupokana, gare-gare, achava nechitiko chekutaura nendimi, nekuti ndicho chimwe chezvinhu zvakaderereswa uye zvidiki zviripo maringe nerondedzero yaPauro. Kana ukazviisa muhurongwa hwazvo, ndicho chinhu chekupedzisira pamutsara wezvipo, munoono, ndiko kutaura nendimi.

¹³⁵ Asi zvino, kutanga, unobhabhatidzwa. . . Hezvi, mumwe nemumwe wenyu mese muri zvipo. Ini ndiri kunze. Zvino, “NeMukova mumwe, Mweya mumwe,” mukova mumwe unopinda mukamuri *ino*. Ndizvo here? Zvino, handikwanise kuuya nenzira *iyu*, handikwanise kuuya nenzira *iyi* nekudzoka nenzira *iyu*. Maona? Ndinopinda sei mukati *umu*? NaHama Roberson? Kwete, changamire. Kutu, zvino, toti, naHama Leo here? Kutu vanenge vari chipo chekutaura nendimi, munoono, ndinopinda kubudikidza naLeo here? Kwete, changamire. Huh. Saka, ndinopinda sei? “NeMukova mumwe chete, neMweya mumwe chete.” Mweya haungori wese uri ndimi. Kwete. Maona? Munoono, “NeMweya mumwe chete ndakabhabhatidzwa muMutumbi uyu.”

¹³⁶ Zvino, *uyu* Mweya, *imi* mose muri zvipo. Unoti, “Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe!” Ndichaenda uko uye, ndoti, havo—havo Hama Wood, ivo minana. Maona? “Oo, ndakaita munana. Ndinoziva kuti ndine Mweya Mutsvene nokuti ndakaita munana.” Kwete kuti “nemunana” mumwe tose takabhabhatidzwa muMutumbi.

¹³⁷ Toenda kuna Hama Junie zvino, ivo ndivo ruzivo, “Zvinoka, zvinoka, ndine zivo yeBhaibheri! Vakomana, ndinokuudzai, ndinoziva kuti ndine Mweya Mutsvene nekuda kwazvo.” Kwete, iyowo zvakare haisi nzira yekupinda nayo.

¹³⁸ Zvakanaka. Kwete naHama Leo, kwete naHama Wood, kwete—kwete naHama Junie. Maona? Kwete. Asi nechii chimwe? [Ungano inoti, “Mweya!”—Mupepeti] Zvakanaka. Ndakabhabhatidzwa muMutumbi uyu, zvino ndapinda mauri, zvino Baba vari kuzondishandisa kupi? Maona? Zvaitika kuti Leo anga akangogarawo pedyo nemukova; pasina kupokana ichi chaizova chimwe chezvinhu zvekutanga chaizoitika. Asi zvinogona kusava izvo. Ndinogona kunge ndakapfuma zvakananyanya muMweya, zvekuti ndaigona kuenda kuno chaiko kuna Hama Wood, ndopfuura zvimwe zvose. Haukwanise kundiudza zvino kuti handina Mweya Mutsvene, nekuti ndiri muMutumbi uyu nerubhabhatidzo. Asi Mwari havana kumbondiunza muno kuti nditi, “Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe, regai ndigare zvangu pasi zvino, ndodekara zvangu, ndiri kuenda Kudenga.” Huh! Munoono zvandiri kureva?

¹³⁹ Asi ndinogona kudzokera chaiko ndichibva apa, ndichidzokera chaiko kuenda uko. Munoono zvandiri kureva? Ndinogona kubva kune rimwe divi kuenda kune rimwe, kana kuti ndinogona kuenda pakati, kana chero kupi zvako. Asi chimwe chinhu chichaitika, chimwe chinhu chinofanira kuitika. Uye chii? Norubhabhatidzo rweMweya rwonondiratidza kuti ndiri muMutumbi, “NoMweya mumwe chete.” Manzwisisa here, hama, pano? Zvakanaka! Ndizvo here? Zvakanaka.

112. Ndimi nezviporofita zvinoshanda muhurongwa hupi munguva yeshumiro (Hazvifanire kushandiswa zvachose panguva yeshumiro! Munoono?) **kupa Mwari rumbidzo** (Kwete zvachose!), **nekusimudzira chechi? Ndinoziva kuti vanhu vanoti mweya wemuporofita—ndinoziva—ndi—ndinoziva...** (p-... Ndinofungidzira kuti... Kwete, ruregerero, range riri “Bhaibheri,” B-h-a-i-b-h-e-r-i. Ndatanga p-e-p-l-e kana zvimwe zvakadaro. Kwete.) **bha—Bhaibheri rinoti, “Mweya wevaporofita uri pasi pemuporofita.”** (Chaizvo.)

¹⁴⁰ Kutaura nendimi mumweya nekuporofita ndezvekusimudzira chechi, asi zvine shumiro yazvo pachazvo. Maona? Hazvivhiringidze chero bedzi muporofita wechechi

ari. . . musangano uri muhurongwa. Maona? Hazvitombofaniri kuvhiringa musangano.

¹⁴¹ Zvino, munoono, “mweya wevaporofita.” Ti—tine mumwe mubvunzo zvino, ngatisiyei iwoyo kwechinguvana. Munoono, nzira chaiyo yeizvi. . . kushandisa zvipo izvi. . . Zviri kupindura zvipo zvakawanda, munoono. Kana tasvika kwazviri tichati tazvipindura mune uyu wekutanga, munhu uyu pane uyu apa. Maona? Ndiwo nhamba 5:

Ndimi nezviporofita zvinofanira kushandiswa munguva yeshumiro kurumbidza Mwari here?

¹⁴² Munoono, zvino, mushumiri. . . kana mushumiri akazodzwa naMwari, uye kereke iri muhurongwa, zvino, nzira chaiyo. . . Vazhinji venyu munoziva kutaura kwanda—ndakaita nemi pamusoro pekuti “zviisei muhurongwa.” Zvipo izvi zvinofanirwa. . . Zvino, hezvinoi zvatichaita mutabhenakeri, Ishe vachitendera. Zvino, ndiri kutarisa, ndiri kuona chimwe chinhu, ndichisiya Hama Neville nedzimwe hama idzi dziri muhurongwa. Zvino uri. . . Uye apo vazhinji vehama idzi ihama dzechidiki.

¹⁴³ Zvino, ndiri—ndiri mhare yakare ku—kudarika imi mose muNzira iyi. Ndava nemakore 31 ndiri maMri. Aiva anenge makore 30 akapfuura pandakaisa dombo riya ipapo. Ndakatotarisa nezvinhu zvose zvandaifanira kutarisana nazvo, uye unotofanirwa kunge uchiziva zvauri kutaura nezvazvovo, zvakare, kana wasvika kwazviri. Hazvingoda kuti uzive izvozvo chete, ngavave vari Mwari ipapo vachizvitsigira kana wapinda—kana wapinda nemazviri.

¹⁴⁴ Zvino, nzira yakanakisa ye—yekuita izvi zvino, munogona kuva nemusangano wakatsaurwa. Ndinotenda kuti ndizvo zvavakaita muna VaKorinde Vokutanga 14 ipapo, “Chimwe chinhu chikazarurwa kune mumwe agerepo, mumwe wacho ngaanyarare zvino.” Ndinotenda kuti waiva “musangano wakatsaurwa wezvipo,” izvo zvingava zvakana. Kana vachida kuita musangano wakatsaurwa apo vanhu vose vane zvipo vaisangana kamwe chete pavhiki, avo vane zvipo, uye uyoya muchechi, zvingava zvakana. Ngavave nemusangano iwoyo, hapana. . . pasina kuparidza, ndewezvipo zveMweya.

¹⁴⁵ Hausi wevekunze nevasingatendi. Vaipinda, vogara pasi, voti. . . Mumwe osimuka otanga kuti, “ah-ah,” kutaura nendimi; mumwe wacho oti, “wha-ah.” “Yowee zviiko izvi!” Vaizopinda uye voti, “Kuimba kwacho kuri kupi? Zvimwe zvacho zvose zviripi?” Maona?

¹⁴⁶ Asi, zvino, ava vari kutaura nendimi, vazhinji vavo (nokududzira, nezvimwe zvakadaro) vacheche muVhangeri. Maona? Musa—musavagumbura, vasiyei—vasiyei vakure kusvika chipo ichocho. . . Zvimwe zvacho, unogona kuona kuti Satani anoedza sei kupinda mune zvimwe. Chokwadi, mhare

dzekare, ti—ti—tinovviona. Munoono, tinogona kuzvibata, uye munovviona.

147 Pano kasiri kare mumwe mushumiri, agere pano chaipo zvino, akauya kwandiri uye akandiudza ndokundiunza kumba kwake, hama inokosha zvikuru.

148 Handizvitaure nokuti vakagara pano, asi imi mose muri hama *dzinokosha*. Dai ndanga ndisingafunge izvozvo, ndaikuudzai, “Toita kuti ini nemi tigadzirise nyaya iyi pakati pedu, kutanga.” Maona? Ndizvozvo. Maona? Ndinokudai mose, uye ndiri pano chete mumweya wemoyo murefu kuBhaibheri, munoono, kuti—kuti ndibatsire. Maona?

149 Hama iyi yakandiendesa kumba kwavo kune...mumwe mudzimai, zvino mudzimai iyeye aikanganisa. Uye izvi... Handina kumboona mudzimai uyu asi ndakazvinzwa patepi, iye achipa dudziro yendimi, uye achitaura chimwe chinhu. Waigona kuzvibata ipapo chaipo.

150 Rimwe zuva, kune mumwe mushumiri, neni, nezvemunhu mumwe cheteyo, takagara pachigutsa, tichivhima tsindi, ndokutaura nezvazvo. Zvino vashumiri vose vari vaviri, vari pano zvino, vanoziva kuti zvakazofamba sei. Munoono, kungoti, unotarisa.

151 Kana imi vashumiri muchigadzirisa mumwe munhu pamusoro pechipo, kana muchivagadzirisa, muchivagadzirisa neMagwaro, uye vobva vagumbuka, rangarirai, wanga usiri Mweya waMwari, nokuti Mweya waMwari haugoni kugumburwa neShoko raVo. Vanouya kuShoko raVo. Munoono, anogara achida. Mutsvene chaiye waMwari anoda kutevedzera mirairo sezvairi. Hongu, changamire.

152 Ndinoda kugadziriswa. Ndinoda kuti Mweya Mutsvene undigadzirise muzvinhu zvandiri kuita zvisiri izvo. Handidi chinhu chinotsiva. Ndi—ndinoda chinhu chaicho chechokwadi kana kuti ndorega zvangu, ingondisiya ndakadaro, usa—usandipa chero chii zvacho zvachose. Maona? Nekuti ndingasva hangu ndaita izvozvo pane kuunza kuzvidzwa pana Kristu.

153 Uye hapana chandingadzidzise uye hapana chandingazotaura kunze kweRugwaro... .

154 Zvino kana imwe hama, imwe hama yeChikristu yaizondiona ndichidzidzisa chimwe chinhu chisicho, ndingazviyemura kana mukandidana parutivi mushure meshumiro, uye moti, “Hama Branham, ndinodawo kuuya mukamuri yenyu kuzotaura nemi, muri kukanganisa pane chimwe chinhu.” Maona? Zvechokwadi ndinga—ndingazviyemura, hama, nokuti ndinoda kuve ndakarurama. Ndinozvida.

155 Zvino, isu tose tinoda kururama, ndokusaka tichida ku—tichida kutaura zvinhu izvi. Uye zvinofanira kuuya kubudikidza

nemuMagwaro, munoona, kuita kuti Magwaro abatane pamwe chete.

¹⁵⁶ Zvino, kutaura nendimi kunofanira kuva . . . Zvino, pamberi apo zvishoma . . . Zvino, regai zvakadaro, kwechinguva. Munoona, ndingatira imbozviregai zvakadaro uye mosiya zvakadaro. Kwamuri vashumiri zvino, imi vafundisi, ingoregai zvakadaro kusvika vacheche ava vati kurei zvishoma. Zvino, zvichida, pamberi apo, kana ari muvengi ari kuedza kunyengerera munhu iyeye, zvichaoneka. Hatina chokwadi chaicho.

¹⁵⁷ Zvino, mushure meizvi, musati matanga izvi, wanai mweya wehuchenjeri imomo, kumwe kunzvera kwemweya, munoona, kuti muzive. Chinhu chekutanga, munoziva, munotanga kuona kuti mumwe munhu atanga kuona kuti pane chimwe chinhu chidiki chakatsveyama, ndiko kunzvera. Zvadaro, zvino zvirerei kwechinguva chiduku. Maona? Zvino kana mukaona kunzvera kuri kukanganisa, chibvai makugadzirisira. Uye kana chinhu ichocho . . . kana chiri chaMwari, anobvuma kugadziriswa neShoko. Maona?

¹⁵⁸ Toti, semuenzaniso, ndichati takataura nendimi, mumwe munhu, tiri . . . iri iboka revanhu va—vane zvipo. Zvino Leo osimuka otaura nendimi; zvino, uye hama iri apa, Willard, vopa dudziro. Zvakanaka. Zvino, ndinoda kuti Hama Neville naHama Junie naHama Willard Collins ndivo vanga vari vanzveri, munoona. Zvino, nokuti Leo ataura . . . Zvino, tinongova muno semumusanganano mudiki wevatsvene, musanganano wezvipo, zvino Leo otaura uye Willard opa dudziro pano, zvino oti, “ZVANZI NAJEHOVHA! ‘Chitatu manheru kuchauya mumwe mukadzi muno uye achange—achange achirwisa zvine simba kwazvo. Udza Hama Branham kuti varege kumutsiura, nekuti anorwara nepfungwa. Asi vaudzei kuti vaende naye mukona, nekuti maiva mukona maakaita chinhu chakaipa pane imwe nguva uye chimwe chinhu chikaitika.’” Maona? Izvozvo zvinonzwika sezvakanaka, hazvidaro here? Maona? Zvakanaka.

¹⁵⁹ Zvino, asi chinhu chekutanga, munoziva, muRugwaro Rwekare, zvisinei kuti muporofita akati chii kana kuti ani zvake akati chii, zvaiedzwa neUrimi Tumimi, kutanga. Munoona, zvaienda kuShoko. Uye kana zviedza izvozvo zvisina kupenya, vaizvisiya zvakadaro. Maona?

¹⁶⁰ Uye chinhu chekutanga, zvino, ngatizvidzoserei kuShoko. Zvino, murume *uyu* ataura nendimi, zvikanzwika sezvakanaka. *Uyu* adudzira, zvikanzwika sezvakanaka. Asi Shoko rakati, “Ngazviiyerwe nevaenzanisi 2 kana 3, kutanga.” Endai nazvo kuUrimi Tumimi.

¹⁶¹ Zvino, chinhu chekutanga, Willard Collins anoti, “Zvanga zviri zvaShe.” Junie anoti, “NdezvaShe—Ishe.” Ndivo 2 kubva mune 3. Zvakanaka, zvinonyorwa pabepa, zvinotaurwa muno chaimo muchechi muno. Zvino kana vanhu vano zviona

zvichiverengwa zvisati zvamboitika, uye vobva vaona zvichiitika, vanoti, “Hama, ndiMwari! Munoono, ndiMwari!”

¹⁶² Asi ko kana zvikasaitika, zvino chii chinoitika? Maona? (Zvino tave kusvika kune chimwe chinhu chandinogona kurovedzera pano chaipo, “Ko chiporofita chese zvizere... dzese dudziro nendimi chiporofita here?”) Zvino, chimbomirai zvishoma. Zvino, ko kana zvikasaitika? Saka *Leo* akataura mumweya wenhema; *uyu* akapa dudziro yenhema; uye *imi* mukanzvera zvenhema. Zvino bvisai chinhu ichocho mamuri. Hamudi izvozvo. Zvakaipa. Zvisiyei zvakadaro. Ndidhiyabhore. Maona? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “*Ini* handisi muparidzi, asi ndiri mu—ndiri mududziri. Munoono, ndiri mududziri, Ishe, ini—ini handisi muparidzi. Ini...” Hama *Leo* voti, “Ishe, handisi muparidzi, asi ndi—ndine chipo chendimi uye dhiyabhore akandivhiringa pachiri. Mwari, bvisai chinhu ichocho kubva pandiri.” *Imi* munoti, “Ishe, Makandipa mweya wekunzvera, uye ndakaKuonai muchizviita kakawanda kwazvo, zvakaaitika sei? Baba, ndichenesei! Chii chakaaitika?” Munoono, hezvoka izvo, zvino wanyatsozvibata chaizvo.

¹⁶³ Munoono, ndiwo musangano wevatsvene wemazuva ose. Ndinofunga kuti ndizvo zvazvaiva muBhaibheri, nokuti Pauro akati, “Kana mumwe akaporofita uye chimwe chinhu chichiporofitwa, chimwe chinhu chichi... uye chimwe chinhu chozarurirwa kune mumwe agere; ngaanyarare kusvikira uyu ataura kutanga, ochibva azotaura. Uye imi *mose* munogona kuporofita muchiita mumwe mushure memumwe.” Zvino, izvozvo hazvingagoni kuve mumusangano wemazuva ose, munozviziva izvozvo, mumwe nemumwe haagona kupa.

¹⁶⁴ Zvino, kuva nechokwadi chokuti ndezvaMwari, munoono, nokuti kana hungori hupenzi hazvisi zvaMwari. Kana zvikasaitika, hazvisi zvaMwari. Maona? Zvinofanira kuitika. Uye—uye naizvozvo mumakereke edu, munoono, hama, tine chechi yakasimba zvino, munoono, apo pasina munhu anogona kutaura kuti chero chambotaurwa kana kuitwa...

¹⁶⁵ Tarisai zvazvinondiisa pazviri, kana ndiri kumusoro uko pamberi peruzhinji. Tarisai izvozvo! Ko mhosho imwe zvayo pane izvozvo? Maona? Nokuti ndinovimba naVo. Maona? Ndinovimba naVo. Mumwe munhu anoti, “Munoty a kukanganisa here, Hama Branham?” Kwete, kwete, uh-huh, handityi kukanganisa. NdinoVatenda. Ndivo Chengetedzo yangu. Ndakagadzwa kuita izvi saka ndichagara ipapo chaipo.

¹⁶⁶ Kana Mwari vakakugadza kuti uite chimwe chinhu, saka ndiVo Chengetedzo yako. Munoono, Vachakuchengetedza. Kana Vakakutuma, Vachatsigira shoko rako. Uri mumiririri zvino. *Uri* mumiririri ane chipo chendimi; *uri* mumiririri ane chipo chekududzira; *uri* mumiririri ane chipo chokunzvera; 3 venyu. Munoono zvandiri kureva? Zvino chii chamunacho? Mune

chechi yakasimba. Hamungambotyi. Ndakamira, hongu, nezuro chaiye . . .

¹⁶⁷ Pano, ndaive ndiri mumusangano zasi uku. Mumwe mukomana mudiki weChirungu wekuEngland akauya kuno, akanga achiedza kuzviuraya. Hama Banks vakauya ikoko ndokuti, “Akanga ari zasi ikoko mazuva 4 kana 5.” Ndakanga ndine zvinhu zvakawanda zvekuita, asi vakati, “Mukomana wacho ari kuzozviuraya.” Waterview Hotel zasi ikoko vaindiudza nezvechinhanu chemukomana iyeye.

¹⁶⁸ Zvino ndakapinda mukamuri kuti ndinomunamatira. Ndakabuda panze uye ndikati, “Zvino, Hama Banks, handisati ndamboona murume uyu kana kuziva chinhu pamusoro pake, asi ndichakuudzai zviri kumunetsa ndisati ndasvika ikoko.” Ndizvo here, Hama Banks? Zvino patakasvikapo, Mweya Mutsvene wakanyatsodzika pasi ndokumuudza zvakazvikonzera nezvose pamusoro pake, uye nekwaakambenge ari nezvese zvehupenyu hwake. Akapotsa, angodonha.

¹⁶⁹ “Munoty a kukanganisa here, Hama Branham, munoudza munhu chinhu chakadaro?” Ko papuratifomu, woudza murume kuti ari kurarama zvisina kutendeka kumudzimai wake, ane mwana nemumwe mukadzi? Anokukandira mujeri. Itova hako pachokwadi! Maona? Maona? Usatya, kana vari Mwari. Asi kana usingatyi . . . Kana—kana usingazive kuti ndiMwari, ipapo nyarara hako kusvika waziva kuti ndiMwari. Ndizvo here? Iva nechokwadi pazviri woenderera mberi hako.

¹⁷⁰ Zvino, uku kudzidzisa kwakaoma, hama, asi muri hama dzangu. Muri—muri—muri vashumiri vechidiki vari kusimuka, uye ini ndava mutana, ndiri kuenda rimwe remazuva ano. Maona? Uye saka ivai nechokwadi chekuti ndizvo—ndizvozvo chaizvo.

¹⁷¹ Achibuda mukamuri me . . . Pamwe ndichabata izvi pava paya kumusoro kuno. Mumwe mukomana . . . Zvino, ndichataura chikamu chazvo zvino. Nezuro, Hama Banks neni, tichishanda chaizvo, tainge (oo, ini zvangu) zvakasimba nepandaigona napo, zvino ndicha—ndichakuudzai zvandainge ndiri kuzoita pamusangano uyu. Leo naGene neboka redu tainge tiri kuzoenda ikoko, nehama, uye toti taienda kunovhima nguruve, kunovhima njiri. Vane mazuva 5 ekuvhima nguruve dzejavelina, muArizona, mushure mekunge musangano wapera, musangano wedu wavhara. Tinoenda kuPhoenix kwezuva 1, uye tofanira kumirira mazuva 5 tisati tava nemumwe, mazuva 4 vasati vaita mumwe musangano wekumwewo. Tinofanira kunge tiri ikoko chaiko kuArizona. Zvino, zvinoitika kuti panguva iyoyo chaiyo mwaka wenguruve yejavelina unenge wakavhurika.

¹⁷² Saka ndaida kenda kunopfurisa pfuti yangu duku, kuti ndione kana yainge yakaringana. Banks ainge ari kuenda neni. Takatanga kubuda nepagedhi, ndokutanga kubuda nepagedhi.

Hepanoi pachiuya mumwe murume achitopinda, nepamusoro pechiziviso ichocho (munoona, chaiti, “Tapota musakumbire kuona Hama Branham”).

173 Munoona, chikonzero vachiita izvozvo... hazvisi zvevanhu vanorwara. Ini zvangu, uye kumba uku, bvunzai Banks, anogara pedyo neni. Vanhu vanouya, siku nesikati nezvimwe zvose, nevana vanorwara, zvose hazvo. Hatirambire munhu saizvozvo. Asi...

174 Zvino vakandidaidza, Leo nevamwe, kubva kunze ikoko patirera, naJim nevamwe, “Pane mumwe munhu pano ane mwana ari kurwara. Uye nemumwe murume ari pano ane kenza.” Tinoisa zvese parutivi uye toenda kwaari.

175 Nezuro manheru ndakadaidzwa mukamuri yechipatara uko mumwe munhu akandidana, uye murume wacho aisatombonditendera kuti ndipinde mushure mekunge ndasvikako. Munoona, mumwewo munhu akangofarisa. Asi zvakanaka, ndinoenda zvakadaro. Maona? Nekuti ibasa rangu rekuenda, munoona, uye kuedza kubatsira mumwe munhu.

176 Zvino, handizvo zvinorevera chiratidzo ichocho. Asi murume uyu, patakanga tava kupinda mumota, uye Hama Banks vanoziya kuti ndaitofanira kudaro... Ndakamira mumba imomo neimwe nzira. Pakava nemumwe munhu akauya kwaHama Banks akavanonotsa. Zvino ndichangosvika ikoko, pane zvakandimisa. Zvino tichangotora pfuti yedu kuti tichinopinda mumota, hepanoi ndokuuya mumwe murume achifamba achitopinda. Akafamba ndokusvikapo.

177 Zvino ndanga ndichitogadzirira kumuudza kuti buda ufonere nhamba iyo iri panze apo (paBUtler 2-1519) pamusoro pechiratidzo ichocho. [Nhamba dzenhare dzakachinjwa.—Mupepeti] Ndakati, “Tiri mukumhanya.”

Akati, “Ndinodaira kuti muri mukumhanya, changamire.”

Ndakati, “Zita rangu...”

178 Chekutanga ndakafamba ndichiendapo, akati, “Makadini?” Zvino ndakaona kuti akanga asingazive kuti ndini ani.

Ndakati, “Zita rangu ndiBranham.”

Akati, “Ndimi Hama Branham?”

Ndikati, “Ndini.”

179 Uye akati, “Ndi—ndiri... Ndaida kusangana nemi, Hama Branham.” Akati, “Ndiri kuona kuti muri kugadzirira kusimuka.”

Ndikati, “Hongu, changamire, ndiri.”

Akati, “Ndinoziya kuti muri mukumhanya.”

Ndikati, “Nditori iko zvino, changamire.”

180 Uye akati, “Zvakanaka, ndanga ndiri kongoda kutaura nemi kwemaminetsi mashoma.”

181 Zvino ndanga ndiri kuzongomuudza; Mweya Mutsvene ndokuti, “Enda naye mukamuri, unogona kumubatsira.” Zvino, ipapo, zvinoshandura zvinhu zvose. Pfuti inongoiswa parutivi, uye nezvose saizvozvo, basa raMwari ndiro rinotanga. Maona? Zvino akati . . .

182 Ndakati, “Huyai, muende neni.” Ndakati, “Ndichadzoka mushure mechinguva, Hama Banks.”

Akati, “Ndezvemweya wangu, Hama Branham.”

Ndikati, “Zvakanaka, pindai.”

Ndakapinda nemumba, Meda akati, “Hausati waenda nazvino?”

183 Ndikati, “Kwete, kwete, kwete, pane mumwe munhu kunze kuno.” Ndikati, “Ita vana vagare seri mune imwe kamuri.” Ndakaenda naye mukamuri diki yepakavanda, ndokugara pasi. Pasina nguva tagara pasi . . .

184 Murume uyu ainge ari muchechi nezuro manheru. Kana kuti akauya here, Banks? Waka . . . Hongu, zvino, aifanira kuuya nezuro manheru. Ainge akango . . .

185 Chinhu chekutanga, Mweya Mutsvene wakatanga kumuudza kuti aiva ani, zvaakanga aita, zvakaitika kudzika nemuhupenyu hwake, zvose pamusoro pazvo, munoona, ndokungoramba uchipfuurira mberi, uchimuudza zvose. Banks ndiye chapupu. Haana kumbovhura muromo wake ndokungotaura anenge mashoko 2 kwandiri; zvino hapo Uchiuya uchimuudza, ukati, “Wange uri mudzengereri, chaizvoizvo unogara muMadison. Uchangobva kuEvansville, Indiana. Wange uri zasi ikoko muchikoro ichi cheBhaibheri, boka rinotenda zvakatsauka, ndokuvhiringika. Uchangouya kuLouisville maminetsi mashoma apfuura. Panga pane mumwe murume, uye mumwe murume akuudza (wawagara ndokudya naye), akuudza kuti uuye kuno kuzondiona uye ‘aizokugadzirisa kubva mudambudziko.’” Ndikati, “IZVANZI NAJEHOVHA!”

186 Murume uya akangogara, achibwaira-bwaira maziso ake, akanditarisa, akati, “Hongu, changamire!”

Ndikati, “Zvakushamisaka, hazvina here?”

Akati, “Zvadaro.”

Ndikati, “Unotenda Mweya Mutsvene here?”

Akati, “Ndiri kutoda, changamire.”

187 Uye ndikati, “Unoda kuti ndikuudze zvauri kufunga nezvazvo here?”

188 Akati, “Hongu, changamire.” Zvino ndakamuudza. Akati, “Zvino, hamaka, ichokwadi.”

Ini ndikati, “Shandura pfungwa dzako.”

Akati, “Zvakanaka, ndadaro.”

Ndikati, “*Izvi* ndizvo zvauri kufunga nezvazvo.”

Akati, “Ndizvozvo! Ndizvozvo!”

¹⁸⁹ Ndikati, “Zvino, haudi chiratidzo, unongoda kutwasanudzwa.” Uye ndakamuudza chimwe chinhu ipapo chawaisazoda iwe kuti nditaure. Dai chaive pauri, hawaimboda. Chimwe chinhu chakashata chaityisa, saka waisamboda kuti ini ndizvitaure kana dai chaive chiri pauri. Uye handitauri zvandinoratidzwa naShe pavanhu. Saka ndakangoti, “Zvakanaka, uchazviita here?”

Akati, “Ndichadaro.”

Ndikati, “Chienda zvako.”

¹⁹⁰ Takavemo maminiti asingadarike 10, handizvo here, Hama Banks? Angaita, pakati pemaminiti 7 ne 10. Takafamba tichibuda, ndokudzoka tichidzika nenzira, uye tichidzika nenzira, iye neni naBanks nekakomana kangu kadiki, Joe, ndinotenda kuti ndizvo, tichityaira pamwe chete, tichidzika nenzira. Akacheukira kwandiri, ndokuti, “Changamire, ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Ndikati, “Zvakanaka.”

¹⁹¹ Akati, “Ndati vhiringikei zvishoma.” Akati, “Maziva sei zvinhu zvese izvozvo zviri pamusoro pangu?” Maona? Banks aive akagara ipapo.

¹⁹² Ini ndikati, “Changamire, makambonzwa here nezvezviratidzo zvangu neshumiro yangu?”

¹⁹³ Akati, “Handina kumbobvira ndakaziva zita renyu kusvika inenge awa yapfuura. Mumwe munhu andiudza, angoti mhiri uko kuLouisville, andiudza kuti ndiuye kuno, ndichibva ndafamba ndichiyambuka bhiriji.” Ndizvo here, Banks? Akati, “Ndanga ndisingambozive zita renyu, kana kuziva kuti ndimi ani.”

¹⁹⁴ Ini ndikati, “Mushumiro yangu, chipo chaMwari chaVakatumira.”

¹⁹⁵ Akati, “Zvino kana zviri—zviri nenzira iyoyo,” akati, “zvino ndiri. . .” Akati, “Ndatongo. . .Ndatove raiti zvino,” akati, “zvinhu zvese zvaenda.” Maona? Akati, “Zvazviri, ndiMwari vanga vari kutaura kubudikidza nemi kwandiri.”

Ndikati, “Ndizvozvo chaizvo.”

¹⁹⁶ Akati, “Zvino, ndinonzwisisa muBhaibheri kuti. . .Imwe nguva ndakaverenga muBhaibheri uye, rikati, Jesu akataura kuvadzidzi vaKe,” avo vaaireva kuti “vanhu,” munoono. Akati, “Akataura kuvadzidzi vaKe uye Akavaudza zvinhu zvavaifunga nezvazvo.” Munoono, “achiona mifungo yavo” ndizvo zvaaireva

ipapo. Akati, “Uye Akati vaive Baba vaKe vaitaura kubudikidza nemaAri.”

Ndikati, “Ndizvozvo chaizvo.”

¹⁹⁷ Akati, “Zvino, zvino, Baba zvino vangokushandisai imi kutaura kubudikidza nemi kwandiri, kuti mundiudze zvinhu izvi, kundiita kuti nditende zvamandiudza kuva chiri chokwadi.”

Ndikati, “Changa chiri chokwadi here?”

Akati, “Hongu.” Akati, “Zvino vanofanira kunge vari Mwari.”

¹⁹⁸ Ini ndikati, “Hama, mave kuziva zvakawanda nezvazvo zvino” (ini naBanks taitaura hedu) “kudarika vamwe vange vari mumusangano kwemakore 10 uye nazvino havazive.” Murume iyeye—iyeye chete! Zvino, izvozvo ndizvo zvazviri. Maona?

Uye Mweya (muhurongwa) mundimi chiporofita chinofanira kushandiswa panguva yeshumiro here?

¹⁹⁹ Kwete. Chinofanira kushandiswa nenzira *iyi*, uye chobva *chazotaurwa* mushumiro. Asi panguva ino, panguva ino yazvino, ngavataure. Zvino, kana zvikasvika pakubuda mugwara, zvino hazvisi, unofanira kuzvitarisa izvozvo. Zvino, dzimwe nguva vanogona kunge vari Mwari. Uye vadiki ivavo, semwana mudiki ari kuedza kufamba, zvino, kana akadonha ka 4 kana ka 5. . . Zvino, ndakaona izvi kubva pandakanga ndiri muno muchechi, uye—uye, zvino, ndicha—ndichangozvisiya zvakadaro. Maona? Uye, asi, munoona, asi unoti chii nazvo, ungati here ipapo, “Hama Branham, sei musina kugadzirisa izvi?” Kwete, kwete.

²⁰⁰ Billy Paul kumashure uko paakatanga kufamba, aisimuka nekudonha, uye aidonha zvakanyanya kupfuura zvaange akamira. Asi akanga asingazivi mafambiro acho. Asi ndinotenda kuti aive nechipo chekufamba. Maona? Ndakamurega achifamba zvishoma. Zvino paakasvika pakupiringisha tsoka dzake huru, ndinomuudza nezvazvo zvino. Munoona zvandiri kureva? Maona? Achifamba akatarisa chimwewo chinhu uye achinopinda mune chimwe chinhu, ndinoti, “Simudza tsoka dzako, mukomana. Uripi?” Munoona? Zvino, ndiwo—ndiwo mutsauko, munoona.

²⁰¹ Zvino, vasiyei—vasiyei vagumburwe uye varegei vadzadzarike kwechinguva chiduku. Zvino, paunofanira kuti uvagadzirise, kana vakasazvifarira unobva waziva pachako kuti vanga vasiri Mwari. Nokuti Mweya waMwari unozviisa pasi. Sezvamuinazvo pano zvishoma, “Mweya wechiporofita unozviisa pasi pemuporofita.” Maona? Ndizvozvo.

[Hama Stricker vanoti, “**Hama Branham, ndingada kugadziriswa.**”—Mupepeti] Zvakanaka, hama. [“**Nguva zhinji ndakagara mumasevhisi uye ndikanzwa kutaura nendimi nekududzirwa, uye nguva zhinji ndakava**

nemanzwiro akaipa chaizvo pazviri. Uye ndoenda kumba zvino ndaiita sekunge ndaitendeuka nzira yese. Zvaiva nekuda kwekuti here ndainzwa sekuti zvanga zvisiri zvaMwari, kana kuti zvaiva nekuda kwekuti zvakanga zviri kunze kwehurongwa?"]

²⁰² Zvinogona kunge zvakadaro, hama, zvinogona kunge zvaive chimwe chazvo. Maona? Ndingati... Zvino, uyu ndi—uyu ndi William Branham, munooni; kusvikira ndapinda muRugwaro, handiti, achiri ini, munooni. Zvino, izvi ndingati, Hama Stricker, kuti zvingava chimwe chazvo. Zvinogona kuti zvakanga zviri kunze kwehurongwa; zvinogona kuti pakanga paine chimwe chinhu chakatsveyama pamuri; zvinogona kuti pakanga pane chakatsveyama pamunhu wacho; chimwe chinhu chakatsveyama nemashoko acho; kana chero chimwewo chinhu chingakukonzera kuita *manzwiro* akashata.

²⁰³ Zvino, zvino, regai ndingokubatsirai zvisihoma, Hama Stricker, pano. Maona? Nguva dzose... Musayera chero chii zvacho nemanzwiro acho icho, munooni. Chiyerei nehunhu hwacho, munooni; ungavei muchero wachinobereka, munooni. Nekuti dzimwe nguva...

²⁰⁴ Chokwadi, tinoona kuti pane zvinhu zvaunonzwa, manzwiro aye anotyisa. Ndinozviita ini pachangu, uye, vakomana, ndinotanga kubvapo ndichienda zviri—zviri nyore, munoziva. Asi handिताure chinhu. Ndinongozvisiya zvakadaro nekuti handizive kuti chingave chiri chii, munooni, kusvikira ndaziva kuti chii.

²⁰⁵ Zvino, sekutaura kunoita vanhu vazhinji, “Fiyuu! Hama, ndinoziva kuti ndine Mweya Mutsvene! Hareruya! Mwari ngavarumbidzwe!” Uye zvakadaro vasitorina Mweya Mutsvene. Vaigona kutaura nendimi, nezvimwe zvose, uye nokudanidzira nekutamba muMweya, asi zvakadaro vasitorina Mweya Mutsvene wacho. Nekuti mvura inonaya pamusoro pevakarurama navasakarurama. Hazvisi zvemanzwiro, zviri *nechibereko* chavo.

²⁰⁶ Toti pane... Munorangarira here chiratidzo changu chazvo? Kutu izvo... VaHebheru 6, munooni, “Mvura inonaya kazhinji panyika ndeyekuidiridzira, zvayakasimirwa, asi minzwa nerukato izvo zvava pedyo nekuraswa magumo azvo ndiko kupiswa.”

²⁰⁷ Pamusoro, ndichaita kuti mhengo shoma ipinde, ndinoziva kuti mese muri kuita muchirara uye nekuneta. Saka zvino, mirai, ndichatoti ndikurumidze kupinda mune iyi nekukasika zvisihoma kana kuti handizokwanise kupinda mairi. Iyi ine... Tave kwekuperdzisira kwa—kwayo yose, muchitsama ichi chaicho apa. Asi icha... Munooni, iyo...

²⁰⁸ Heuno mu—munda uzere gorosi. Uye mumunda iwoyo makadyarwa masawi, chaguduma, kana zvimwewo, masora.

Zvino, nguva yekushaikwa kwemvura yasvika. Zvino, sawi nechaguduma hazvinzwe nyota sezvinongoitawo gorosi here? Uye imhandoi yemvura ino...imvura yakatsaurwa inonaya pagorosi here neimwe mvura yakatsaurwa inonaya pachaguduma? Ndizvo here? Kwete, mvura imwe chete inonaya padziri. Ndizvo here? Mweya munwe chete unowira pamunyengeri unowira paMukristu, zvimwe chete. Asi ne “chibereko” chavo! Zviri kudzika here, hama?

²⁰⁹ Humbowo hweMweya Mutsvene ndicho chibereko chaWo, chibereko cheMweya. Zvakanaka, izvo...Saka, zvino, anoti, “Ndiri dzinde, ndiri chaguduma. Ndiri dzinde rakafanana nedzinde regorosi.” Asi imhandoi yehupenyu huri mauri? Hupenyu huri mariri hunobereka minzwa, kungogarokakavara nekuenderera, uye, “kungoita ruzha,” kuva nehutsinye nemoyo wakaiya, nezvose. Munoono zvandinoreva? Kuzvitutumadza, munoono, hachisicho chibereko cheMweya. Chibereko cheMweya hunyoro, kutsungirira, kupfava, munoono, zvose izvozvo. Maona?

²¹⁰ Anogona kuti, “Zvinoka, ndinogona kudanidzira nenzwi guru sezvaungaite. Mwari ngavarumbidzwe, Mweya Mutsvene unowira pamusoro pangu!” Ichocho chinogona kunge chiri chokwadi chese, asi hupenyu hwaanorarama hautsigire zvaari kutaura nezvazvo. Maona? Aingova sora, aingova sora kubva pakutanga.

²¹¹ Zvino, tinosvika pamubvunzo mukuru zvino, munoono, *pakusanangurwa*, munoono. Saka ndizvo...Unofanira kuva izvozvo. Zvinzwisisei izvozvo.

²¹² *Ivo* vaingova chaguduma kubva pakutanga; *uye* aingova gorosi kubva pakutanga. Saka kusanaya kwemvura kwakavepo; mvura ndokunaya pamusoro pevakarurama nevasina kururama. Zvakanaka, mazvibataka?

[Imwe hama inobvunza, “**Ko zvbereko zvemuparidzi, zvingadaro here...ari kuparidza Shoko?**”—Mupepeti]

²¹³ Kuti, muparidzi, zvakadaro, kana akamira ipapo uye akaparidza Shoko seMutumwa mukuru, munoono, agonzwisisa zvakavanzika zveBhaibheri, uye oita mufundisi akanaka kwazvo, achienda kunoshanyira vanhu nezvinhu zvakadaro, anogona kunge achakararika. Maona? Chibereko chake ndicho chinovaitaura nguva dzese, hama. Maona? Iye, zvisinei nekuti akanaka sei kana zvaari, anofanira kunge aine Mweya Mutsvene muhupenyu hwake. Maona?

²¹⁴ Zvino, Jesu haana here kuti, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezvira iroro vachiti, ‘Ishe, handina kuporofita here (kuparidza) muZita reNyu, uye ndikaita zvishamiso muZita reNyu?’” Ainge ataura nendimi, ainge aita minana, akapa dudziro, zvinhu zvakananzika zvaMwari, nezvinhu zvose ipapo; Akati, “Ibvai

kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama, haNdina kumbokuzivai.” Munoono zvandiri kureva?

[Hama Taylor vanobvunza, “**Ko murume ari kuunza mha—mharidzo isiri iyo? Ndinoreva, iye—iye achifunga kuti ari raiti asi achiparidza zvisiri izvo.**”—Mupepeti]

²¹⁵ Zvinoka, ndinotenda kuti murume iyeye akaperera, sehama igere apa yaida kudzokera kune zvayo. . . kuronda zvinhu izvi saizvozvo. Kana murume iyeye akasangurwa naMwari, uye akambounzwa pamberi peChokwadi, ano—anoChicherechedza. Munoono, “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Manzwisi- . . . Munoono zvandiri kureva, Hama Taylor? Ndizvo zvamanga muchitaura nezvazvo here? Maona?

²¹⁶ Zvino, semuenzaniso, toti Hama Crase—Crase—Crase, toti muparidzi weBaptisti uye vasina chavanomboziva nezverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye zvakare vasingazive chero chezvinhu izvi, zvipo zveMweya, uye vari muparidzi weBaptisti akanaka, akatendeka. Maona? Asi chinhu chekutanga munoziva, Izvi zvinouya pamberi pavo. Uye ndinotenda kuti mwana wese waMwari achava. . . zera roga-roga richakukudzwa kusvikira Vamuwana. Humambo hawungauyi kusvikira Kuda kwaMwari kwaitwa. Ndizvozvo. Uye hapana achaparara, munoono. Zvino, munoono, ndiyo nzira yacho.

²¹⁷ Uye Humambo hweKudenga hwakafanana nemunhu ari kukanda mambure mugungwa oabuditsa. Paakadaro, akabata marudzi ose. Akachengeta hove, zvino kamba nehamba dzemumvura zvakadzokera mumvura. Akaakanda zvakare, akawana zvimwezve, zvichida akawana hove imwe chete. Asi akaramba achikukudza kusvikira dzose dzabuditswa. Munoono zvandiri kureva zvino?

²¹⁸ Asi hove iyoyo yaingova hove pakutanga. Yakangoiswa pakushandiswa naTenzi, ndizvo zvoga, ndokuyiisa mune rimwe dziva umo maive nani, rakajeka zviru nani. Asi Vakanga vachiri kukukudza mudziva rematatyira iri kusvikira Vabuditsa hove dzose kubva mariri. Munoono zvandiri kureva? Mabata zvandiri kureva, Hama Taylor. Munofanira kuziva nerenyu kumusoro uko.

Zvakanaka, zvino:

113. Ko uyo ane . . . Ko iye nguva dzose ane simba pamusoro peMweya here pamusoro penguva yekuita nemazvibatiro?

²¹⁹ Hongu, changamire. Hongu, changamire, Mweya Mutsvene une simba. Hongu, changamire. Une simba pamusoro pako uye iwe une simba pamusoro paWo, uye haUmbofa wakakuita kuti uite chimwe chinhu chinopesana neMagwaro. Unoita . . . “Mweya hauZvibate nenzira isina hunhu.” Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka.

220 “Kubva kune uyo anokuda. . .” Hongu, ari—ari munzvimbo ino. Zvakanaka, zvino tichachirikira mune mumwe pano toona patiri.

221 Zvino, ndinofunga kuti zvanga zvine hwaro. Zvino—zvino, pandiri kutaura iyi zvino, kana pane mubvunzo. . . Panga pane mubvunzo zvakare here pane uyu? Tose taunzwisisa here? Tinonzwisisa kuti tinoZvitenda sei here zvino?

222 [Imwe hama inoti, “Ndine mubvunzo mumwe chete.”—Mupepeti] Pfuurirai zvenyu mberi. Pane uyu here? Zvakanaka. [“Hongu, pane iwoyo ipapo. Ndaita sekuzeza, asi. . .”] Musazengurire, izvi ndizvo—izvi ndizvo. . . [“Manga muchitaura nezvemurume ari kuparidza, uye kana asiri kuparidza Mharidzo yakaunzwa naKristu, uye zvisinei nezvinoitika mushumiro yake. Paanosangana neChokwadi uye iye oChiramba, zvinozodii?”] Akarasika. Pamusoroi kwechinguvana. . . [“Ndanga ndichirevera kufanotemerwa kana kugadzwa nyika isati yavambwa.”] Ndizvozvo. Ndizvozvo. Maona? [“Zvino, sezvazvaive, aisafanira kuva akadaro?”] Zvaisafanira kuva zvakadaro pakutanga, munoona. “Vakabuda kubva pakati pedu nekuti vakanga vasiri vedu.”

223 Semuyenzaniso, sezvizvi, zvimwe chete muna VaHebheru 6. Maona? Vanhu vanodudzira zvisizvo Gwaro iroro zvakanyanya, vanofunga kuti “hazvigoneki.” Akati, “Hazvigoneki kune avo vakambovhenekerwa uye vakaitwa vagoverani veMweya Mutsvene, kana vakatsauka.” Munoona, havatongoZvinzwisisi. Anoti, “Hazvigoneki kune avo vakambovhenekerwa uye nevagoverani veMweya Mutsvene, vachiona kuti vanozotsauka kuti vazvivandudze zvakare pakutendeuka, vachiona kuti vanoroverera patsva Mwanakomana waMwari uye vachiMunyadzisa pachena; vakatora Ropa resungano raAkarovererwa narokuve ‘chinhu chisina hutsvene,’ ndokuzvidza mabasa enyasha.”

224 Zvino, kwandiri, chizaruro. Chokwadi. Zvakangoita seMabasa 2:38, naMabasa. . . uye naMateo 28:19. Unotongofanira kuZvibata, munoona.

225 Zvino tarisai, hezvinoi izvi, zvimwe chetezvo. Saka, zvino, ari kutaura kuvaHebheru. Maona? Zvino verengai muchidzika nechitsauko, pavanenge vachienderera mberi vachiti, “Nekuti chinhu chinotyisa kuwira mu—kuwira mumaoko aMwari mupenyu.” Zvino, heunoi murume akafanana nemutendi uya wepamuganhu. Pano, heuno. . . Pano, chinhu chimwe chete chaiva pano, muenzaniso wakakwana wandinoona mupfungwa dzangu.

226 Mwari vakadana Israeri kubva muEgipita. Vanhu vose ava vakabuda, mumwe nomumwe wavo akadzikinurwa, vakayambuka Gungwa Dzvuku vachipinda murenje. Ndizvo here? Gungwa Dzvuku. . . Pavakagadzirira, vakateerera

mharidzo yaMosesi, vakatanga kufora, (kururamiswa) vakatendeuka, vakatangira apa.

²²⁷ Vakasvika paGungwa Dzvuku, (Ropa), ndokuyambuka nemuGungwa Dzvuku, uye shure kwavo vatariri vose vebasa vakanga varere, vafa. Vakanga vangove nemazuva angaita 3 kusvika kunyika yechipikirwa ipapo. Maona? Ndizvo zvoga zvavaiva, mamaira asingasviki 40, munoono. Saka hapo pavari, mazuva 2 chete angadai akavaisa ikoko zvakanaka-naka.

²²⁸ Ndizvo zvandiri kuvavarira kuparidza kuPhoenix mumazuva mashoma kubva zvino, pamusanganano weBusiness Men, *Kugara paGomo iri*. Asi Vakavachengeta ipapo kwemakore 40 nokuti ivo . . . Uh-huh! Maona?

²²⁹ Saka vakasvika apa ndokutarisa kumashure, (vakacheneswa), “Oo, hareruya! Mwari ngavarumbidzwe! Kubwinya kuna Mwari. Hareruya! Hapo parere chinhu chakare chakambondinetsa imwe nguva, chafa. Midzanga yekare yandakambosvuta yaperu. Doro rekare randaisinwa rese riri mugungwa dzvuku reRopa raJesu Kristu. O kubwinya kuna Mwari! Hareruya!”

²³⁰ Mumwe nomumwe wavo akauya kumusoro kuno, vakatarisana neKenani zvino, ndokuyambuka Jorodhani. Zvino, akatora mumiririri kubva kurudzi rumwe norumwe. Ndizvo here? Iye ndokuvatumba mhiri. Zvinoka, vamwe vavo vakati, “Ah, ah, ah, hatigone kuzviita. Kwete, izvo—izvo . . . Handiti, tinotaridzika semhashu tiri parutivi rwavo!” Maona?

²³¹ “Zvino, imhandoi yechechi yandingaparidzira kana ndikadzidzisa Mweya Mutsvene iwoyo nezvinhu izvozvo zvakadaro? Handiti, ndaizova nezvigarozvisina vanhu. Vanhu vangu veMethodisti vaizobuda, vanhu vangu veBaptisti, maPresbyteriani angu.” Varegei vafambe vachibuda. Dzakanga dziri mbudzi pakutanga! Unoda makwai, munoono. Maona? Hausi kufudza mbudzi. Fudza makwai! Kufudza mbudzi kunobatsirei kana . . .? . . . uye ipo paine makwai anofanira kufudzwa? Maona? Uye hepano—hepano pamuri muri muno, munoono. Ndakagara ndichiti ndingatoparidza kumburu 4 ndoparidza Chokwadi, Chechi. Hongu, changamire, ndouya kuno.

²³² Asi chionai zvino, chii chaakaita? Vakadzoka, zvino Joshua naKarebhi, zvikamu 2 kubva muzana, kana kuti chikamu ichocho . . . 2 kubva . . . 2 kubva mune 12 vavo, 2 kubva mune 12. Zvakanaka, paive ne 12 vavo, ndiko kuti 2 kubva mune 12, zvikamu 2 kubva mune 12 vavo vakaZvitenda. Vakaenderera mberi vachipinda munyika yechipikirwa, ndokuti, “Vakomana, iyi inzvimbo yakanaka yokuva mairi.” Mutana Joshua naKarebhi, vakomana, vaivimba neShoko; Mwari vakaipa kwavari, vakati “ndeyenyu.” Vakaendako, vakakwanhura zitsumbu guru ramazambiringa, zvino hepanoi

vachiuya vachiakweva sezvizi. “Huyai, shamwari! Ino inzvimbo yakanakisa! Rumai,” munoono, mazambiringa akakura zvakada kudai.

²³³ Uye, oo, imiwee, vakavaona, vakati, “Ah, isu hatigone kuzviita.” Pavakadzokera, vakati, “Kwete, hama, Mosesi uyu akatiunza kunze kuno murenje,” Mweya Mutsvene uyu, munoono, waaimiririra, “wakatotiunza muno murenje. Uye hepano patiri, shumiro yedu yaparara, uye hatina kukwanisa kuita chinhu chakadaro.”

²³⁴ “Vakadzokera,” munoono, “avo vakambovhenekerwa, vakaruramiswa nokutenda, vakacheneswa.” Munoono, vakadarika nepartari yechipiri iyi uye vakatarisa mhiri kunyika yechipikirwa. “Isu takambovhenekerwa uye tika... tikaavira zvipo zvoKudenga.” Munoono, “kuravira” iZvo. Vakadzoka nazvo. “Tinoona kuti ndiZvo chaizvo. TinonyatsoZviona.” “Vakaravira zvipo zveKudenga, vakaitwa vagoverani veChinhu ichi, munoono, Mweya Mutsvene uyu, vakadya paUri.”

²³⁵ “Zvakanaka, vakomana, tarisai murume uyo—uyo. Handiti, ndinoziva kuti aiva bofu, zvino ava kuona. Tarisa mutana uyo... Vakomana, chii chakaitika kumuchinda uyo? Ndiani aifunga mwana uye kunze uko asina kudzidza... uko anomira neMoto munyika.” Maona? Maona? Maona?

²³⁶ Uye vochibva vatsauka, munoono, uye vane...kuti vazvivandudzezve, kudzokerazve pakutendeuka, kudzokera kunoparidza kutendeuka panzvimbo yezviya zvaAkataura pakutanga, achiisa...ngati...Munoziva, pamusoro pekuisa zvakare nheyo dzemabasa akafa pakutendeuka, nezvimwe zvakadaro. Tichadaro, Mwari vachitendera, munoono. Munoono, tichazviita. Tichadzokera tonoisira nheyo iyi kumashure uko, asi kudzokera pakutendeuka pachezvavo, kutendeuka pazviri nokuda kwekumbovako kumusoro ikoko. “Ndine urombo kuti ndakambovako kumusoro ikoko,” nekutora Ropa resungano raakacheneswa naro sekunge Rakanga riri “chinhu chisina hutsvene,” uye ndokuzvidza mabasa enyasha. Aparara, hama! Ndizvo zvoga. Atoparara. Maona?

²³⁷ Saka, zvino, munoono, hazvibviri kuti mwana akasanangurwa aite izvozvo. Haasi kuzoita izvozvo. “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Kana rakadanwa kuKenani kana chero kupi zvako kwariri, ari kuenda. Maona? “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.”

[Imwe hama inobvunza, “Zvino vanofanira kutenda muna Mabasa 2:38, zvakare, handizvo here?”—Mupepeti]

²³⁸ Zvaizotorera izvozvo, chikamu chose cheGwaro, kuRipinza rose mukati. Ndizvozvo chaizvo, hama.

114. Kune 2 here, kune—kune mhando 2 dzakasiyana here dzendimi dzeBhaibheri? Pane mutsauko here

pandimi dzinotaurwa mumunamato wepakavanda, uye mukereke panodiwa dudziro? PaZuva rePentekosti ndimi dzakanzwiswa nevanhu vemarudzi akasiyana; asi muna VaKorinde Vokutanga 14:2, ndimi dzisingazivikanwi dzakataura kuna Mwari, kwete kuvanhu. VaKorinde Vokutanga 13:1 inoratidza kumunhu akadaro... (V-a-k-o-r, ndinofungidzira kuti ndiVaKorinde 13, chii...)... kumunhu akadaro uye dzimwe dzevatumwa.

²³⁹ Oo, hongu. Maona? Zvino, izvo...Zvino, hama, chero wamungava, ma—mazvipindura mega apa. Maona? Maona:

Kune ndimi 2 dzakasiyana here? (Kune ndimi dzakawanda dzakasiyana. Maona?) MuBhaibheri mune ndimi 2 dzakasiyana here, ndimi 2 dzakasiyana?

²⁴⁰ PaZuva rePentekosta nyika yese iri pasi peDenga yaivepo nendimi. Maona? Zvakanaka.

Uye pane musiyano here pakati pendimi dzinotaurwa mumunyengetero wepakavanda uye nemumachechi umo dudziro inodiwa? Hongu.

²⁴¹ Pauro akataura neche apa zvakare muna VaKorinde pamanga muchibvunza apa, zvino akati, “Kune ndimi dzengirozi uye kune ndimi dzevanhu.” Zvino, ndimi dzengirozi ndipo apo munhu ari kunamata kwaari—kwaari naMwari, ari oga. Asi kana ari kutaura mu—mutauro, unofanira kududzirwa muchechi, kuti kereke isimudzirwe. “Uyo anotaura nendimi dzisingazivikanwe anozvisimudzira; asi uyo anotaura...uyo anoporofita anosimudzira kereke.” Saka akati, “Ndingasva hangu ndataura mashoko 5 ndichinzwisisa pane kutaura 10,000 nendimi dzisingazivikanwe, kunze kwekuti, kunze kwekunge paine dudziro.” Zvadarwo zvino—zvinozotaurwa nechiporofita kunova kuri kusimudzira. Munoono zvandiri kureva?

²⁴² Zvino, iyo...Zvino, kune ndimi 2 dzakasiyana, vanhu nengirozi. Maona? Zvino Pauro akati, “Kunyange ndikataura nendimi dzevanhu nedzengirozi,” munoono, dzevanhu nedzengirozi, ndimi 2 idzodzo, imwe isingagoni ku... .

²⁴³ Zvino, ndipo apo vanhu vePentekosti, vanhu vehumbowo hwendimi vanoti, vakandiudza, akati, “Zvino, Hama Branham, makavhiringidzika chaizvo.”

²⁴⁴ Ndikati, ini ndikati, “Zvinoka, kana mukazvitora maringe naMabasa 2:4, ipapo munhu wose akunzwai muchitaura nemutauro waakaberekwa mauri.”

“Oo!” akati. Uye “Kwete! Kwete!” akadaro.

Ndikati, “Chokwadi. Hongu, changamire.”

²⁴⁵ Akati, “Zvino, Hama Branham, imi makavhiringidzika chaizvo.” Akati, “Muri kutaura nezve... .” Akati, “Kune ndimi dze ‘ngirozi.’ Ndiyo ngirozi yeMweya Mutsvene inoburuka uye yotaura nemaauri.”

246 Zvino, zvinonzwika sezvakanaka, munoona, zvinonzwika sekunge zvingava nechokwadi chakanyanya, asi hachisi Chokwadi chese. Satani paakaudza Evha, “zvirokwazvo haungafi,” ikoko kwaiva...akamuudza zvine chokwadi chakawanda, asi chaisava Chokwadi. Maona?

247 Zvino, akati, “Vanhu nengirozi,’ uye ngirozi yaaitaura nezvayo yakanga iri...”

248 Zvino, ngationei kuti sei zvisingatambirane neMagwaro. Maona? Zvino, hazvi “shandidzane,” ndinoreva kudaro. Ndiregerereiwo, ndanga ndisingareve kutaura kuti “kutambirana” neMagwaro. Ndinoreva kuti “kushandidzana” neMagwaro, kana “kutevera, pakushanda muhumwe” neMagwaro ndiro shoko rakanakisa.

249 “Zvino, murume anotaura nendimi dzengirozi,” anoti, “ndidzo ndimi dzeMweya Mutsvene idzodzo” akati, “zvino, kana imi, isu, vakagamuchira Mweya Mutsvene.”

Ndakati, “Ko... Rinhi, makaUgamuchira muri kupi?”

250 Zvino, akandiudza nzvimbo yacho chaiyo, miniti neawa. Handipokane kuti akagamuchira. Maona? Handina...Handisini mutongi wake. Maona? Akati, “Ndipo pandakadzitaura.” Aitonyatsoziva nzvimbo yacho chaiyo. Akati, “Chimwe chinhu chakaitika kwandiri.”

251 Ndakati, “Ndinozvitenda. Maona? Asi zvakadaro hazvo ihwohwo hwakanga husiri humbowo hweMweya Mutsvene kwauri, mwanakomana.”

“Oo, hongu!” Akati, “Ihwohwo, hwaive ihwo!”

Zvino, “Kwete.”

Akati, “Zvino, tarisai, ndinoda kukuudzai chimwe chinhu, hama.”

252 Ndakati, “Ko vanhu vari muungano yenyu, chechi iya imomo muIndianapolis uko makati makaUgamuchira, vanhu ivavo vakakunzwi here muchitaura neChirungu muchivaudza nezverumuko nesimba raMwari nezvese?”

Akati, “Aiwa, kwete! Ndakataura ne—nendimi dzisingazivikanwi.”

253 Ndakati, “Hamuna kumbouwana maringe naMabasa 2:4, nokuti ese...hapana izwi rimwe chete raive risingazivikanwe. “Tinsonzwa munhu wese nomutauro wedu chaiwo.”

254 “Oo,” akati, “Hama Branham, ndiri kuona pamuri kuvhiringika.” Akati, “Munoona,” akati, “kune ndimi dziri ndimi dzengirozi, paunogamuchira Mweya Mutsvene,” akati, “zvino wotaura nendimi uye pasina anofanira kudzidudzira, ndiwo—ndiwo Mweya Mutsvene uri kutaura. Maona? Asi zvino uine chipo chendimi, uye ndidzo dzinofanira kududzirwa.”

²⁵⁵ Ndikati, “Saka makaisa ngoro pamberi pebhiza racho. PaZuva rePentekosti vakaisa ngoro pamberi pebhiza. Vasati vawana Mweya Mutsvene, ndimi dzisingazivikanwi, vakataura nendimi dzainzwiswa.” Maona? Saka chaizvo izvo. . .

²⁵⁶ Kune ndimi 2 dzakasiyana. Ndimi dzengirozi, ndiye munhu ari mumunamato wepachivande kunze uko kune imwe nzvimbo achitaura naMwari, achitaura naMwari nendimi dzengirozi. Ndinogona kungokuudzai imwe nyaya zvino, asi handina nguva. Munorangarira mudzimai paakauya muodhitoriyamu uko, umo Chiremba Alexander Dowie vanobva, Zion. Munondirangarira here zasi ikoko? Zvino Billy akanditevera zasi ikoko kuzonditora kuti tiende kumusangano, ini ndikati, “Billy, dzokera hako.” Uye ini. . .

Akati, “Muri kuchemei? Pane anga ari pano here?”

²⁵⁷ Ndikati, “Kwete, changamire. Iwe dzokera hako, uudze Hama Baxter kuti vaparidze manheru ano.”

²⁵⁸ Ndakabva ndakapfugama pasi ndikati, “Ishe, chiiko chiri kumbandinetsa?”

²⁵⁹ Zvino kamwe-kamwe ndakanzwa mumwe Munhu pamukova, achitaura nemimwe mitauro. Ndakafunga. . . Chaiva chiJerimani. Ndakafunga, “Zvino, muchinda uya auya kuzomotorera. . .” Ndakamira, munoziva, kunamata, ndakamuteerera ndimirepo sezvizvi. Uye ndakafunga, “Zvino, muchinda uya achazozvinzwisisa sei?” Nokuti ndaiziva murume aiva muridzi wehotera iyoyo, angangove mamaira 5 kubva muguta, munoziva. Ndaitofanira kubuda kunze ikoko (vanhu vazhinji kwazvo varipo), iguta diki. Ndakati, “Zvino, zvinoshamisa. Uh.” Ini ndikati, “Ikoko. . . Zvino, vakomana, wakambonzwa. . . chii. . . Muchinda iyeye haatombofemi zvake, kana.” Munoono, ndaifunga izvozvo, nekukasika chaiko paaitaura! Zvino, ndakati, “Zvino, apo, aikaka, anga ari ini!” Saka ndakangoramba ndakanyarara chaiko, munoono, handina chii chandakataura. . . ndakangoramba ndakanyatsonyarara. Mushure mechinguva Akapedza kutaura, uye, paWakadaro, zvakaite sekuti ndaigona kumhanya nepakati peboka remasoja ndosvetuka nepamusoro pemadziro.

²⁶⁰ Zvino ndakabuda uye Billy ainge achitobuda pagedhi ndikadaidzira kwaari, “Mira zvishoma!”

²⁶¹ Akadzoka, ange achimbonwa soda pop. Zvino akati, “Baba, chii chanetsa?”

²⁶² Ndikati, “Imbomira mbichana, mbichana chete, ndiri kuenda newe.”

²⁶³ Ndakatanga kugeza kumeso kwangu nekukurumidza chaiko. Akati, “Chii chanetsa?” Anoziva zviru nani kusataura neni, kana ndichienda kumusangano. Akati, “Chii chanetsa?”

264 Ini ndikati, “Hapana, hapana, hapana, hapana zvachose. Chingonanga kumusangano.”

265 Takaenda kumusangano uyu, Hama Baxter vakanga vagerepo vachiridza, “*Hapana chiripo pakati pemweya wangu neMuponesi.*” Vakapinda, vakati, “Fiyuu! Ndafunga kuti hamusi kuuya!”

Ndikati, “Sh.” Ndikakwira kumusoro ndokutanga kuparidza.

266 Pandakapedza, panguva yandakapedza kuparidza, zvino, vakomana, mumwe munhu akaita seachatora kumashure kwechivakwa, kumashure ikoko muodhitoriyamu huru iyoyo. Vakaisa maiki kumashure ikoko, zvino pakanga paine mumwe mudzimai kumashure ikoko aifamba achingokwira nekudzika nepakati pemacheya ipapo, achidanidzira nesimba rose raanogona kudanzira naro.

267 Ndakazovira kuti, anga aine TB, uye akange abva kuTwin Cities, Saint Paul, amburenzi haina kumuunza nekuti vaitya kuti aizoputitsa mapapu ake. Chiremba vakati, “Chero hazvo, mapapu ake akabooka-booka,” akati, “kana akangotsemuka chete anofa. Zvinenge zvatopera.” Zvino vamwe vatsvene vakatora mota yakudhara Chevrolet ya ’38, ndokutora chigaro chekumashure vakachigadzirisira zvakanaka, vakamuisa imomo ndokupinda munzira. Zvino vakarova gadhi kana chimwe chinhu zasi ikoko, zvino akatanga kubuda ropa, ndokungotanga kutsatika ropa richibuda kunze, uye iye . . . raibuda nemumhino dzake nezvose saizvozvo. Akatanga kupera simba nekupera simba, uye pakupedzisira . . . Aisada kufira mumota, akavaudza kuti vamire uye vamuisse pahuswa.

268 Vakamusimudza. Zvino vose vaive vakamira paari, vachinyengerera, zvino kamwe-kamwe akangoti pane chamurova ndokuti nyamu kusimuka. Ndiye hutu achienda, achidanidzira achidzika nenzira iyoyo, nesimba rose raaignona naro. Hepanoi ari kucheche, achingofamba achikwira nekudzika nenzira dziya yepakati pemacheya.

269 Ndakati, “Hanzvadzi, yanga iri nguvai iyoyo?” Panguva imwe cheteyo Mweya Mutsvene wanga uchitaura kubudikidza neni. Chaiva chii? Zvipo.

270 Chii opossam iya—iya yekare irere kumusoro uko pagedhi kuti inamatirwe? Mhuka isingazivi chinhu, isitorina kana munhu wemukati, isingazive chakanaka nechakaipa; munoona, haina munhu wemukati, (ine mweya), isina munhu wemukati mairi.

271 Chaiva chii? Mweya Mutsvene uchireverera. Mwari vakatumira chipo panyika, uye Mweya Mutsvene hauna kutongokwanisa kumirira zvachose saka Wakangouya kuzonditora ndokutanga kutaura pachaWo saizvozvo, iwo pachaWo, uchireverera iwo pachaWo. Uye patakatarisa nguva

yacho, paminiti imwe chete chaiyo mudzimai uyu aka... pavakamuisa pasi saizvozvo, vaida kuona... Nokuti vaiziva kuti akanga ava kufa, vaizofanira kuti vataure nguva yaafa. Yakanga iri miniti iyoyo chaiyo apo Mweya Mutsvene wakawira pandiri kumusoro uko ndokutanga kureverera, kutaura, mashoko, andisingagone kunzwisisa, munoona, saizvozvo, uchitaura. Ndiwo Mweya Mutsvene uri kutaura.

²⁷² Handaisungirwa kuti ndizive izvozvo. Munoona, handina. Yakanga iri yake...zvichida ngirozi yake. Tichasvika kwazviri mumaminetsi mashoma, munoona, yakauya ikoko ndokupa shoko iroro, munoona.

²⁷³ Zvino—zvino, ndizvo—ndizvozvo. Kune ndimi 2 dzakasiyana, imwe yacho inofanira kuva... .

²⁷⁴ Pane mubvunzo here? Zvakanaka, kuedza kuziva zviri kutaurwa naMwari, munoona. Zvino, ndino—ndinoti, Hama Stricker, mune izvozvo, maererano naizvozvo, edzai kusafunga nezvazvo, munoona. Ingoregai Mweya uchitaura pachaWo. Musaedze kuzvinzwisisa, munoona, nokuti ingozvipirai zvakananyanya kuMweya. Maona? Nokuti muri kuyedza ku—ku—kutaura kuti, “Heyi, muri kuti kudii?” Maona? “Heyi, muri kutaura neni here? Huh?” Munoona, ari ku...munoona, ari kuyedza.

115. Zvino. Zvakanaka here kuti munhu ataure nendimi pakunamatira vamwe paartari [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] pasina dudzira? [Chibenga chisina chinhu patepi.]

²⁷⁵ Regai ndione zvandakanyora pasi nezvazvo, ndinofanira kutarisa. Kana pasina mududziri, ngavanyarare. Muna VaKorinde Vokutanga, chitsauko 1...chitsauko 14 uye ndima 28. Ndiani ane Bhaibheri? [Imwe hama inoverenga VaKorinde Vokutanga 14:28—Mupepeti]

[...kana pasina unodudzira, ngaanyarare mukereke;...]

²⁷⁶ Zvakanaka. Zvino, kana pasina mududziri, chero nguva ipi zvayo muchechi, chero kupi muchechi, nyararai kana pasina anodudzira.

²⁷⁷ Paartari, chinhu chimwe chete icho mumwe munhu... Nguva zhinji unonzwa nezvevanhu vanoenda kuartari. Ndakanzwa imwe hama inokosha nguva pfupi yadarika paartari, yakangodzika uye ndokuzunza mumwe munhu kumusana, uye ipapo vachitotaura nendimi pachavo, vachidzitaura sokunge vaiedza kuvaratidza zvokuita. Munoona, ndiko kuita sekuunza Mweya Mutsvene nesimba remunhu (kuedza kudaro) kuvanhu. Musadaro. Maona? Chinhu chekuita kungosiya munhu iyeye akadaro. Ngavasimudze maoko avo kusvikira Mweya Mutsvene wapinda, munoona. Maona? Saka

zva—zvaka—zvakaipa. Kwete, vanofanira kunyarara muchechi, munoono.

278 [Imwe hama inobvunza, “Hama Branham?”—Mupepeti] Hongu, hama. [“Toti munhu anga ari mushumiro uye—uye pakupera kweshumiro, kazhinji panouya shoko kubudukidza, nemunhu ane chipo, vanokwanisa kuziva, kana kuti vanokwanisa kuziva musiyano here pakati pengi—ngirozi... rurimi rwengirozi kana shoko racho rinouya kubudukidza nayo?”]

279 Zvino, ngationei. Zvino...[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...chero bedzi vachingopinda uye vonyora chinhu chacho, vochiisa padhesiki rangu. Maona? Uye ndinozobva ndachiverenga sezvizvi. Asi pandakapinda mukamuri imomo, hama, ndiyo yaive yose zvayo. Maona?

280 Uye vasati vapinda muno, vaimira kumashure uku uye munhu wose akangonyarara chaizvo. Uye hanzvadzi yainge iripo, Hanzvadzi Irene, ipapo pa—paartari, vachiridza ipapo, vachiridza *Zasi uko paMuchinjikwa*. Hatai...Maasha aingofamba achikwira nekudzika. Vakangoona chero munhu achitaura, vaiti, “Sh, sh, sh.” Maona? Uye kana vana vaka... Vaigara pasi mukutapira chaiko uye voti, “Imba yaShe, mudiwa. Haufanire kudaro. Unofanira kuzvibata zvino muimba yaJehovha.”

281 Uye murume nomudzimai, nevamwe vose, vaivarega vachiturika mabhachi avo nezvimwe zvakadaro. Mumwe munhu ari pano pamusuwo kuti avaone panongovhurwa musuwo. Izvo...uye zvinhu zvose zvagadzirira kutanga, munoziva, kugadzirira chechi zvakanaka. Munhu wese momuwanira pekugara uye nekuona kuti vaine vagara here.

282 Zvino ndainge ndiri mukamuri, ndichinamata, ndainge ndirimo zvichida kubva na 2 kana 3 o'clock masikati iwayo. Hapana aindinetsa. Ndaidzikako nemharidzo yangu.

283 Uye zvakare panguva iyoyo yekutanga, mutungamiri wenziyo aitanga rwiyo, “Ngatiendei kurwiyo nhamba *yakati-yakati*,” sekuti, *Zasi paMuchinjikwa pakafira Muponesi wangu*, zvichienda zvakadaro, munoziva, uye woita kuti zvifambe saizvozvivo. Zvino kana maimba nziyo dzingaite 2 dzakatsaurwa...Hatimboisi nguva yakawandisa mukuimba; iShoko. Kana vaine nguva yekuimba nziyo, ndizvo zvavanoitira nguva yemazuva ese iyi yekuimba nziyo. Tiri—tiri...Shoko ndicho chinhu chikuru chinouyirwa nevanhu ikoko, imba yekugadzirisa.

284 Uye zvakare pamwe mubatidzani, saHama George, Hama George DeArk, vanosimuka vonamata. Uye taibva tava nerwiyo rwakatsaurwa, serwemunhu anoimba ari ega kana chimwe chinhu chakadaro. Uye zvadaro nguva yainge yakwana, mumwe munhu aizondizivisa kuti yakanga yava nguva

yokuti ndichibuda. Kana yaive nguva, zvakanaka, ndaizobuda ndakavandudzwa pasi pechizoro. Maona?

²⁸⁵ Zvino, zvichida vhiki iroro vakanga vaita musangano pane imwe nzvimbo muno muchechi, vakaita musangano wavo. Zvichida shumiro isati yatombovhurwa manheru iwayo, vaiva nemusangano. Uye hapo pazvaive. . . Ndaizviwana pano, ndoti, “Zvakanyorwa pabepa rino kuti kuchauya rimwe dutu nemunyika ino vhiki rinotevera,” kana chimwe chinhu, chinhu, munoziva, chimwe chinhu chakadaro chichaitika. “Zvakanyorwa, zvataurwa nendimi, uye zvikadudzirwa nevatsvene 2 vekereke pano, Hama *Nhingi-nhingi* naHama *Nhingi-nhingi*. Zvapupu 2 chaizvo zvakanyora apa, vane mazita avo akasainwa apa, kuti zvakanyorwa kuti ‘zvaizove zvaMwari,’ ndin*hingi-nhingi* nan*hingi-nhingi*.” Ndicho chikamu changu chekutanga.

²⁸⁶ Ndinobva ndati, “Zvakanaka, tichagadzirira izvi, munhu wese ngaave pamunamato. Maona? Zvino pane chikumbiro chakatsaurwa here, munhu wese?” Munoziva. “Ngatinamatei.” Tomira tonamata. Tobva tananga chaiko kuShoko, kuShoko chaiko.

²⁸⁷ Zvino mushure mekunge shumiro yapera, paidanirwa kuartari. Maona? Kudanira kuartari ndiko kwatainyanyosimbisa, kudana kuartari, kuunza vanhu kuartari. Uyezve mushure mekunge kudanira kuartari ikoko kwapera, pamwe ndaibva ndanamatira vanorwara, munoono, kana zvimwewo zvakadaro.

²⁸⁸ Shumiro yayitwa yose nekuti mweya wevaporofita uri pasi pemuporofita.

²⁸⁹ Ndizvo zvandakanga ndichifunga nezvazvo. . . Munorangarira here husiku hwandakaona chiratidzo ngirozi payakauya kwandiri ichifamba? Ndainge ndigere imomo mukamuri, ndichifunga. Panenge, oo, pakati pehusiku, kuti, “Mweya wevaporofita uri. . .” Ko izvozvo zvingava sei?” Ndakatarisa Chiedza ichocho chichipenya, zvino heunoi Achiuya achifamba achidzika neimomo kuuya kwandaiva. Maona? Ndipo paAkandituma pabasa ipapo, munoono, kumisangano iyi.

²⁹⁰ Zvino, kwete, mu—munhu ari kupa shoko racho. Ndinotenda kuti, iwoyo, ndiwo uri mubvunzo wenyu, “Munhu ari kupa shoko, anga. . . ko—ko munhu ari kupa shoko, angaziva kuti ingirozi yaShe here kana kuti kwete?”

²⁹¹ [Imwe hama inoti, “Zvino, mubvunzo wacho wanga uri wekuti, munoti kune ndimi dzengirozi. . .” Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Handifungi kuti aigona. Zvino, inzira yatazviwana nayo zvino. Asi, munoono, kana tawana nzira yatinofanira kuva, uko vanoita musangano wemazuva ose kuitira izvozvo, regai. . .

292 Munoono, chimwe nechimwe chazvo ishumi. Toti, *uwe* unotaura nendimi, *uyu* odudzira, uye *uyu* otaura nendimi, *uyu* oporofita; munongori ungoro pano, chechi, asi zvakadaro mune shumiro uye mune chimwe chinhu. Muri kuedza kubatsira Humambo hwaMwari, kuhuitira chimwe chinhu, munoono, uye saka imi hama munosangana pamwe chete. Ndicho chikonzero vafundisi, sezvizvi, tinosangana pamwe chete, tine chimwe chinhu chatinooonera. Imi hama sanganai pamwe chete, nzverai Magwaro, nokutaura nendimi nokududzira, nokupa zvataurwa zvacho, munoono.

293 Asi, zvino, kana murume uyu, zvino, kana akacherechedza. . . Anga ari kumusangano, ane chipo chendimi. Zvino, anosvika kumusangano, anotaura nendimi asi hapana dudziro inopihwa, mududziri haazvibati.

[Imwe hama inobvunza, “**Mungati here zvino vanhu ivavo vanosimudzira Mutumbi, asi mahofisi akaita sevafundisi, vadzidzisi, neizvozvo, anokwanisa Mutumbi here?**”—Mupepeti]

294 Hongu, ndizvo zvaakapiirwa, kukwanisa. Maona? Anopiirwa kukwanisa, munoono. Ndinotenda, Mwe—Mwe—Mweya inopiirwa kukwanisa, kukwaniswa kwekereke.

295 Zvino, ivo, vanhu ava vanotaura, vakazadzwa neMweya, hapana kupokana. Zvino, heunoi murume, zvichida ari kutaura muno mumusangano, uye opa. . . Zvino, ari pamberi chaipo pevadziri, munoono, uye zvakadaro hapana anowana dudziro, pangori nechimwe chinhu chakatsveyama. Mududziri haana chaanokwanisa kuita nezvazvo, munoono. Iye—iye anofanira kududzira nekufemerwa zvimwe chetezvo neari kutaura izvozvo. Zvino anogona kunge aine chipo chaicho chekutaura nendimi, asi haana chipo chendimi, mutauro. Munoono, iye. . .

296 Uye ipapo chinhu chaanofanira kuita ndechekuti, paanoshandisa ndimi iyi, anobva aona. . . Zvino, izvo iye—iye asiri kuyedza. . . Kana ari kuyedza kuzvikudza zvakare, anozvitutumadza. Haasi. . . Iye—iye akatsveyama pakutanga kwacho, munoono, hapana kwaanoenda. Munoono, unofunga kuti, “Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe, muchinda uyo haadi kududzira ndimi dzangu. Ndizvo zvoga zviripo pazviri.” Zvino, munoono, akatsveyama pakutanga kwacho. Ipapo chaipo ane—ane chinangwa chisiri icho, donzvo risiri iro. Maona?

297 Asi kana achitapira uye akazvininipisa, oti, “Zvino, zvichida Ishe vanga vasingadi kundishandisa mushumiro yaVo. Asi zvakadaro ini. . . Vanongoropafadza mweya wangu. Vanoda kundisimudzira, kuti ndigoziva kuti ndiri pedyo naVo pandinotaura nendimi. Saka ndichafamba-famba mubindu remuapurosi, ‘O Mwari!’ Uye simba rotanga kuwira pandiri zvino ndotanga kutaura nendimi. Ndinopinda ndavandudzwa, munoono.” “Oo, Munoono, Muri kutaura kwandiri, Ishe,

Muri kungondichengeta ndiri mugwara nekutaura nendimi.” Munooona? “Uye, Ishe, nhasi ndaifanirwa kunge ndataura nemurume uya. Ndiregerereiwo pamusoro pazvo, Ishe. Nda—nda—ndadarika chimwe chinhu chandanga ndisiri kufanira kudarika. Baba, ndapota ndiregerereiwo.” Zvino, ipapo chaipo, zvototanga kutaura nendimi. “Ah, fiyuu, ndinonzwa zviri nani nezvazvo zvino!”

²⁹⁸ Munooona, zvakanaka. Munooona, chipo chako—chako hachifaniri kushandiswa muchechi, asi ndechekukusimudzira iwe. “Uyo anotaura nerurimi rwusingazivikanwe (rwusingazivikanwe) anozvisimudzira pachake.” Maona? Zvino, kana pasina mududziri, zvino... Munooona zvandiri kureva? Munooona, ndizvozvo. Saka haaizoziva pachake. Anongo... Asi anozoziva kana aripo.

Zvino, zvino unofanira kungozvirega zvienderane pamwe chete, munooona, ndicho chinhu chega chamungaita kusvikira wazvipatsanura. Ndicho chikonzero ndichizvifunga...

116. Tsanangurai VaKorinde Vokutanga 14:5.

²⁹⁹ Ndiani aiwana nekukurumidza chaiko? Pane mumwe wenyu aiwana here? [Chibenga chisina chinhu patepi. Imwe hama inoverenga VaKorinde Vekutanga 14:5—Mupepeti]

[...mose mutaure nendimi, asi zvikuru kuti muporofite: nekuti anoporofita mukuru kunoanotaura nendimi, kunze kwekunge achidudzira, kuti kereke iwane kukwiridzirwa.]

³⁰⁰ Zvakanaka. “Ndingasva hangu...Ndaishuva kuti dai mose maitaura nendimi.” Pauro aiedza kuti...Sechechi, imi—imi muve chechi yangu. Mamwe machechi aPauro ainge asina kukura nenhengo dzakawanda sedzandinadzo ipo pano. Ndizvozvo, dzimwe nguva 10 kana 12. Maona? Maona? Zvino, zvino akati, “Ndinoshuva kuti dai mose maitaura nendimi.” Zvakukatyamadzaka?

³⁰¹ Munooona, apo che—che—chechi iyo...muna Mabasa 19, ndinotenda yaive nenhengo dzingaite dhazeni mairi. Munooona? Tungori tumamisheni, tudiki kwazvo, munooona. Saka yakagara iri muhushoma, munooona. Uye ndinofunga kuti rakati zvino paiva nevangade kuita, dhazeni revarume nevakadzi, munooona, mairi.

³⁰² Zvino, kana mu—mukaona pano, akati, “Ndinoshuva hangu kuti dai mose maitaura nendimi. Ndi—ndinoshuva kuti dai mose maizotaura, mose maitaura nendimi, kungozadzwa noMweya Mutsvene zvokuti maingotaura nendimi. Asi” akati “ndingada hangu kuti muporofite; kunze kwekunge kuri kwekududzira, paine dudziro.”

³⁰³ Inoverengwa sei ipapo? Ndiani...Maiwana here ipapo, chaipo...?...Ngatiiverengei zvakare. Zvino teererai:

304 [Imwe hama inoverenga VaKorinde Vekutanga 14:5—Mupepeti]

[Ndingada *kuti imi mose mutaure nendimi, . . .*]

Zvino mirai ipapo zvishoma, “Ndingada hangu kuti mose mutaure nendimi.”

[. . . *asi zvikuru kuti muporofite: . . .*]

“Ndingada hangu kuti mese muporofite.”

[. . . *nekuti anoporofita mukuru kune anotaura nendimi, . . .*]

Zvino chimbomirai zvishoma.

305 Zvino, chii, “Mukuru uyo anoporofita”? Ndipo here pamanga muchida kuti ndimire ipapo? [Imwe hama inoti, “Ndanga ndiri kungoti, ‘Izvozo zvanga zvakasiyana . . . ? . . .’”—Mupepeti] Ehe. Maona? Ehe. Maona? Zvino, hepano apo . . .

306 Zvino, munoti semuenzaniso, zvino, tine varume 2 vasina kudzidza pakati pedu manheru ano. Havana chavanoziva pamusoro peizvi, zvino ini ndopinda uye imi mose muri . . . tinotanga pano mumusangano uno, uye—uye mongotanga kutaura nendimi, mumwe nemumwe wenyu achingotaura nendimi, achitaura nendimi, nokutaura nendimi, nokutaura nendimi. Zvino, manje, chii ichocho? Munoono, munhu asina kudzidziswa anoti, “Uh! Vese vanopenga ava!” Maona? Asi kana mumwe akaporofita, munoono, zvino ari kutaura chimwe chinhu chaanokwanisa kunzwisisa.

307 Zvino, pfuurirai mberi kuverenga rimwe racho rose zvino. [Hama inoenderera mberi—Mupepeti]

[. . . *kunze kwekunge achidudzira, . . .*]

Hapoka apo. Zvino, “kunze kwekunge,” munoono. Ndinga . . . Avo vano—avo vanoporofita vakuru kune uyo anotaura nendimi *kunze* kwekunge izvi zvapa dudziro. Zvino, pfuurirai mberi, munoono.

[. . . *kuti kereke iwane kusimudzirwa.*]

Hezvoka izvo, munoono, chechi inosimudzirwa.

308 Zvino, nemamwe mashoko, handiti, chechi, muchinda uyu. Hevano—hevano *ava* vazhinji vari pano vasina kudzidza, makangogara pakati pedu manheru ano; tiri kuva nemusangano uyu. Tese tiri muno tichitsvaga zvedu . . . tichida kuziva nezvaShe, imi mose mongotanga kutaura nendimi. Hapana ataura chinhu, mangotanga kutaura nendimi. “Ndinoda kuti iwe . . . Ndinga . . . Zvingave zvakanaka,” Pauro akati. “Imi mose mukataura nendimi, zvingava zvakanaka.” Asi ko kana vamwe venyu vakaporofita, vosimuka uye voti, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Pane murume agere pano uye muenzi pakati pedu. Zita rake ndi *John Doe*. Anobva kune imwe nzvimbo *yakati-yakati*. Asiya mudzimai wake nevana 4 ikoko. Ari pano

manheru ano nekuti ari kutsvaga rubatsiro. Anga aine mumwe chiremba nhasi muMemphis, Tennessee. Zvino ati . . . Chiremba amuudza kuti ane nekenza yemumapapu. Ari kufa”?”

³⁰⁹ Akati, “Kana vose vakataura nendimi uye vasina kudzidziswa vakauya pakati penyu, aizoti . . . ipapo anobva ati, ‘Mose hamupengi here kana kurwara nepfungwa?’ Asi kana mumwe akaporofita uye ozarura zvakavanzika zvemwoyo, zvino vachawira pasi, voti, ‘Chokwadi Mwari vanemi!’” Munoono here ipapo?

³¹⁰ Saka, zvino, pano. Zvino uri kutaura nendimi, asi mumwe anopa dudziro, oti, “ZVANZI NAJEHOVHA,” pasi pedudziro, “‘Pane murume akagara pakati pedu, akasiya mudzimai wake, anga ari kuNashville nhasi,’” kana Memphis, kana chero zvakwaive, “‘uye ane kenza yemapapu. Apinda muno, uye zita rake anonzi *John Doe*,’” *Nhingi-nhingi* saizvozvo. Maona?

³¹¹ “Kunze kwekunge zvichidudzirwa,” kana, munoono, zvino zvinosimudzira. Maona? Vanobva vati . . . Zvino muchinda iyeye anobuda, achiti, “Regai ndikuudzei chimwe chinhu, musandiudza kuti Mwari havasi pane vanhu vari kumusoro uko. Zvirokwazvo! Vanhu ivavo vaisandiziva zvachose.” Maona?

³¹² Saka tinoda zvipo zvekuporofita *pamwe chete* nezvipo zvekutaura nendimi. Asi, mukutaura nendimi, munoono, kunofanira kuva nedudziro. Uye zvakare, kana zvadudzirwa, chiporofita ichocho. Maona? Chiporofita ichocho. Zvino, ndine mubvunzo iwoyo apa zvino muchinguvana, saka ndicha—ndichasvika kwauri nenguva isipi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

117. Mateo 18:10.

[Imwe hama inoverenga Mateo 18:10—Mupepeti]

[. . . *kuti* musazvidza *mumwe wevaduku ava*; *nokuti ndinoti kwamuri*, Kuti *kudenga* ngirozi—ngirozi dzavo dzinoona nguva dzose *chiso chaBaba vangu vari kudenga*.]

³¹³ Zvakanaka. Zvino, hama iyi, chero wamungava, hongu hapana mazita, tunongova tumatikiti tudiki, munoono, ataura izvi. Ndine chokwadi ini . . .

³¹⁴ Zvino, munogona kutora nzira 2 pazviri, munoono. Asi ndinofunga dudziro yacho, kana mangondikumbira kuti, “Tsanangurai izvi,” nzira yandinodudzira izvi ndiyoyi.

³¹⁵ Zvino, vhurai kuna VaKorinde Vechipiri, mumwe munhu, 5:1, inotaura izvi, “Kana tabhenakeri ino yepanyika ichinge yaparara . . .” Munoziva kuti chii, munoono. “Kana tabhenakeri ino yepanyika ichinge yaparara, tine imwe nechekare,” munoziva, “yakamirira.” Zvakanaka.

³¹⁶ Zvino, zvino Aizo . . . Kana macherechedza, muna Mateo 18:10, Anga ari kutaura pamusoro pekutora “vana” vadiki.

Vakanga vari vana vaduku, tuvana tudiki, twemakore 3 kana 4, akavasimudza. “Vakaunza vana kwaAri, mwana.” Vana rinobva pazita rekuti “mwana.” Mwana angori muchinda mudiki—mudiki, kwete mucheche asi angori pakati paiyeye newezera rekuyaruka. Maona? Haasati ave kugona kuzvidavirira.

³¹⁷ Zvino, Akati, “Chenjerai kuti murege *kuzvidza*.” Kana waizonyatsotora dudziro yezwi iroro, ndeyekuti “kubata zvakaipa.” Munoono, “Kubata zvakaipa mumwe weivavo.” Kubata mwana zvakaipa, haufanire kudaro. Vanaka, havazive. Maona?

³¹⁸ Uye zvino cherechedzai, akati, “Nekuti ivo . . . ngirozi dzavo dzinogara dzakatarisa chiso chaBaba vaNgu vari Kudenga,” munoono. Nemamwe mashoko, “Ngirozi dzavo, vatumwa vavo—vavo, mitumbi yavo, mitumbi yengirozi yavachapinda mairi kana vafa, nguva dzose vari pamberi pechiso chaBaba vaNgu Kudenga.” Maona?

³¹⁹ Zvino, “Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa, tine imwe yakatomirira kare.” Ndizvo here? Mutumbi iwowo.

³²⁰ Tarisai pano. Dai ndanga ndine nguva yekupfuura nemune aya! Chokwadi, ndinoziva ini—ini handisi kuzoiwana. Asi, pano, regai ndingozvipa kwamuri kuti zviende patepi, zvino muchazviwana zvisinei.

³²¹ Honai, humwe husiku Petro akanga ari mutorongo. Vakava nemunamato zasi kumba kwaJohane Marko, munoono. Uye saka Mutumwa waJehovha akapindamo, Shongwe yeMoto iya, Chiedza chakadzika, Petro ndokufunga kuti akanga achirota paakaona Chiedza ichi chichiuya kwaari. Bhaibheri rakati, “Chaiva Chiedza.” Maona? Uye ndinotenda kuti ndiCho chimwe chete Chiya chinesu, munoono, Akadzika. Uye tinopinda mudambudziko rimwe chete, zvichida chinhu chimwe chetecho chikaitika. Maona? Uye ndokuuyamo, zvino saka Akati, “Huya, uende neNi.”

³²² Saka Petro akafunga, “Ndiri kurota zvino, saka ndichangoona kuti hope idzi dzinorevei.” Saka akafamba achipfuura nepavarindi, ndokufunga, “Uh-huh. Zvino tinopfuurira napo, suwo rakangozaruka roga.” Akabuda nepasuwo rinotevera, rikazaruka roga. Akapfuura nepamasuwo eguta, zvino akazaruka oga. Zvino akanga achiri kufunga kuti ari kurota. Saka paakamira kunze ikoko, ndokuti, “Zvinoka, ndasunungurwa, saka ndichangodzika kumba kwaJohane Marko ndonova nekuwadzana.”

³²³ Vanga vari ikoko, “O Ishe, tumirai Ngirozi yeNyu idzikinure Petro.”

³²⁴ Zvino panguva iyoyo chimwe chinhu chakati [Hama Branham vanogogodza—Mupepeti]. Musikana mudiki ndokuenda kumukova akati, “Ndiani uyo?” Akasimudza kafafitera kadiki kepamusuwo, akati, “Mai hwee, ndiPetro!”

Saka akadzokera, akati, “Heyi, mu—munogona kumira kunamata zvino, Petro avepo.”

Akati, “Oo, ini zvangu! Endererai mberi,” akati, “uri—uri—uri . . .” Maona?

³²⁵ [Hama Branham vanogogodza zvakare—Mupepeti] Akati, “Vhurai! Ndiri kupinda.” Maona? Zvino saka akati . . .

Saka akadzokera, akati, “Kwete, ndi—ndiPetro ari pamukova.”

³²⁶ “Oo,” vakati, “vatogura musoro wake kare, iyo ingirozi yake iri pamukova. Munoono, tabhenakeri yake yeKudenga, anga atoigamuchira kare, nokuti iyi yepanyika yatoparadzwa, nokuti yainge yakamumirira Kudenga kuti auye kwairi.”

³²⁷ Zvandakaona rimwe zuva muchiratidzo chiya, munoziva, ndayambukira mhiri. “Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa, tine imwe.”

³²⁸ Uye vadiki ava vasati vamboita chivi, munoono . . . Maona?

³²⁹ Kana mwana ari—mwana ari kuumbwa mudumbu raamai, achingobva kuiswamo . . . Maona? Maona? Asi kutanga unenge uri mweya. Zvino mweya iwoyo paunotanga kupfeka nyama, kachizenga kadiki kehupenyu kanotanga kuva nyama, uye paanongobuda kubva mune vake . . . Zvino, mumimba, inyama diki, dziri kubvunda, nekugwinha. Tinozviziva izvozvo. Zvizenga izvozvo. Sekungoti ukatora hwemusi remumvura uye woriisa mumvura, rinokokonyara uye rofamba, zvino ukaribata rinosvetuka. Ndizvo zviri mwana.

³³⁰ Asi paanongozvarwa munyika ino uye ofema mweya wake wekutanga, anobva ava munhu unorarama. Maona? Nekuti paanongozvarwa mutumbi wepanyika munyika, kune mutumbi wekudenga, kana mutumbi wemweya, unoubata. Zvino mutumbi uno wenyama paunodonha, pane tabhenakeri yeKudenga yakaumirira. “Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa, pane tabhenakeri yeKudenga yakaumirira.” Mwana achi—achingodzikiswa panyika munyama, pane mutumbi wemweya wakamirira kumugamuchira. Uyezve mutumbi wemweya paunongo . . . mutumbi wenyama paunoparadzwa pane mutumbi wepamweya wakamirira mhiriko. Maona? “Tiyofani” tinoudaidza kudaro, munoono, tiyofani.

[Imwe hama inobvunza, “**Saka, zvino, mutumbi uyu uri . . . ndewechinguvana here, wakamirira rumuko rwemutumbi uyu?**”—Mupepeti] Hongu. Maona? Hongu. Oo, hongu. [**“Ndicho here chinhanu chatiri kunorarama machiri kusvikira ru—rumuko?”**] Ndizvozvo. Maona? Maona?

³³¹ Hazvisati zvazarurwa kuvanakomana vevanhu nazvino. Ndinotenda . . . Ndi—ndinoziva kuti ndakazviona. Maona? Asi handizive kuti imhandoi yemutumbi wauri, asi ndaitovagunzva

zvimwe chetezvo sezvandingaita maoko enyu kana chero chimwewo chinhu. Chokwadi, izvi zviri patepi uye munogona kutoiiridza makore mushure mekunge ini ndaenda. Mazviona? Asi... Uye izvo, chero zvazvaive, munoona, ndaito—ndaitobata vanhu ivavo zvino kutoti dzvii chaiko, uye aingova mazvirokwazvo se—sezvamuri mazvirokwazvo, asi zvakadaro zvakanga zvisiri... Vaisadya kana kunwa. Kwakange kusina nezuro kana mangwana. Munoona, raiva Ziyendanakuenda.

³³² Uye zvino kana tabhenakeri iyoyo... vakabva ikoko vari mumutumbi iwoyo, vanodzoka panyika, zvino mhando iyoyo yemutumbi wavaiva nawo wakapfeka kusafa. Iro—iro guruva renyika rakaungana mutiyofani iyoyo yeimwe nzira uye vakave vanhu zvakare, vaitodya sezvavakaita mubindu reEdheni. Maona? “Asi kana tabhenakeri iyi yepanyika yaparadzwa, tine imwe yakatimirira.”

³³³ Saka vana vadiki ava vakanga vasina chivi, munoona, vasati vava nechivi, *ngirozi* dzavo, “mitumbi” yavo (uyo Petro akanga auya ari mauri...) munoona, wainge wakamirira. “Yakatarisa chiso chaBaba, Kudenga,” iri pamberi paVo nguva dzose; “inozviziva.” Hezvoka izvo.

³³⁴ [Imwe hama inoti, “Asi zvanga zvakati omei zvishoma apo Jesu paakati, muchikamu chekutanga cherumuko rwaKe, Akati, ‘MusaNdibate,’ Akanga asati akwira kumusoro. Uyezve paAkapinda mukamuri yaiva naTomasi, Akati, ‘Huya kuno uise ruoko rwako murutivi rwaNgu; isa munwe wako.’”—Mupepeti] Ndizvozvo, Akanga achigere kukwira kumusoro. [“Uye musiyano we 2 ava, apo mumwe iYe—iYe akavaudza kuti vasaMubate, uyezve uko Akaudza Tomasi kuti auye aMubate.”] Akanga asati ambokwira kumusoro, munoona. Iye... [“Nokuti haNdisati ndakwira kuna Baba vaNgu.”]

³³⁵ Ndizvozvo, munoona, Aisafanira kubatwa kusvika iYe... mushure merumuko rwaKe. Akanga abuda panyika, munoona. Akabuda kubva panyika uye akanga achifamba pakati pevanhu, asi Akanga asati akwira. Akati... Akaudza Maria, Akati, “UsaNdibate.”

Akati, “Rabhoni.”

³³⁶ Akati, “Bata... UsaNdibata, nokuti haNdisati ndakwira kuna Baba. Asi Ndinokwira kuna Mwari vaNgu nokuna Mwari wako, kuna Baba vaNgu naBaba vako.”

³³⁷ Uye ipapo husiku ihwohwo, mushure mokunge Akwira kumusoro pamberi paMwari, uye amuka kubva kuvakafa, akakwira kumusoro pamberi paMwari. Achidzoka, Akadana Tomasi kuti auye kuzobata parutivi rwaKe. Munoona, Akanga akwira kumusoro pamberi paMwari. Ndizvozvo. Zvakanaka.

118. Zvino. Muna VaKorinde Vokutanga 14, “Teverai—teverai rudo, uye mushuve zvipo zvemweya, asi zviri nani kuti muporofite.” Webster, achiti, “porofitai: kufanotaura

zviitiko zvenguva iri mberi, kunyanya nekufemera kwemweya.” Ko shoko rinogona here...Zvino ivo... izvo—ndizvo zvakataurwa naWebster uye izvo ha—hama yabunza. Ko shoko ringanzi “chiporofita” here risingafanotaura zviitiko zvenguva iri mberi?

Kwete, changamire. *Chiporofita* ndiko “kufanotaura.” Maona? Zvakanaka.

119. Zvino. VaKorinde Vokutanga 14:27, ndinotenda kuti mashoko ose anofanira kududzirwa uye kuti mashoko mundimi dzisingapfuuri 3 anofanira kupihwa mushumiro 1.

³³⁸ Ndiwo Magwaro iwayo. Ndakazvinyora pasi apa. Chokwadi, isu hatisi...Tinozviziva izvozvo uye tinozviziva, munoona. Ndizvo...Hongu, changamire, ndizvo...dzinofanira chete kuva 3 dzinotevedzana. Zviri muna VaKorinde Vokutanga 14, zvakare. Maona? Ndizvozvo, “3 dzinotevedzana.” Zvino tarisai izvozvo mumisangano yenyu, hama. Zvino, mucha—muchaona izvozvo zvichiuya zvino, muchaona kuti vanhu vazhinji vanobatwa nemanyawi. Uye musati havana Mweya Mutsvene, zvino. Asi, munoona, Pauro akadzika zasi kuti aise chechi yevaKorinde muhurongwa. Tese tinozviziva izvozvo, handizvo here? Akatoiisa muhurongwa. Uye akati, “Zvinhu zvose ngazviitwe nomutowo wakafanira uye nemuhurongwa.”

³³⁹ Zvino, kana mukacherechedza, Pauro, mukuenda zasi, akagara aine dambudziko nechechi yevaKorinde. Haumbomuwana saizvozvo mu...Haana kumbotaura chinhu nezvazo kuchechi yevaEfeso, aikwanisa kuvadzidzisa zvechengetedzo yaZiyendanakuenda. Hapana nezvechengetedzo yaZiyendanakuenda mu—muchechi yevaKorinde. Vaigara vari vacheche, vachiyedza, “Mumwe ane ndimi, mumwe ane pisarema.” Handizvo here? Maona? Uye kana ukarega ungoro yako ichitanga pane izvozvo...

³⁴⁰ SaMartin Luther, akazadzwa kwazvo neMweya kusvikira ataura nendimi. Akati, mudhayari rake, akati, “Ndakataura nendimi,” akati, “asi kana ndikadzidzisa vanhu vangu izvozvo” akati “vanozotsvaga chipo panzvimbo yeMupi wacho.” Zvaive zviri izvo, munoona, vanenge vave kutsvaga chipo panzvimbo yeMupi.

³⁴¹ Uye ndizvo izvo vanhu vanowana, zvino vanobva vakanganisika nekuzvitutumadza pavanovarega vachitaura nendimi kana zvimwewo zvakadaro. Zvino kana zvisiri zvaMwari, zvino hazvizo...zvichava pasina. Asi isu...

³⁴² Zvino, machechi anhasi anobvisa nyaya yacho yose, asi isu hatidaro. Tinotenda kuti chipo chaMwari uye chinogona kuiswa imomo neMweya waMwari. Munoti kudii nazvo, Hama Roy? Ndizvozvo. Hongu, changamire. Chakaiswa muchechi! Ndeche

chechi. Chipo chekutura nendimi ndechemo imomo, munoona, muChechi yaMwari.

³⁴³ Zvino, ngatione zvino chaizvo zvanga zviru mubvunzo wavo pano. Wataura, kuti:

Ndinotenda kuti mashoko ese... (ndizvozvo)... anofanira kududzirwa, uye dziri 3 dzinotevedzana.

³⁴⁴ Ndizvozvo, munoona, nokuti kana ukarega... Zvino ngatitii, semuenzaniso, sekuti wanga uine musangano uye takagara muno uye—uye... Zvino, zvingabatsirei kurega *uyu* achitaura nendimi, *uyu* achitaura nendimi, *uyu* achitaura nendimi, *uyu*? Handiti, tose taizovhiringika kwazvo zvekuti hataitomboziva zvatininge tichiita. Maona? Munhevedzano 3, regai...sa, Hollin, ari kutaura nendimi, kana akataura nendimi... .

³⁴⁵ Uye panofanira kuvawo nemududziri. Zvino, panogona kuva nemududziri 1 kunze kwekunge uchizvidudzirira ndimi dzako pachako. Zvino, iwe... “Uyo anotaura nendimi dzisingazivikanwe ngaanyengerewo kuti akwanise kududzira.” Anokwanisa kududzira ndimi dzake izvo zvinongo—zvinongova zviru mugwara sezvazviru kune mumwewo mududziri. Asi panofanira kuva nemududziri mumwe chete ndimi dzisati dza... Kana uine boka revanhu vanotaura nendimi uye pasina mududziri, zvino namata pachako kuti ugokwanisa kududzira zvauri—zvauri kutaura.

³⁴⁶ Zvino, rega kungozviita kuti iwe uzvitutumadze, nokuti uri kungozvisimudzira pachako ipapo, munoona. Usadaro. Asi taura nendimi kuti ugusimudzira Mwari, zvigone kusimudzira chechi. Munoona, zvese zvine chikonzero chimwe chikuru, hama. Zvipo izvi ndezvekusimudzira Mwari, kusimudzira chechi, kuunza vanhu kuna Mwari, kuvazivisa kuti Mwari vanesu. Havasi Mwari vakafa, ndiMwari vapenyu vari kushanda pakati pedu. Maona?

³⁴⁷ Uye tinotongofanira kunyatsotarisisa izvozvo chaizvo nekuti, vakomana, dhiyabhore anozvivenga sezvinhu zvose, munoona, kuona zvipo chaizvo zvechokwadi. Nokuti zvipo hazvina kusimba, uye anogona chaizvo kutanga kunoshanda pazvipo izvozvo. Varume, oo, varume, anogona kunyatsotevedzera chimwe nechimwe chazvo. Saka ndicho chikonzero... .

³⁴⁸ Zvino, tarisai, mutsauko pakati pechipo chekuprofita nemuprofita, panotova nemutsauko uri mamaira miriyoni. Chiporofita chisati... Munhu ane chipo chekuprofita anogona kutoudzwa pamberi pechechi, 2 kana 3 vanofanira kuzvinzvera uye voti “ichokwadi.” Ndizvozvo. Asi kwete muprofita. Maona? Muprofita ihofisi. Chipo chechiporofita chimwe chipo. Muprofita anozvarwa, ane ZVANZI NAJEHOVHA, hama, zvichiramba zvichienda zvakadaro. Hapana chinhu

mune izvozv, munooa. Ndiye muporofita iyeye. Asi chipo chekuporofita, chimwewo chipo, munooa. Imwe yacho ihofisi yaMwari, chimwe chacho chipo chaMwari. Maona? Zvino ndiwo musiyano wacho.

³⁴⁹ Zvino, mashoko, toti, zvino, semuenzaniso, hezvinoi zvazvichange zviri. Zvino, tichati, saHama Junie, manheru ano, vanodudzira. Tinoziva kuti ivo mududziri. Hama Neville mududziri, munooa, vanodudzira ndimi. Tinozviziva. Zvino, ko kana takagara pano manheru ano, oo, Mweya waMwari uchingopotika kuti utaure. Maihwee, zvangu! Uye hatisi...tinofanira ku...tine...Mirai, chechi iri kuzotanga mumaminetsi mashoma. Munooa, tiri—tiri kusangana chechi isati yatanga. Ndiri kuzviisa muhurongwa sezvataizoita pano.

³⁵⁰ Saka, zvino, chinhu chokutanga munoziva, Hama Ruddell vanobva vasimuka vataura nendimi. Tongomira zvisihoma. Maona? Junie obva akwakuka, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Chinhu *chakati-chakati*.’” Zvakanaka, mumwe munhu neche uku, vanyori vachizvinyora pasi vari neche apa, munooa, chero chipi chataurwa; uh-huh, ngatingozvitorai nekukurumidza, nokuti izvo...tozwiwana zvichangouya, izvo chaizvo zvavataura. Zvakanaka, ivo...Kana—kana zvikarambwa, zvino imi—imi zviri nani mungozvirega zvichienda, munooa, mozvibvarura. Asi kana zvisina kurambwa, zvikagamuchirwa nevanhu 2, zvino zvinonyorwa pano, vanosaina zita ravo pazviri. Maona? Izvozvo—izvozvo—izvozvo ndezvekereke yenyu. Ndizvo...Ndiri kukuudzai mose kuti mubatsirike, munooa, handizivi kana vakazviita here pakutanga kana kuti kwete.

³⁵¹ Zvino chokutanga munoziva, Hollin anokwakuka, otaura nendimi. Zvino, mududziri anogona kutaura shoko rimwe chetero, munooa, chinogona kuva chinhu chimwe chete, chimwe chinhu chichazoitika, chiporofita; munooa, chimwe chinhu chiri kuda kuitika, kana chimwe chinhu chaunofanira kuita. Hama Roberson vanobva vasimuka, mumashure macho, vataura nendimi. Zvakanaka. Rinogona kunge richiri shoko rimwe chete, rinopa dudziro imwe chete, munooa, kana kuti anogona kunge ari mashoko 3.

³⁵² Zvino, Mwari havazobuditsi mashoko 50 muhusiku humwe. Tinozviziva izvozvo, nokuti imi—imi hamaizokwanisa kuabata. Maona? Asi chingavei chiri kudzvinyirira chechi, sekunge... kana chimwe chinhu chairi kuita, ndechekusimudzira chechi. Maona? Zvino ini—ini—ini handingatendera dzinodarika ipapo, munooa, nokuti Rakati, “Ngadzive dziri 3 dzinotevedzana.” Maona?

³⁵³ Dzingori 3 dzinotevedzana, zvino—zvino ndaiti “Pfuurirai mberi dzinyorei pasi, modziisa kumusoro uko papurupiti.” Maona? Zvino mangwana manheru tosangana zvakare. Maona? Uye kana paine chiri kuda kuitika pakati pazvino nemangwana

manheru, Mwari vachazviture mune imwe yendimi idzodzoz. Munoono zvandiri kureva? Ngadzive 3 dzinotevedzana. Uye ndinofunga zvino, Webster anoti, chiporofita chinogona . . .

Ko mubvu-...shoko ringanzi here chiporofita risiri kufanotaura zviri mberi?

³⁵⁴ Kwete. Kana chiri chiporofita, chiri kuporofita, kufanotaura chimwe chinhu chiri kuzoitika. Ichokwadiwo, zvakare.

³⁵⁵ Zvakana, uye ndinofunga...Zvino, uyu ndiwo wekupedzisira kusvika tasvika kune iyi apa.

120. Hama Branham, chimwe cheizvi chinogona—chinogona here... Hama Branham, chero mimwe yemibvunzo iyi...Zvakanyorwa netapureta uye zvanga zvava kutoda kudzimika. Ko mimwe iyi yemibvu-...Hama Branham, chero mimwe yemibvunzo iyi yamusanganzwe kutungamirwa kuti mupindure kana kuisa pa... kana kutaura nezvayo(hongu), kutaura nezvayo, isai parutivi, handizobatikani nazvo zvachose. Ndeapi mabasa ose emudhikoni maererano neRugwaro?

³⁵⁶ Zvakana, ndi—ndinotenda kuti vanazvo kunze uko. Kana zviri...Ndinoziva kuti ndemumwe wemadhikoni echechi yedu. Saka ndinotenda kuti vane hurongwa hwazvo ipapo. Tinofanira kutora mamwezve makopi iwayo topa kune mumwe nemumwe wemadhikoni edu kana tisinawo. Hameno kuti tingawana here kopi yazvo, Gene, imwe...kana, iwe kana Hama Leo, kana vamwe vavo, angaita...torai 6 kana 8 awo mugoapa kumadhikoni edu. Anoratidza mabasa, maererano neMagwaro, ayo anofanira kuitwa nemudhikoni.

121. Tikanzi tava nechiporofita kana ndimi dzisiri muhurongwa, tinofanira kuzvigadzirisa sei chaizvo?

³⁵⁷ Zvino, inyaya inoda chimbi-chimbi yakanaka chaizvo, munoono. Maona? Zvino, ropafadzwa hako, mudhikoni ataura izvi, nokuti ichi chinhu chakanaka. Zvinoda kubatwa nenzira yakanaka. Zvino, kana ukapa...Kana mumwe munhu akauya muungano yedu pano uye opa shoko kana chiporofita zvisiri muhurongwa, hapana kana chinhu chaunogona kuita nezvazvo kana vachiri kutaura. Maona? Unongo...Vanoziva kuti havasi muhurongwa uye zvicha—zvicha...zvinogona kukanganisa shumiro. Maona? Asi, kana zvikadaro, chinhu chakangonyanya kunaka chekuita, kumadhikoni, kungonyarara. Maona? Nokuti muporofita ari papuratifomu chaizvo ndiye anenge ari... Muri—muri chengetedzo yake, muri mapurisa ake, munoono, muri varindi pakati pedu. Maona?

³⁵⁸ Zvino, kana ari mumwe munhu mune yedu unga... Kana ari wekunze kweungano yedu, haasi munhu akarairwa, munoono, havana kurairwa. Ndizvo zvati kuedza kupinda mazviri apa, munoono, kuti isu—isu tizive zvokuita. Tinoziva kuraira vanhu vedu. Asi kana ari—kana ari wekunze kweungano

yedu, zvino, hatizive kuti munhu uyu anonzvisa urombo akadzidziswa sei.

³⁵⁹ Semuenzaniso, toti . . . Billy anorangerira izvi, Costa Mesa, California. Nguva dzose pandaigadzirira kudana vanhu kuartari paiva nemumwe mukadzi aikwakuka, uye omhanya achikwira nekudzika nenzira dzepakati pemacheya, achitaura nendimi, zvino aibva anyatsovhiringidza chaizvo nguva yekudana kuartari iyoyo. Zvino ndaizongobuda hangu. Waikwanisa kuona kuti Mweya wato—watogomereswa, munoona. Hapana chinochemedza Mweya waMwari kana chiri muhurongwa. Maona? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . asati agadzirira kutanga, mazvigadziriro aaiita, nokuti ndaimutarisa. Mushumiri chero upi anotodaro akaona chinhu chisiri muhurongwa. Zvino mukadzi uyu aive kumashure ikoko zvino ndokuudza Billy, Billy ndokundiudza ndichipinda manheru iwayo, akati, “Baba, munoziva mukadzi uya akavhiringa kuya—kuya kudana vanhu kuartari, husiku 2?”

“Ehe.”

³⁶⁰ Akati, “Mukadzi uya anga akagara kunze uko,” akati, “Iye ati, ‘Mwari ngavarumbidzwe, Billy, ndine rimwe shoko manheru ano!’”

³⁶¹ Saka, zvino, munoona, ndakamutarisa pasi nemuungano. Kwaiva nezviuru zvevanhu ikoko; ndipo apo *Reader's Digest* yakanyora pamusoro pekupodzwa kwaDonny Morton, munoziva, *Munana waDonny Morton*. Saka ndakatarisa mudzimai uyu, zvino panguva yandakatanga kudanira vanhu kuartari, iye . . . Zvino, anga asina kurairwa chete; pasina kupokana, mudzimai akanaka. Asi akatarisa-tarisa, ndokutanga kugadzirisa bvudzi rake. Aiva nevhudzi rakagerwa, munoona. Saka, munoona, aiva weAssemblies kana mamwe emachechi iwayo ano—anobvumira izvozvo. Akanga achigadzirisa bvudzi rake. Akakotama pasi ndokukwiridzira masokisi ake, ndokugadzirira saizvozvo. Zvino panguva yandakatanga kudanira kuartari . . . Ndakati, “Zvino, vangani vari muno . . . vangani varipo zvino vangada kuuya mberi zvino—zvino vopa mwoyo yavo kuna Ishe Jesu?”

³⁶² Mukadzi uyu akakwakuka. Ini ndikati, “Gara pasi.” Akabva atanga. Ndikati, “Gara pasi!” Maona? Uye, vakomana, munhu wose . . . Ndakabva ndangomira. Akaita seasina kundinzwa, zvino ndakanyatsozvidaidzira zvakare. Akandinzwa ipapo, nekuti ndakaita sendichazunguza chivakwa nemaikorofoni hombe iyoyo ndakamira ipapo chaipo. Iye ndokugara pasi.

³⁶³ Ndakati, “Zvino, sezvandanga ndichitaura, vangani vanoda kuuya kuartari uye vagopa mwoyo yavo kuna Mwari?” Zvino ndakaenderera mberi nemusangano, munoona.

³⁶⁴ Uye manheru iwayo pandakatanga kuenda kumota, ndakakombwa. Zvino herino boka revakadzi rakamira ipapo seboka rehuku, munoziva, “Mamhura Mweya Mutsvene.”

³⁶⁵ Ndikati, “Ndamhura?” Ndikati, “Ndingamhure sei Mweya Mutsvene nekutevera kufe...kuziviswa kweMagwaro?” Maona?

³⁶⁶ Zvino mukadzi uyu ndokuti, “Ndanga ndine shoko rauya rakananga kubva kuna Mwari chaiko.”

³⁶⁷ Ndikati, “Asi manga muchiripa panguva isiriyo, hanzvadzi.” Ndikati, “Handisi...”

“Muri kuti izvozvo zvanga—zvanga zvisiri zvaMwari?”

³⁶⁸ Ndikati, “Handingakuudzei kudaro, amai.” Ndikati, “Ndi—ndi—ndinotenda kuti zvanga zviri, munooona.” Ndikati, “Ndichadaro kuti mubatsirike, kuti, ‘Ndinoti ndinotenda kuti zvanga zviri.’ Uye ndinotenda kuti muri mudzimai akanaka, asi manga muri kunze kwehurongwa.”

³⁶⁹ Zvino paiva nemufundisi wake akamira ipapo. Ndaiziva kuti aiva mufundisi wake, munooona. Zvino ndakati... Nda—ndakati, “Pane chinhu chimwe chete chandinogona kutaura, kuti manga muri munyama kana kuti mune mufundisi akakurairai asina chaanoziva pamusoro peMagwaro.” Ndikati, “Anofanira kuuya kuzotaura nesu kwechinguvana pamusoro peMagwaro. Izvo handizvo, mabuda muhurongwa. Makarasikirwa mweya mizhinji, husiku hwemarimwezuro, uye nevakawanda husiku hwanezuro zvakare, uye mungadai maita zvimwe chetezvo manheru ano.”

³⁷⁰ Zvino murume uyu akati, “Hama Branham,” akati, “Dzokororai zvamataura.”

Ndikati, “Munorevei?”

³⁷¹ Akati, “Mudzimai uyu nga ane kodzero yekupa shoko iroro, imi manga mapedza.”

³⁷² Ndikati, “Ndanga ndiri papuratifomu, uye mweya wevaporofita uri pasi pemuporofita. Ndichiri papuratifomu.”

Uye akati, “Zvino...”

³⁷³ Ndikati, “Ndanga ndichiri neMharidzo. Ndanga ndiri kudaidza vanhu kuartari, ndiko kukokorodza. Ndakandira mambure angu kunze, ndiri kuadhonza zvino. Usakanda waya ine minzwa kunze uko kana chimwe chinhu chokuavhiringidza, munooona.” Ndakati, “Ndanga ndichiri kudhonza mambure angu.” Uye—uye ndakati, “Avhiringidzana neku—nekuuyiswa kwemweya. Izvo...Zvingabatsirei kuparidza kana chimwe chinhu kana ukasadaidza nekuita kuti vatadzi vauye? Maona?”

³⁷⁴ Zvino akati, “Asika, shoko rake razouya mushure merenyu. Rake ranga rabva papuratifomu chaipo...Rake rauya rakananga richibva kuna Mwari chaiko.”

375 Ndikati, “Kana munhu achifunga kuti ndewemweya kana muporofita ngaabvume kuti zvandinotaura Mirairo yaShe. Asi kana asingazive, ingomuregai asingazive. Hatina tsika yakadaro, kana Kereke yaMwari,” ndichitaura mashoko aPauro, munoziva. Ndakati, “Kwete, changamire, hapana chitsva! Iye . . . Jesu akati, ‘Shoko romunhu wose ngarive renhema uye raNgu rive Chokwadi.’ Pauro akati, ‘Kunyangwe Ngirozi inobva Kudenga ikauya nechimwe chinhu kunze kweicho chiri Pano, ngaive yakatukwa.’” Ndakati, “Vakuru, mabuda mugwara zvachose.” Ndakati, “Imhandoi yechechi yamunayo? Ndinodaira kuti iboka guru renyonganiso. Maona? Kana mukabvumira vanhu ivavo kuti vaite izvozvo munozodanira vanhu kuartari chirudzii? Mudzimai ane shumiro, vose vane shumiro, asi mune nguva yeshumiro yenyu, munoona, yakapipha kwamuri.”

376 Saka ndizvozvo. Kwete, uye zvino kana zvikaitika muchechi *medu* saizvozvo, sezvizvi, nedzimwe hama dzedu kana hanzvadzi muchechi muno vanotaura nendimi, zvino, madhikoni mushure mechechi, bhodhi ndinofunga kuti rinofanira kusangana navo pamwe chete, uye voti, “Regai ndikudzoseri kumashure patepi, kwemaminetsi mashoma, munoona.” Munoona, muri kungo . . . Kana kuti—kana kuti, mufundisi, moti, “Ndi—ndine chokwadi kuti mufundisi anoda kutaura nemi. Mungasanganawo here nesu muno mukamuri rekuverengera kwechinguvana, munoona, hama.” Kana, zvino mopindamo motaura naye zvakanaka chaizvo. Maona? Uye moti . . .

377 Asi, zvino, kana vakabuda muhurongwa uye vachikanganisa mufundisi wenyu, munoona, kana—kana vari kukanganisa mufundisi wenyu, saka imi maeredha munofanira kuenda kwaari uye moti, “Chimbomirai zvishoma.” Uye kana mufundisi akaratidza kwamuri kuti muvamise, zvino anenge atobata mweya wacho kumusoro ikoko, kuti zviri . . . kuti vari kuvhiringidza mweya wemusanganano, munoona.

378 Saka kana mufundisi akamira akakotamisa musoro wake mururemekedzo, regai kutongotaura chinhu. Maona? Musataura chinhu; regai mufundisi. Asi tarisai mufundisi wenyu. Kana akaratidza kwamuri kudaro, kuti muzvimise, zvino fambai nerudo rweChikristu, moti, “Hama, hanzvadzi yangu,” chero ani waangave, “Ndinotenda kuti mabuda muhurongwa, nokuti muri kukanganisa muporofita, munoona. Ane mharidzo inobva kuna Mwari. Kana apedza nemharidzo yake, tozobva taona nezvazvo gare-gare.” Munoona, kana zviri kumukanganisa.

379 Asi kana ari mumwe munhu wekunze, uye mufundisi neruremekedzo vongomira vomirira zvishoma, zvino iye . . . zvichida vanotanga zvakare, munoona. Saka . . . Uye kana mukacherechedza, zvikamu 90 kubva muzana zvenguva yakadaro, dudziro dzacho, kungogardzokorora rimwe Gwaro kana chimwewo chakadaro, zvingangova kuti ndezvemunyama

kumativi ese. Munoziva zvandinoreva saizvozvo. Maona? Zvakanaka.

122. Ko vanodarika 1 vanotenderwa here kutaura mashoko endimi pasina dudziro?

³⁸⁰ Kwete. Vanofanira kuuya mumwe nemumwe. Maona? Mumwe anopa. . . Mumwe anotaura, uye obva azopa dudziro. Maona? Uye zvakare kana mumwe akataura, dudziro; nekuti kana ukasadaro, mududziri haazoziva zvaari kuita nekuti pane mashoko 2 kana 3 pano ari kuuya kwaari panguva imwe chete, munoono, uye izvozvo zvaizomuvhiringa. Zvino Mwari havasi muvambi wenyonganyonga, munoono. Saka regai 1 atoure, uye mumwe odudzira. Maona? Uye zvararo. . . Ipai mashoko 3, asi regai shoko rimwe nerimwe ridudzirwe.

³⁸¹ Zvino tichava ne. . . Sekuti kana Hama Ruddell vakataura uye Hama Neville vanopa dudziro, Hama Fred vanongonyarara zvavo. Munoono, vovana dudziro iyoyo. Kutanga, zvinofanira kuongororwa kutanga, kuona kuti ndezvaMwari here kana kuti kwete, pakutanga kwacho. Maona? Uye zvakanaka. Zvino, kana Hama Ruddell vakataura, Hama Beeler votaura, Hama Neville vanotaura, mududziri anonzwisa urombo ane mashoko 3 akatevedzana; chii—chii, anozozivira papi zvekuita? Maona? Musiyeyi akadaro. Ipa ndimi wobva wanyarara, wongomirira. Chimwe chinhu ngachizarurwe kune ari parutivi agere pedyo naye; ngaanyarare, onogara hake anyerere. Maona? Zvino mobva marega dudziro iuye.

³⁸² Zvino, kana mazviita, zvinyorei pasi zvino, mooni kuti vanzveri vanoti kudini. Maona? Kana vakati, “Zvino, ndezva—ndezvaMwari.” Zvakanaka, pane ndimi, munoono, mozvinyora pasi. Zvino mombomira zvisoma. Uye chinhu chekutanga chaunoziva, zvino, zvino Mweya uchifamba paari, anotaura. Zvino mududziri anomira zvisoma, oona zvichazotaurwa neMweya Mutsvene. Hoyo Achiiyira mashoko iwayo, munoono. Uye zvakare anozvinyora pasi, munoono. Uye ngadzive dziri 3 dzinotevedzana.

123. Hama Branham, tinoziva kuti muri mutumwa akatumwa kubva kuna Mwari kuzera rino rekereke. Zviratidzo zvimwe chetezvo zvakatevera Jesu tinozviona zvichikuteverai, uye tiri. . . kunzwisisa kuti sei vamwe vanokuzivisisai vachifunga kuti muri Mesiya. Mungatsanangura here musiyano muhukama hwenyu naMwari neuhwo hwaKristu?

³⁸³ Zvakanaka, ndinoziva, hama, kuti ichokwadi. Munoono, asi ngatimirei, ndine chimwe chinhu chandakanyora nezvazvo apa, kwechinguvana. Munoono, nguva zhinji hazvinzwisise. Maona? Asi, zvino, mumunhu dzimwe nguva. . . Uye ndinoda kuti vamwe venyu vavhure pamwe neni kuna Ruka, chitsauko 3 uye ndima 15. Pamuri kuita izvozvo, ndinogona kunge ndiri kuti

kwamuri . . . Kana maiwana, kuti ndiRuka 3, ndi . . . inogona . . . iri muna . . . Regai ndingo . . . Handisi kuzovhara musuwo, nekuti hapana munhu ipapo. Regai—regai ndingounza izvi kwamuri, hama. Makazvinzwa, zviru kwese-kwese. Asi regai ndikuudzei, munoono, zvinofanira kuuya nenzira iyoyo. Zvinofanira kuuya nenzira iyoyo. Dai zvisina kudaro ndaizotendeuka pamharidzo yangu.

³⁸⁴ Inzwi, hama, ndinokurairai pamberi paKristu kuti imi—imi—imi munyarare henyu pachikamu ichi, asi kana muri wemweya munonzwisisa. Maona? Hamuzive here kuti chinhu chekutangisisa chaAkataura zasi uko parwizi? Hamurangeriri here zvaAkataura? “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kuzofanotungamira kuuya kwaKristu kwekutanga, Mharidzo yako . . .” IMharidzo ichafanotungamira Kuuya kweChipiri kwaKristu. Ndizvo zvakaturwa neMutumwa waJehovha.

³⁸⁵ Zvino, zvino cherechedzai. Zvino, “SaJohane Mubhabhatidzi . . .” Zvino, imi mose makazvinzwa. Makazviverenga mumabhuku, uye makanzwa vanhu vakamirapo vachiZvinzwa, nezvimwe zvinhu zvose, apo Mutumwa uya pachaKe paakataura shoko iroro, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kuzofanotungamira kuuya kwekutanga kwaKristu, watumwa neMharidzo iyi, ichafanotungamira Kuuya kweChipiri kwaKristu.” Zvino, “Mharidzo.”

³⁸⁶ Zvino, kana mukacherechedza, uye ini . . . Willie mudiki kunze uko akaisa zita rangu pasi penyeredzi iya kunze uko, uye ndicho chikonzero ndakapasiya pakadaro, munoono, nokuti ini—ini handifungi . . . Zvino, ndiri kuzova ndakatendeseka chaizvo, handifunge kuti ndingave nechekuita nemutumwa iyeye, munoono. Ndizvozvo. Ndinotenda kuti pamwe ndiri kutumwa kuva chikamu muChechi yaKe, kubatsira kuvaka Mharidzo iyoyo kusvika panzvimbo yaichave kana mutungamiri uyu auya, nokuti achauya.

³⁸⁷ Asi ndinotenda, ini ndiri zvandiri, ndiri . . . Ndinotenda kuti ndine Mharidzo yezuva rino. Ndinotenda kuti ichi ndicho Chiedza chezuva rino, uye ndinotenda kuti chiri kunongedzera kunguva iyoyo iri kuuya, munoono, ndinotenda kuti Mharidzo yaakataura zasi uko, “Mharidzo yaunayo.” Zvino, kana mukacherechedza Nyeredzi iya yakasimuka kumashure uko, yaive . . .

³⁸⁸ Regai ndizviite . . . Ndinoziva kuti ndiri—ndiri kutswinyirira nguva yangu pano, uye ndine mimwe iyi, mibvunzo yakanaka kwazvo. Handidi . . . Idzo—nguva dzapfuura 10 zvino, saka, uye ndinoziva kuti muri kuda kuenda kumba. Maona? Asi teererai apa. Regai ndikuratidzei chimwe chinhu. Mungandipawo here imwe nguva shomanana chete—chete? Zvakanaka, zvakanaka.

389 Zvino tarisai, zvino regai nditaure chimwe chinhu. Zvino, imi hama chengetai izvi pakati penyu. Maona? Zvino, chengetai izvi pakati penyu. Ndinofanira kukutwasanudzai pane izvi nokuti muri mufundisi wangu...muri vafundisi vangu nezvimwe, munooona, uye ndi—ndinofanira kuita izvi. Uye muri hama neni tichishanda muMharidzo ino. Maona?

390 Zvino, seni pachezvangu, semunhu, ndakafanana nemi uye ndakaipa kupfuura imi. Ini—ini—ini...Vazhinji venyu mose munouya nenheyo dzeChikristu nezvimwe. “Ndiri mukurusa wevatadzi,” sekutaurwa kwazvakaitwa imwe nguva, “pakati penyu.” Hupenyu hwakadereresa, ndinofungidzira, hwaigona kuraramwa, seuyo asingatendi uye mupokani, ndaiva izvozvo.

391 Asi kubva ndichiri mudiki ndakagara ndichiziva kuti kuna Mwari, ndikaziva kuti pane chakaitika muhupenyu hwangu. Uye izvo—izvo zviri pachena chaipo, hama yangu. Maona? Asi regai nditaure izvi, kuti kuchauya—kuchauya Mharidzo, uye kuchauya mutumwa. Ndinotenda kuti kana ari kuzova munhu iye—iye achava mumwe munhu mushure mangu. Maona? Ichava... Asi Mharidzo iyi yandiri kuparidza iMharidzo yechokwadi yezuva rino, uye iMharidzo yekupedzisira. Muri kuona zvandiri kuita, hama? Ndiri kukuisai mese munzvimbo imwe chete yandiri, nekuti munongori mairi sezvandiriwo. Muri vatumwa veMharidzo imwe chete iyi.

392 Tarisai pano, ndine mufananidzo. Ndi—ndinofunga kuti ndinogona kuita kuti zvive nani nemufananidzo. Regai ndingovhara musuwo uyu zvisihoma kwechinguvana. *Uyu* ndiJesu, uye *uyo* ndiJesu; zvino, ndichaisa *ichi* neche apa, Getsemane, neichi *apa neapo*. Zvino, haugone... Handina kana kumbotaura izvi pamberi pechechi kunze uko. Zvino, rangarirai, imhandoi yechiedza (nyeredzi) yakatungamirira munhu aitsvaka huchenjeri, “*kutitungamirira kuChiedza cheNyū chakakwana*”?

393 Zvino ndichatsanangura pano kwechinguvana ndokuudzai chimwe chinhu. Ngatibvisei chinhu ichocho pa...zvakaikwa naWillie kumusoro uko, uye tobva tati ndizvozvo. Ngatingotii ndizvozvo. Handikwanise kudaro, hama. Kuzvitutumadza ikoko. Izvozvo, handinga...Kunyange ndaizvitenda, handaizozvitaure. Maona? Mumwe munhu akazvitaure, ndivo have.

394 Asi, pano, sezvandangobvunzwa, vamwe vakomana, kana vaizoita sekupupura pane zvimwe zvezvinhu zvakaikwa. Handifarire kuuya papurupiti ndichipupura nezvechimwe chinhu chakaikwa mumusanganano. Regai maneja kana mumwewo munhu aite izvozvo, mumwewo munhu ngaazviite. Handifarire kuita izvozvo.

395 [Imwe hama inoti, “Kunyange vakauya kuna Johane ndokuti, ‘Ndiwe Kristu here?’”—Mupepeti] Ehe, ndizvozvo, zvandiri kuedza kusvika kwazviri. [“Ndiwe Muporofita uya

here?”] Akazviramba. [“Haana kana chimwe chaakatura, akati, ‘Ndinongova uya ari kudandzira ari murenje.’”] “Inzwi reuyo anodandzira ari murenje.” Akanyatsozviisa panzvimbo yake.

³⁹⁶ [Imwe hama inoti, “Vakamubvunza kana aive Muporofita uya, akati ‘Handisi.’”—Mupepeti] Hongu. Zvino...Nokuti Muporofita uyu ndiye Uya akataurwa nezvake naMosesi. Munoono, ndiye Muporofita wacho, munoono. Maona? Asi aiziva kuti aiva ani, munoono. Asi akatura, zvino, kuti... Akatovaudza, munoono, zvino iye akati, “Ndiri inzwi reuya...” Akanga ari iye. Iye—iye akatura zvaaiva. Maona? Asi aive...

³⁹⁷ Endererai mberi. [Imwe hama inoti, “Kristu paakauya ipapo, achitevera Johane, vakauya kwaAri, vakati, ‘Takadzidziswa kutenda kuti Eria aizotangira Mesia kuuya.’ Akati, ‘Kana muchigona kuzvigamuchira.’”—Mupepeti] Aive iye. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Johane ndokuramba achiti, “Handisi chinhu! Handisi chinhu! Handina kukodzera kusunungura shangu yaKe!”

³⁹⁸ Asi ko apo Jesu akatura nezvake? Akati, “Makaenda kunoona ani?” Hongu. Hongu. “Makaenda kunoona rutsanga rwunozunguzwa nemhepo here? Kana kuti chii chamakaenda kunoona, mumwe munhu akapfeka nguwo dzakanaka nehutepfetepfe nezvinhu?” Akati, “Vari mumuzinda wamambo. Asi makaenda kunoona muporofita here? Ndinoti hongu, uye anopfura muporofita.” Aipfuura muporofita, aiva mutumwa wesungano. Ndizvo zvaaiva. Aipfuura muporofita. Akati, “Hakuna kumbova nemurume akazvarwa nemukadzi akakura saiye kusvika panguva ino.” Maona?

³⁹⁹ Ndizvo zvazvaive, munoono, aive mutumwa wesungano. Ndiye wacho akazivisa akati, “Uyu ndiYe wacho.” Vamwe vaporofita vose vakatura *nezvaKe*, asi Johane akati “Uyu *ndiYe* wacho.” Maona?

⁴⁰⁰ Zvino tarisai. Zvino cherechedzai. Varume vachenjeri vakatevera nyeredzi. Ndichazvidzosea nenzira yakaita seyakareruka, munoono. Varume vachenjeri vakatevera nyeredzi, vachibvunza kuti, “Aripiko Mambo wevaJudha akazvarwa?” Makanzwa rwiyo rwacho. “Takaona nyeredzi yaKe kumabvazuva uye tauya kuzoMunamata.” Makazvinzwa, zvichiverengwa muMagwaro. Zvakanaka.

⁴⁰¹ “Ichitungamirira Kumadokero, ichiri kuenderera mberi, titungamirirei kuChiedza cheNyu chakakwana.” Munoono, nyeredzi yaitungamirira kuChiedza chakakwana, nokuti nyeredzi yaingoratidza Chiedza. Ndiko kwatakawana izvi kunze uku rimwe zuva. Maona? Vangani vaive pano Svondo kuzoviona? Munoono, ndichangopedza kuparidza nezvazvo. Kubwinya kweShekina kwakapenya munyeredzi, uye nyeredzi inoChiratidza. Heunoi Mutumwa waJehovha akamira pano

papuratifomu achiChiratidza kunze shure uko, kubva muKubwinya kweShekina. Chinhu chimwe chetecho. Hapo pachaive chaizvo-chaizvo. Ndakatarisa pano pane iyo chaiyo, ndakatarisa kunze uko uye Ichitaridzwa parutivi chaipo saizvozvo. Maona?

⁴⁰² Zvino cherechedzai izvi, zvino, nyeredzi iyoyo yakabuda kumabvazuva. Ndizvo here? Yakanga iri nyeredzi huru. Zvakanaka. Uye ndiani akanga ari nyeredzi chaiyo-chaiyo yepanyika munguva yekuuya kwaJesu? Handiti, Johane. Ndiye wacho akavatungamirira kuChiedza ichocho chakakwana. Ndizvo here? Chaiva kumabvazuva pakuonekwa kwaJesu kwekutanga. Uye, zvino, kune nyeredzi diki dzakawanda dzinoyambuka jengachenga kusvikira dzasvika kune nyeredzi yemanheru.

⁴⁰³ Zvino nyeredzi yemanheru inopenya manheru. Nyeredzi yemangwanani inopenya mangwanani. Uye dzese dziri 2 inyeredzi dzakaenzana zvakafanana nemhando imwe chete yenyeredzi. Zvino isa 2 na 2 pamwe chete zvino wozwiwana, munoona. Munoona, hezvoka izvo. Saka haisi...Nyeredzi haisiyo Mesiya, iri kungoratidza Mesiya.

⁴⁰⁴ Zvino, nyeredzi hairatidze chiedza chayopachayo. Nyeredzi inoratidzira chiedza chezuva. Ndizvo here? [Imwe Hama inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Huh? [“Neimwe pfungwa. Mwedzi unodaro; nyeredzi dzinoratidza chiedza chadzo pachadzo.”] Hongu. Hongu, mwedzi, hongu, unora...Ndinoreva kuti mwedzi unoratidza chiedza ichi. Hongu, Uh-hum. Zvino, kana—kana nyeredzi ichiratidza chiedza chayopachayo, saka chiedza chayopachayo chaifanira kubva...kubva kuna Mwari, nokuti chakaita sechimwe chizaya chechando. Handizvo here? [Hama inoti, “Zuva.”] Huh? Zuva pachezvaro, rinobva pazuva. [“Mazuva ari kure kupfuura zuva redu.”] Hongu. Uye izvo...Tinoudzwa kuti mazuva iwayo akabva pazuva guru. Zuva rakakanda zvinhu izvi kure uye ndizvo zvinhu zvidiki zvinopfuta sezuva. Saka iwo mazuva madiki kwatiri. Ndizvo here? Zviedza zvidiki. [“Zvimwe zviru...zvizhinji zvacho zvikuru kupfuura zuva redu.”] Ndinoreva kwatiri, kwatiri, munoona. Tiri kutaura nezvedu pano. Zvakanaka.

⁴⁰⁵ Zvino, kana ari mazuva kwatiri, kana kuti zvinopa chiedza, zvikamu zvomupi mukuru. Maona? Zuva guru rinotipa chiedza chikuru, chiedza chakakwana. Mazuva madiki, kana nyeredzi diki, dzatinogona kuona dziri mumapoka, dzinogona kunge dziri kure kupfuura zu—zuva rinopenya, asi zvadzinoratidza kwatiri ndicho chiedza chidiki. Asi dziri kungopa huchapupu hwechiedza. Ndizvo here? Zvino kana zuva guru rabuda, tuzuva tudiki tunodzima. Ndizvo here? Itwo hatwusi zu—zuva kwatiri, itwo twunongopenya sezuva. Munoona zvandiri kureva?

⁴⁰⁶ Zvino, hurusa pakati padzo (mangwanani) inoshambadza

kuuya kwezuva, kuvira kwezuva nekuuya kwezuva, inyeredzi yemangwanani nenyeredzi yemadekwana. Ndizvo here? Nyeredzi 2 hurusa, Nyeredzi yekumabvazuva nenyeredzi yekumadokero.

⁴⁰⁷ Zvino, zvino munoono pazviri? Eria ndiye akanga ari nhume yokuchingamidza, kushambadza kuuya kwenyeredzi yekumabvazuva, uye akafanotaurwa kuva mushambadzi wenye—nyeredzi yekumadokero, kana kuuya zvakare kwezuva idzva mushure mekunge zuva rino rapfuura. Zvino munoono kuti chii?

⁴⁰⁸ Mabvazuva, “Kuchava nechiedza mu...” Munoono, Zuva rave pedo kuziviswa panyika, nyeredzi yemangwanani inopupura kuti “Zuva riri kuuya.” Ndizvo here? Munoono, zvinounza nyeredzi yemangwanani. Saka, zvino nyeredzi yemangwanani nenyeredzi yemanheru imhando imwe chete yenyeredzi, uye kune nyeredzi diki kwese-kwese. Hamuoni zvandiri kureva? Nhume.

⁴⁰⁹ Zvakanaka, zvino, Aizoratidzika saArufa naOmega, Mavambo neMagumo, dombo reJaspisi neSardhio. Munoono zvandiri kureva? Zvino, kuuya kwa—kwaKristu kuchiswederwa pedo kumagumo, zvino Mharidzo iyo Eria aizofanira kuparidza mumazuva okupedzisira, kana paine kudzororwa kwenhoroondo... Sezvingori nyeredzi yemangwanani inozivisa kuuya ipapo, nyeredzi yemanheru inozivisa kuuya kwezuva idzva, rimwe zuva. Uku ndiko kuuya kwezuva zvino uko kunozivisa ku—kuenda kwezu—kwezuva ratambova naro uye nekuuya kwezuva idzva, munoono, zera idzva, nguva itsva yokupinda.

⁴¹⁰ Zvino, teererai: Zvino, kana Johane akaunza mharidzo yake uye akazivisa kuuya kwekutanga kwaKristu, uye Eria ouya muzuva rokupedzisira, muporofita akati, “Kuchava neChiedza munguva dzemanheru.” Nemamwe mashoko, kuchava neChiedza munguva dzemanheru.

⁴¹¹ Chiedza chemanheru, chiedza chikurusa chemanheru chatinacho inyeredzi yemanheru, chiedza chikurusa chatiinacho. Saka, zvino, chinozofanira kuzivisa mharidzo imwe chete sezvaive zvakaita imwe nyeredzi iyi. Iri kushambadza zuva, ichitaura nezvezuva.

⁴¹² Saka, zvino tave munguva dzemanheru, Zviedza zve manheru zviri pano. Zera rino rapfuura. Munoono zvandiri kureva? Zuva rino rapfuura, zvino pachava nekuzivisa rimwe Zuva riri kuuya.

⁴¹³ Nokuti, munoono, ndizvo chaizvo... Kana mumwe munhu anga ari kumadokero uye otarisa kumashure kunyeredzi iyoyo, inenge kuri kumabvazuva. Uye zvakare, munoono, “takaona nyeredzi yaKe kumabvazuva,” asi chaizvoizvo vakanga vari...vakanga vari—vakanga vari kumabvazuva

vakatarisa kumadokero vachienda kune nyeredzi iyoyo. Ndizvo here? Murume muchenjeri akanga ari kumadokero... uko kumabvazuva akatarisa kumashure kune nyeredzi yekumadokero. Munoono zvandiri kureva? Asi yakanga iri nyeredzi yokumabvazuva kune avo vakanga vari kumadokero.

⁴¹⁴ Munoono, sezvatingati... Ndinogarotaura, “Pasi ndiko kumusoro.” Unoziva sei kuti ndizvo? Takamira muZiyendanakuenda, saka South Pole inogona kunge iri kumusoro uye North Pole inogona kunge iri kuzasi. Hatizivi. Munoono, nzira yokukwira nayo kudzika. Maona? Tiri... Tichasiya izvi; mushure meizvi tinoenda muZiyendanakuenda. Iri kuchingamidza, kushambadza kuuya kweZiyendanakuenda, zuva rakasiyana, nguva yakasiyana, uye zvachose.

⁴¹⁵ Zvino tave munguva dzemanheru. Tinozvutenda izvozvo. Tinotenda kuti kuuya kwaShe kwave pedyo. Zvakanaka. Zvino, kana zvirizvo, saka panofanira kuva neChiedza chemanheru. Uye Chiedza chemanheru, maererano naMaraki 4, chaifanira ku “dzorera mwoyo yevana kumadzibaba,” kudzokera kumavambo.

⁴¹⁶ Asi paakuya kekutanga, akanga achitendeutsira mwoyo yamadzibaba kuvana. Vana ndivo vaakanga aunganidza kwaari iye. Aifanira kuunza vana... Mwoyo yemadzibaba (madzibaba eOrthodox, ekare epamavambo) kudzokera kuchiedza ichi chaanga achishambadza apa.

⁴¹⁷ Asi paanouya zvakare, anofanira kuzonyatsotendeutsa chaiko (makambocherechedza here, nyika isati yaparadzwa, “zuva guru uye rinotyisa raJehovha”) uye “odzoredza mwoyo yevana kumadzibaba,” nyeredzi yemanheru—yemanheru iyo yakanga iri nyeredzi yemangwanani panguva iyoyo. Amen.

⁴¹⁸ Ndinovimba—ndinovimba ndazvitsanangura chaizvo, munoono. Nyeredzi yemanheru yaiva nyeredzi yemangwanani, nokuti inyeredzi imwe chete. Tiri kumadokero, takatarisa kumabvazuva. Vakanga vari kumabvazuva, vakatarisa kumadokero. Ndiyo nyeredzi imwe chete. Munoono zvandiri kureva? Zvinoenderana nekuti uri papi pacho, munoono, ingava nyeredzi yokumabvazuva kana nyeredzi yokumadokero. Munoono zvandiri kureva? Zvakanaka.

⁴¹⁹ Zvino, zvinounza... mumwe anonunza kutenda kwamadzibaba kuvana; munguva ino ndiko “kutenda kwevana kuchidzokera kumadzibaba.” Makatenderera, uye muri kudzoka zvakare. Hamusi kuona zvamunoreva? Munoono zvandiri kureva? Inyeredzi imwe chete nguva dzese. Chinhu chimwe chete, Mharidzo imwe chete, chinhu chimwe chete chichidzoka zvakare. Chakapfuura.

⁴²⁰ Zvino unoziva sei nzira yauri kuenda? Ndinotenda kuti nguva ichasvika pavachanyatsoona kuti nyika haitombomhanyi kana. Ndinotenda izvozvo nemoyo wangu wese. Handitendi... kuti vanozviratidza nesainzi zvakadzi kana zvimwewo.

Vakaratidza zvakawanda nesainzi zvakazodzora mashoko. Mwari vakati nyika yakamira . . . zuva. Ndinoreva zuva rakamira panzvimbo yenyika. Munoono, zuva. Ini chaizvoizvo handitendi zuva . . . Ini—ini—ini handitendi kuti zuva rinoita zvavanoti rinoita. Ndinoziva kuti mwedzi unofamba, uye ndinotenda kuti zu—zuva rinofambawo zvakare. Maona?

⁴²¹ Asi vamwe vavo vanoti, “Akatarisa kusaziva kwaJoshua, munoono, uye” akati “Akamisa . . . akati iro . . .” Zvino, akati, “Akamisa nyika.”

⁴²² Ndakati, “Zvino makandiudza, ‘Kana nyi—kana nyika yaizombomira, yaizongomhanya sezvinoita comet nemuchadenga.’ Maona?” Ndakati, “Zvino, chii chakaitika zvino?”

⁴²³ Ndakanga ndichitaura naVaThiess zasi kuno, mudzidzisi weBhaibheri pachikoro chesekondari; munoziva kuti aiva ani, asi vakazvitaure. Ndikati, “Ndinotenda kuti zvakataurwa neBhaibheri, kuti nyika yakamira . . .” Ndakati, “Ndinoreva kuti, *zuva* rakamira.’ Joshua akati kuzuva, ‘Mira!’ uye rikamira ipapo.”

⁴²⁴ Akati, “Zvino, Akangomisa nyika, Akaona kusaziva kwaJoshua.”

Ndakati, “Munoita zvimwe chetezvo nenjere dzenyu, zvino.” Maona?

⁴²⁵ [Imwe hama inoti, “Ndinotenda kuti vanogona kuratidza nesainzi kuti zu—zuva rakamira kwenguva yakareba zvakadii.”—Mupepeti] Hongu, ipapo ivo . . . Ndakazvinzwawo izvozvo, zvakare. Hongu, vanodaro . . . Ndakanzwa mumwe muongorori wezvemuchadenga pane imwe nguva yapfuura achitaura pamusoro pazvo, kuti vanogona kuzviratidza. Uye panguva imwe chete iyo ivo . . . chimwe chinhu chakaitika muchadenga chavaikwanisa kuona apo chimwe chinhu chakaitika Kudenga uye chikazarura Gungwa Dzvuku panguva iyoyo nezvinhu. Vakaratiidza zvoise izvozvo. Saka, vakomana, ndiri kukuudzai, nyeredzi dziri kure-kure uko dzakaita chimwe chinhu chakadaro panguva iyoyo. Zvisinei, izvozvo zvakanyanya kudzama kwatiri.

⁴²⁶ Saka, zvino, chikonzero chekuti Mharidzo ino . . . Mharidzo ino inofanirwa kutariswa nenzira iyi, kuratidza kuti ndiyo. Zvino, tinoziva, hama, kuti munhu iyeye haangavi Mwari. Munhu, kunyange zvakadaro ndimwari, mumwe nomumwe wenyu muri mwari. Wakaitwa kuti uve mwari, asi kwete uchiri muhupenyu huno. Maona? Jesu aive munhu sezvatingori, asi Mwari vaive maAri. Huzaro hwaMwari hwaiva maAri; isu tine Mwera muchiyero.

⁴²⁷ Asi nekuda kwekuti Chiedza ichi chauya, uye kana Chiri Chiedza chechokwadi chichazivisa Mharidzo yakaziviswa naJohane Mubhabhatidzi, sezvaAkataura kuti akaita parwizi

zasi uko...Uye ingotaraisai, zvaigona kuva sei—zvaigona kuva sei chero chimwe chinhu? Nditarisei, munoona, ndisina kana dzidzo yechikoro chepuraimari. PaAkandiudza zvinhu zvaizoitika, hapana kana chimwe chazvo chakakundikana. Hapana kana chimwe chazvo chakambokundikana. Tarisai zvaAkaita. Tarisai, Anotori ne. . .

⁴²⁸ Zvino ndakaudza hama, kumashure uko makore akapfuura, handizivi kuti ndiani angave mukuru pakati pedu, asi ndakavaudza pamusoro pezvinhu izvi, pamusoro pekuona Chiedza ichi neruvara rwaChaiva chiri, nezvose. Zvino mufananidzo unoratidza kuti ichokwadi. Zvinhu zvose izvi zvakasiyana-siyana zvinoratidza kuti ndezvechokwadi. Ndizvo here? Saka, zvino, kana chiri chokwadi. . . Uye ndicho Chiedza.

⁴²⁹ Zvino, tangai pangave pana 4. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . ingava ndima 35 ipapo, kana kuti ndinoreva. . . Ngatitangirei pandima 14, hama. Ndiani apavhura? Zvakanaka. Tangai pandima 14 yechitsauko 3 chaMutsvene Ruka ipapo. [Imwe hama inoverenga Ruka 3:14-16.]

[*Navarwiwo vakamubvunza, vachiti, Zvino todiniko? Zvino akati kwavari, Musaita hondo kumunhu upi zvake, kana kupomera nhema chero ani zvake; uye mugutsikane nemuhoro wenyu.*]

[*Zvino vanhu vakati vachitarisira, zvino vanhu vose vakazeya mumwoyo mavo pamusoro paJohane, kuti ndiye aive Kristu here, kana kuti kwete;*]

[*Johane akapindura, achiti kwavari vose, Ini zvirokwazvo ndinokubhabhatidzai nemvura; asi uyo ane simba kupfuureni anouya, uye wandisina kufanira kusunungura tambo dzeshangu dzake: iye achakubhabhatidzai noMweya Mutsvene nomoto;*]

⁴³⁰ Zvakanaka. Chaiva chii? Vanhu vakanga vari pasi petarisiro yakadaro yaMesiya kuti aonekwe, pavakaona shumiro huru iyi yakazodzwa, yemurume aibva murenje uye achiita musangano wake uye achidzokera murenje, varume vazhinji, vaive vateveri vake iye, vakati, “Ndiye Mesiya.” Vakanga vari kuzvitarisira, munoona.

⁴³¹ Zvino kana ino iri Mharidzo yechokwadi yaMwari inofanotungamira Kuuya, kwaJohane Mubhabhatidzi, zvimwe chete. . . sechinhu chimwe chete, Mharidzo yaEria, inofanira kufungwa nezvayo nenzira imwe cheteyo. Maona? Saka izvozvo zvinopindura mubvunzo iwoyo, ndinofunga, nemazvo. Maona? Inofanira kufungwa nenzira imwe cheteyo. Maona?

⁴³² [Imwe hama inobvunza, “Tine mungava wokuita here pane chimwe chinhu kuitira kuti tiedze kubatsira chero munhu upi zvake aizo—aizopinda muku—mukupikisa kwakadaro? Kana kuti chii chatingaita?”—Mupepeti] Hapazovi nechinhu, hapana

chamunogona kuita. ["Pfungwa dzakarasika...Ingasvika pakuzova pfungwa dzakarasika here?"] Zvino, dzinosvika pakuva pfungwa dzakarasika kana dzasvika kune izvi: kana munhu wacho, zvaive izvo zvakataurwa nezvake, aizopupura kuti akanga ari Mesiya, saka tinoziva kuti aizova kristu wenhema. Maona?

433 Munoono, chero bedzi munhu wacho pachake achiramba akabata chinzimbo chake, munoono. Sezvakaudza Johane, Johane haana...Hazvitauro chinhu ipapo pamusoro pake achitaura chero chinhu pamusoro pavo. Vakanga vari—vakanga vari va—vanhu, Makristu aka—akanaka avo...kana vatendi vakanga vachitenda muna Johane.

434 Vakati, "Murume uyu zvechokwadi muporofita waMwari, hapana kupokana." Vakati, "Ha—ha—ha—ha—hausi Muporofita uya here?"

Akati, "Kwete."

435 Akati, "Asika, ha—ha—hausiriwe Mesiya here?" Munoono, ivo—ivo vakafunga kuti zvechokwadi aive ari. Maona?

Akati, "Kwete." Maona?

"Ha—ha—hausi here? Ndiwe ani—ani?"

Akati, "Ndiri inzwi reuyo anodanidzira ari murenje."

436 Uye ipapo Bhaibheri rakati, "Vanhu vari pasi petarisiro." Ndivana ani ivavo? Vateereri vake, vateereri vake, vateveri vake, hama dzake. Maona? Zvino, vakanga vasingadi kumukanganisa, vakanga vasiri kuedza kumukanganisa. Asi, munoono, ivo—ivo vakafunga chaizvo mumwoyo mavo kuti ndiye aiva Mesiya.

437 Saka, zvino, nhoroono inofanira kuzvidzokorora panguva imwe neimwe. Tinozviziva. Inofanira kuzvidzokorora.

438 Sezvaungatora imomo muna Mateo 3, yakati, "Kuti zvigozadziwa, zvakataurwa nemuporofita, 'Kubva muEgipita ndakadana mwanakomana wangu.'" Zvino, zvakanga zvisiri...Zvakanga zviru kutaura nezvaJesu, Mwanakomana; asi ukatevedza pazvinotaurwa; akanga ari Jakobho, mwanakomana, zvakare. Maona? Maona? Zvose zvine zvirovo zvakawanda.

439 Saka zvino kana izvo...dai—dai nyaya iyoyo isina kusimuka, ndaizongoramba ndichiti ichasimuka munguva iri mberi, nekuti ndinoziva kuti Mharidzo iyi inobva kuna Mwari uye iri kufanotungamira kuuya kwaKristu, uye Mweya nesimba raEria nokuti iri kuzozoreredza mwoyo yevana. Zvinhu zvese zvinoisimbisa nemazvo, saka inosungirwa kuumbika kuve chinhu kuti ive saizvozvo pasi pevanhu vechokwadi, avo—avo vanotenda zvemazvirokwazvo uye vari hama neshamwari dzako.

440 Zvino, ndakave. . . Ndina chiremba muno chaimo muguta. Ndinogona kukuudzai nezvachiremba. . . Handisi kuzokuudzai kuti ndiani, shamwari yangu yakandimbundira nemaoko ayo, ndokuti, “Billy, zvingave nyore kwandiri kuti nditi kwauri, ‘uri Mesiya waMwari wezuva rokupedzisira.’” Maona?

Ndikati, “Chiremba, musatombodaro henyu.”

441 Akati, “Zvinoka, hapana munhu wandinoona panyika akambova nechinhu otaura zvinhu nokuita zvinhu zvaunoita, Billy.” Zvakamubatsira zvikuru, munoona. Akati, “Ndinoenda kumachechi aya ndoona vaparidzi ava nezvimwe,” akati, “wakasiyana navo uye ndinoziva kuti hauna dzidzo.” Maona? “Uye ndinoziva kuti hausu muongorori wezvepfungwa, nekuti iwe. . . zvekushandisa pfungwa hazviite zvinhu izvozvo.” Maona?

Ini ndikati, “Ichokwadi, Chiremba.”

442 Hapana chikonzero chekutura naye nekuti haatomboziva, waisakwanisa kutaurirana naye zvepakutanga, munoona, nokuti haazive zvokuita. Asi ndizvozvo, munoona.

443 Ndinoziva mumwe mudzimai wechitema anogara munzira kubva kwandiri, zvino anoshandira mumwe murume wandinoziva, zvino mudzimai womurume uyu akafona, akati, “Mudzimai iyeye chaizvo aitozonamata kwamuri samwari mudiki, nokuti akanga achifa nekenza uye makaturika maoko pamudzimai iyeye uye mukati ari kuzo. . .” Mudzimai uyu waanoshandira, murume wake nemumwe chiremba (kwete chiremba wandanga ndichitaura nezvake, mumwevo chiremba) vanotamba gorofu nezvinhu pamwe chete, zvino akanga amutadzirira. Uye aiva mushandi wemumba weshamwari yake, uye akanga amusiya kuti afe, zvino iye ndokupodzwa zvirokwazvo. Zvino chiremba haana kuwana kana kadodzi zvako kayo, kekenza. Uye, munoona, aiti. . .

444 Zvino, havazvireve nenzira yandinofunga kuti vanozviture nayo kana yatinozviture nayo. Maona? Vanoreva kuti ivo—ivo. . . Vanoreva kuti vanotenda kuti Mwari vanesu, vari matiri, vachishanda kubudikidza nematiri; kwete kuti mumwe munhu ndiMwari, munoona. Zvino, vaiziva kuti Johane aingovawo munhu.

445 Uye naJesu aingovawo munhuwo zvake. Jesu aingovawo munhu, Aive akangozvarwa nemukadzi, akatozofa. Ndizvo here? Akanga ari munhu, aifanira kudya nokunwa, uye akanzwa nzara, akachema, nekunzwa nyota, nezvose, angori munhu sezvauri, ari munhu sezvandiri. Asi Mweya waMwari wakanga uri maAri muhuzaro, zvisina chiyero. Akanga ari samasimba musimba.

446 Apo, Eria aingova chikamu cheMweya iwoyo; zvichida akati zodzwei zvisihoma kudarika hama dzake, asi aingova chikamu cheMweya. Asi vanhu vakanga vachitarisira Mesiya.

Uye vakaona chikamu ichi chiri pamusoro pehama dzavo, vakati, “Oo, ini zvangu, uyu anofanira kunge ari iYe!”

447 Asi paAkatanga kupenya, chiedza chidiki chaJohane chakadzima. Maona?

448 Uye zvienda zvidiki izvi zvichadzima paAnouya, iye Kristu weKudenga mukuru akazodzwa achibva kumabvazuva achienda kumadokero. Uye. . . uye. . . Maona? Asi haAzove panyika zvino, Mesiya haazovipo panyika kusvikira Mireniyamu yatanga. Maona? Maona? Nokuti Chechi, “tinobvutwa pamwe chete kuti tisangane naShe muchadenga.” Haambouyi panyika. Anobvuta Mwenga waKe.

449 Anotora manera, munoziva, tingati. . . Wainzi chii mutambo uya, Leo, wekuti murume uya akaisa manera padivi pemba? Romeo naJuliet. Ndizvozvo, akaisa manera ndokutotora mwenga wake kuenda kure.

450 Zvino Ari kungoburuka pamanera aJakobho, uye oti, “Psst, Mudiwa, huya pano.” Munoono, tiri kuenda kumusoro kunosangana naYe.

451 [Imwe hama inobvunza, “Hama Branham, zvingava zviri chokwadi here neizvozvo? Vanhu ava vakauya kuna Johane Mubhabhatidzi uye vaidza kumudaidza kuti Mesiya. Uye ndakakunzwai imwe nguva muchiti muJudha anofunga kuti Mesiya aive Mwari.”—Mupepeti] Mati kudii? [“Ndinoti, vanhu ava vakauya kuna Johane Mubhabhatidzi, vachifunga kuti aive Mesiya, Kristu. Ndakakunzwai muchiti imwe nguva Mesiya aizova Mwari, kumuJudha.”] Hongu, changamire. Ndizvozvo, “rabhi.”

452 [Imwe hama inoti, “Zvino, Johane akavatsiura, achitaura kuti akanga ‘asiri,’ kuti Kristu akanga achiuuya.”—Mupepeti] Ndizvozvo. [“Asi hachisi chokwadi here chokuti vadzidzi vaidaidza Jesu kuti ‘Ishe’? Zvino Jesu akabvumirana nazvo, achiti, ‘MunoNdidana kuti ‘Ishe,’ uye ndizvo zvaNdiri.”] Hongu. [“Muna—muna Johane 13, apo Akageza. . . ? . . .”] Hongu, Aizovibvuma. [“Zvokuva ari saIshe, hongu, Akazvibvuma.”] Akazvibvuma. [“Akazvigamuchira.”] Uh-huh. Asi, munoono, Jesu ari *Ishe*, paAkabvunzwa kana Aiva, Akati, “Hongu, changamire. Ndini Ishe naTenzi wenyu. MunoNdidana kudaro, uye munoreva zvakanaka, nokuti ndizvo zvaNdiri.” Asi. . . [“Asi hakuna kumbove nemumwe munhu anga, uyo. . .”] aigona kutaura izvozvo. Kwete.

453 Sekuti kana zvika. . . Kana mumwe munhu aizoti ini ndiri mwari, zvino, regai ndikuudzei muZita raIshe Jesu kuti “Kukanganisa ikoko!” Maona? Ndiri mutadzi akaponeswa nenyasha, ane Mharidzo *inobva* kuna Mwari. Maona? Maona?

124. Ko chechi yepanzvimbo inofanirwa here kana kuti haifanirwe kuriritira vari vayo, mutoro wayo—wayo (pachayo) wepanzvimbo isati yabatsira vekunze kune

dzimwe nzvimbo? Zvisinei, mushure mekunge iyo... iyo...Mushure mekunge yazadzisa zvainoda, zviri muMagwaro here kuti chechi yomunzvimbo ibatsire mubasa rechimishinari nepainokwanisa?

⁴⁵⁴ Hongu. Ndizvozvo. Rudo rwunotanga kuratidzwa pamusha, mazviona. Isu—isu—isu tinoita hanya nezvishuwo zvedu pano, nokuti tinozove...ino ichechi yaMwari, kana chero, chechi yenyu duku, chechi yaMwari. Zvino, kana musingatombokwanise kubhadhara mufundisi wenyu, musingatombogone kana kuwana mabhuku enziyo nezvimwe, hamufanirwe kunge muchitumira kune imwewo nzvimbo. Maona? Asi zvino mushure mekunge mabhadharira chechi yenyu, nezvose, zvikwereti zvenyu zvese zvabhadharwa nezvose, zvagadziriswa uye zvagadzirirwa uye kuti ichienda mberi, zvino chibatsirai imwe hama iya inoda rubatsiro rudiki kunze uko, munoonaka. Wanai zvizvishoma...

⁴⁵⁵ Ndinotenda, apo...kana muri kubhadhara mari ine chekuita nechechi yenyu ndaizovawo neimwe homwe diki yakaiswa pane imwe nzvimbo kuitira mupiro wemishinari kana vanhu vachinzwa kuti vanoda kupa kune zvemishinari. Nekuti vanhu vazhinji vanopa kune zvemishinari ivo vasingapi machechi epanzvimbo nezvimwe. Saka kana vakasaipa kune zvemishinari, vano zoishandisira chimwewo chinhu. Saka ndinoti ingovai nekabhokisi kadiki kezvemishinari, uye ndai... Ndiyo nzira yatinoedza kuita nayo.

125. Ruka 1:17, ndapota tsanangurai kuuya kwaJohane mu “mweya waEria.”

⁴⁵⁶ Zvino, ndinofunga tichangobva kutora Ruka—Ruka 1:17, uhuh, kuuya mu “mweya waEria.”

⁴⁵⁷ [Imwe hama inobvunza, “Ndipo here apo vaya vanotenda kuti munhu afa anoshanduka achipinda muchimiro chemhuka vanowana dzidziso yavo?”—Mupepeti] Mati kudii? [“Ndipo here apo vanhu vanotenda kuti munhu afa anoshanduka achipinda muchimiro chemhuka vanotanga dzidziso yavo?”] Zvinofanira kunge zvirizvo. [“Munoonaka, vanotenda kuti anodzoka ari...”] Hongu. [“...anodzoka ari mune mumwe mutumbi] Hongu, munoonaka, ichokwadi kuti mweya haufe zvachose. Ichokwadi. Mwari vanatora munhu waVo asi kwete Mweya waVo. [“Vanoti, ‘Kana waive wakanaka uchadzoka uri mu—mune mumwe munhu akanaka.’”] Hongu. Hongu. [“Kana wanga wakashata unogona kudzoka uri imbwa.”] Hongu, vane...Hongu.

⁴⁵⁸ Saka, zvino, sezviri uko ku—ku—kuIndia, maiva muboka revarume matakasangana sezvizvi, uye vai—vaitokorobha pasi; kutsika masvosve madiki kana chimwe chinhu, ingange iri imwe hama kana chimwe chinhu. Munoonaka, havaimbozviita. Asi, munoonaka, ichocho—ichocho chihedheni. Maona? Ichocho chihedheni. Ichokwadi.

126. Pauro akati kuva... Pauro akati “Shuvirai nemoyo wese zvipo zvakanakisisa, asi zvakadaro ndinokuratidzai nzira yakaisvonaka kupfuura dzose.” Ndapota tsanangurai kuti “nzira yakanakisisa” chii.

⁴⁵⁹ Rudo, VaKorinde Vokutanga 13, munoona. “Shuvirai...” Torai Vokutanga... Zvino torai VaKorinde Vokutanga 13 ipapo, hama. VaKorinde Vokutanga, chitsauko 13, uye zvino chingoverengai ndima 3 kana 4 dzokupedzisira dzayo. VaKorinde Vokutanga 13, yekupedzisira... dzinenge ndima 3 dzokupedzisira dzechitsauko—dzechitsa-... [Imwe hama inoverenga VaKorinde Vokutanga 13:11-13—Mupepeti]

[*Ini ndichiri mwana, ndaitaura somwana, ndainzwisisa somwana, ndaifunga somwana: zvino pandakava murume, ndakabvisa zvinhu zvhohumwana.*]

[*Nokuti zvino tinoona pachioni-oni, madzengerere; asi nenguva iyoyo chiso kuchiso: zvino ndinoziva muchidimbu; asi nenguva iyoyo ndichaziva kunyangwe sezvandi... ndinozivikanwawo zvakare.*]

[*Uye zvino pane kutenda, tariro, rudo, 3 izvi; asi chikuru pakati pazvo ndirwo rudo.*]

Uh-huh, rudo, munoona?

127. Ko hama ingatsiurwa sei ine hutera hwokutora nzvimbo muchechi isina kunzi idaro?

Oo, ini zvangu! Zvakanaka, tsungirirai naye, ndinodaira kudaro. Maona?

Ko hama ingatsiurwa sei... (Haifanire kutsiurwa!) ... iyo—iyo hutera hwayo huri hwokutora nzvimbo muchechi isina kunzi idaro?

⁴⁶⁰ Somuenzaniso, kana ichida ku—kuva mudhikoni. Maona? Uye isina kunzi idaro, asi zvakadaro achida kuve mudhikoni zvisinei, munoona. Zvinoka, kana munhu akadaro, munoziva kuti pane chimwe chinhu chidiki, munoziva, pane hutera pane imwe nzvimbo, zvisinei, uye saka ndaizongoita sekushanda naye murudo.

⁴⁶¹ Uye, chokwadi, haumbodi ku—kuita chinhu chakadaro kunze kwekunge uchinyatsoziva. Isai munhu wenyu akanakisisa wamunokwanisa pabhodhi renyu, munoona, saizvozvo. Hama, musambofa makaisa chinhu imomo chinova... Edzai murume iyeye, kutanga. Mudhikoni ane basa rakawanda kudarika rine mufundisi. Anofanira kunge asina chaanopomerwa, mudhikoni akadaro. Maona?

128. Pashumiro yechirairo, mumwe murume akauya kuartari kuzonamata. Hama Branham vaive vakamira kumashure kwezvi—zvidyo zvechirairo pazvaitorwa, vakati ivo “vaisakwanisa kuzvisiya kuti vanyengetere nemurume uyu paartari.” Ndapota tsananguraiwo.

⁴⁶² Ndakatumba mubatidzani, munoona, Hama Neville. Ndinorangarira husiku hwacho pazvakaitika. Ndinofanira kugara netafura iyoyo yechirairo, munoona, kunyange apo...Tarisa pano. Zvino, handina nguva yekupinda mune izvi. Mumwe munhu agere pano abvunza, hongu. Hezvinoini zvazviri, hama. Pamunenge—pamunenge muine chirairo, iwoyo mufananidzo wemutumbi waJesu Kristu. Chinogona kunge... Chinofanira kuchengetwa nguva dzose.

⁴⁶³ Tarirai, Eria paakati kuna—kuna Gehazi, “Tora tsvimbo yangu” (akanga aropafadza tsvimbo iyoyo), akati iye, “enda nenzira yako. Uye kana mumwe munhu akataura, usapindure. Kana mumwe munhu akakukwazisa, usamukwazisawo. Pfuurira mberi, wonoisa tsvimbo iyoyo pamwana.” Ndizvo here? “Gara netsvimbo iyoyo!” Maona? Uye ndizvo zvandanga ndiri kuita.

⁴⁶⁴ Zvino, ko dai panga pasina mufundisi anondibatsira pano, amirepo...Ndainge ndatopedza kuparidza. Ndinorangarira pazvaive. Uye ini...kana ivo...dai Hama Neville vainge vasina kumira pano, kana mumwe munhu wekuti abatsire murume iyeye paartari...Ndanga ndichangopedza kuparidza, saka ndakanga ndakamira patafura yechirairo. Uye pavakanga vachigadzirira kutora chirairo, uye ndakanga ndatova mu—mukupa chirairo kare. Hama Neville vakanga vakangomira pedyo, uye ndakanga ndiri kupa chirairo. Zvino, Hama Neville vakanga vakamira ipapo.

⁴⁶⁵ Ko kana dai vakauya kuartari Hama Neville vachiri mumharidzo yavo, uye vari kuparidza? Ndaienda kuartari nemurume uyu, dai akasimuka mumusanganano ivo vachiri kuparidza, oenda kuartari. Ndaiona kuti hama yangu yaive... kuti vanga vaine chizoro cheMweya. Vakanga vachishumira. Vakanga vari mushumiri mu...vakanga vari mugwara rebasa, mushumiri ari mugwara rebasa.

⁴⁶⁶ Uye haufanire kuvabvumira kutaura nendimi, kuvhiringidza, kana neimwe nzira ipi zvayo, mushumiri ari mugwara rebasa. Zvakadaro, kana Mweya Mutsvene uri kutaura nemumwe munhu uye ivo vomhanyira kuartari kuti vaponeswe, regai mushumiri aenderere mberi negwara rebasa rake; regai mufundisi, mudhikoni, mubatidzani, kana paine mubatidzani kana mumwe mushumiri, regai aende kumunhu iyeye nokukasika chaiko. Uye musanetsa mushumiri ari mugwara rebasa. Maona?

⁴⁶⁷ Zvino ndakanga ndakamira seri kwetafura ndiri mugwara rebasa, ndichipa chirairo. Uye mubatidzani wangu, Hama Neville, vakanga vakamira neni. Zvino mumwe murume akamhanyira kuartari, ndikati, “Endai, zasi kwaari, Hama Neville.” Zvino Hama Neville vakaenda zasi kwaari. Ndicho chikonzero ndisina kuenda.

⁴⁶⁸ Zvino, dai pakanga pasina mubatidzani pano, kana chii zvacho kuenda kumurume uyu, ndingadai ndakambobva ndomisa chirairo, ndodzika ndo—ndoona kuti mweya iwoyo waponiswa. Maona? Asi nokuda kwekuti pakanga paine munhu wekutumira, zvingadai zvakandibvisa pagwara rebasa, munoona, pandakanga ndichipa chirairo.

129. Ndezvipi zvose zvingaitwe nemunhu... Ndezvipi zvose zvingaitwe nemunhu semubatsiri pamweya mukushanda nemunhu anenge achitsvaga Mweya Mutsvene, uye oramba ari muMagwaro?

⁴⁶⁹ Zvakanaka. Ingoramba uchidzokorora Shoko kwaari, ndicho chinhu chakanakisisa chekuita. Shoko rine Chiedza. Ingoti, “Hama, Jesu akaUvimbisa. Rangarira, ivimbiso yaKe.”

⁴⁷⁰ Usamuzunguze, kumusunda, kana kumufambisa-fambisa, kana chimwe chinhu. Usangoedza ku—ku...kwete, usaedze kuUpa kwaari, nokuti haukwanise kuzviita. Maona? Maona? Iwe...Mwari vachaUpa kwaari. Iwe ingoramba uchingodzokorora vimbiso. Maona? Ramba wakamira ipapo uchitaura vimbiso. “Mwari vari Kudenga, ndinonamatira hama yangu. Vimbiso yeNyu ndeyekuti muchamupa Mweya Mutsvene.”

⁴⁷¹ Zvino kana uri kuedza kumukurudzira...Ari kuti, “Oo, hama, mufundisi, hama,” chero ani ari pedyo naye, “Ndi—ndiri kuda Mweya Mutsvene.”

⁴⁷² “Hama, ivimbiso iyoyo. Mwari vakaita vimbiso. Munotenda here kuti Vakavimbisa? Zvino, musaZvipokane. Kana mukatenda vimbiso iyi, Mweya Mutsvene uchauya kwamuri chero nguva zvino. Ivai makaUtarisira. Pirai zvese zvamunazvo kwaAri, uye muti, ‘Ishe, ndakamira pavimbiso yeNyu.’”

⁴⁷³ Zvino, ramba uchidzokorora. Zvino, ita kuti nyaya yako—yako—yako—yako, munoona, multe kuti asiye...Ramba uchitaura. Iti zvino, “Udzai Mwari. Zvino, makatendeuka here?”

“Hongu.”

⁴⁷⁴ “Zvino iti, ‘Ishe, Makati kana ndikatendeuka Makarurama zvekundiregerera. Munoti kana ndikatendeuka ndobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti ndiregererwe zvivi zvangu, ndaizogamuchira Mweya Mutsvene. Zvino, Ishe, ndakaita izvozvo. Ndakaita izvozvo, Ishe. Ndakazviita. Ndakamirira, Ishe. Makazvivimbisa.’”

⁴⁷⁵ Munoona, ndiyo nzira yacho, ingorambai muchimukurudzira. Muchengete ari paShoko chaipo. Kana Uri wekuuya Uchauya ipapo.

130. Ko muparidzi kana Mukristu upi zvake anenge achiita zvakanaka here iye asingatendi mu...Kwete: Ko muparidzi kana Mukristu upi zvake anenge achiita

zvakanaka here iye asingatendi muchengetedzo yaZiyendanakuenda?

⁴⁷⁶ Zvino, ngationei. Ndinofungidzira “. . . kuita . . .” Onai kana mungazviverenga nenzira imwe chete seni. Zviverengei. [Hama inoverenga mubvunzo, “Ko muparidzi kana Mukristu upi zvake anenge achiita zvakanaka here iye asingatendi muchengetedzo yaZiyendanakuenda?”—Mupepeti]

Ndafunga kuti ndinogona kunge ndaunzwisisa zvakanaka. Zvino, saka, ini . . .

Ko muparidzi anenge achiita zvakanaka here iye asingatendi muchengetedzo yaZiyendanakuenda?

⁴⁷⁷ Ndingatenda kuti muparidzi ari kuita . . . kana anga asingazive nezvechengetedzo yaZiyendanakuenda. Asi kana aizviziva uye achizviziva kuti iChokwadi, uye obva arega kuChiparidza, anofanira kuzvinyarira pachake; ndizvozvo, kana chero Mukristu upi zvake. Zvino, Mukristu, zvino, ndingati ku—kuMukristu asinganzwisise izvozvo zvakanyanya . . .

⁴⁷⁸ [Imwe hama inobvunza, “Haisi dzidziso yeparuzhinji, ndizvo here, Hama Branham, inoparidzirwa kuvanhu vasina kumbo . . . ?”—Mupepeti] Kwete, kwete, kwete. Zvino, ndiko kwandanga ndichisvika ikoko. Hongu. Maona? Maona?

⁴⁷⁹ Zvino, munorangarira zvandakataura Svondo yapfuura? Kana uri muparidzi, zviwanire purupiti. Kana usiri, rarama mharidzo yako. Munoono, ndiyo nzira yakanakisa yekuita izvozvo, rarama mharidzo yako. Kana uri muparidzi, wana purupiti, unoona, wotanga kuparidza. Kana usiri, ingorarama mharidzo yako, rega hupenyu hwako huve purupiti yako. Maona? Ndinofunga kuti zvinogadzirisira zvakanakisa, hamufunge kudaro here? Maona? Maona? Nekuti nguva zhinji tinoona . . . Uye imi hama munozviita mumachechi enyu.

⁴⁸⁰ Rangarirai, unganisa yenyu dzimwe nguva inoedza kutsanganura zvinhu nekuita zvinhu, zvakanakisa kuti muvaraire kuti varege kuzviita. Uye kana mumwe munhu achida kuziva chimwe chinhu, ngavauye kune mumwe we . . . uyo akadzidziswa kuzviita. Maona?

⁴⁸¹ Toti, saka, zvino, sekuti mumwe munhu angati, “Heyi, ndinoti . . . Vanondiudza, imi kuchechei kwenyu munotenda muchengetedzo yaZiyendanakuenda.”

⁴⁸² Zvino, nyatsopatarisai ipapo. Munotogona kuzopinda munyonga-nyonga huru kupfuura yamanga muri, munoono, momukonzera kunyanya kuipa kupfuura kumashure. Itai, “Regai ndikuudzei kuti, kana mukauya muzobvunza mufundisi wedu, munoono. Imi—imi munoono mondota naye, munoono. Isu . . . Ichokwadi, ndinozivisa kuti mufundisi wedu anozvitenda izvozvo. Ini ndinozvitendawo zvakanakisa, asi handikwanise kutsigira . . . Handisi muparidzi.

Ndinongozvutenda, ndizvo zvoga zvandinoziva. Ndinozvutenda nokuti ndakavanzwa vachizvitsanangura kubva muBhaibheri, zvokuti pakanga pasina kana kupokana zvako kwandiri.” Maona?

⁴⁸³ Asi zviru nani kurega—zviru nani muite kuti ungano itaure nemufundisi nezvazvo. Uye, mufundisi, vave nechokwadi chekuti vanoziva mapindurirwo azvo, zvakare. Saka nyatsozvinzverai zvakana chaizvo, nokuti nguva zhinji vanokusungirirai mazviri, munoon. Chii . . .

⁴⁸⁴ [Imwe hama inoti, “Hama Branham?”—Mupepeti] Matii. [“Ndiri pasi pekupomerwa neimwe nzira diki, asi ndi—ndinoziva kudanwa kwangu uye ndakava nechokwadi nekusanangurwa kwangu.”] Uh-huh. [“Muchangobva kutaura kuti ‘Kana uri muparidzi, unofanira kuva nepurupiti.’”] Hongu, changamire. Ndizvozo chaizvo. [“Ini handisi muparidzi, ndiri mvhangeri.”] Hongu changamire. [“Asi purupiti yemunhu wese ndeyangu.”] Ndizvozo chaizvo. [“Asi izvozvi ndiri kushanda, basa remaoko. Harisi basa rakaoma, asi ndiri kushanda, uye handina purupiti. Uye ndinotenda kuti nguva ino yebasa yandiri mairi iri mukuda kwaShe. Vakandiudza kuti ndizviite, kubudikidza neShoko uye nechapupu cheMweya. Uye ndinotenda, pamberi apo, kuti mapurupiti achazarurwa.”] Chokwadi, ndizvozo. [“Ndizvo here?”] Ndizvozo, hama.

⁴⁸⁵ Hama, zvino, kana mukadzokera kumashure uku kunotora bhuku rechechi rekare rezvemari, muchaona kuti ndakafudza chechi ino makore 17, uye ndikaparidza mazuva ose, ndakaparidza mazuva ose uye ndikashanda mazuva ose. Maona? [Imwe hama inoti, “Kana muri kushanda, chiratidzo chakanaka kuti makadanwa.”—Mupepeti] Hongu. Pauro akadar, haana here? Pauro aigadzira matende. [“Ndingazoita sokuora moyo nekuti, sekungotaura kwamaita, kana ndiri muparidzi, ndinofanira kuva nepurupiti. Ndiri . . . Ndingazoita sokuora mwoyo, asi ndinoziva kuti Mwari vakandidana kuti ndiwane basa, kwechinguvana.”] Chokwadi. Pauro akaenda kundogadzira matende, haana here? Akashanda nemaoko ake pachake kuti asazo . . . Ndizvo chaizvo. Chokwadi. [“Hongu, oo, zvino, ndipo pandakazviwana, kubva kuna Pauro.”] Hmm. Ndizvozo. Maona? John Wesley akati, “Pasi rose ndiro chechi yangu.” Saka purupiti yenyu ichiri yakazaruka, hama. Vavhangeri vanoenda kunyika dzose. Handizvo here? “Endai munyika yose.” Saka purupiti yenyu inyika dzese. Hongu, changamire.

Mubvunzo:

131. Zviru pamutemo here, m-u-t-e-m- . . . Zviru pamutemo here kuti mudhikoni kana mutirastii anofanira kugara mudzidziso yechechi yavo? Hongu. Ndizvozo. Zviru pamutemo here kwavari kuwedzera kana kubvisa

padzidziso nekuda kwemaonero avo pachavo kana chizaruro? Kwete, changamire. Kwete.

⁴⁸⁶ Mudhikoni kana mutirastii anofanira kuva muwirirano izere ne—nedzidziso yechechi yavo. Vanofanira kugara zvizere nekududzirwa kweMagwaro echechi yavo, nokuti, kana vakasadaro, vari kurwisana nechinhu chacho chaicho. Vari—vari kuzvikuvadza ivo pachavo. Maona? Uri kurwisana. . .

⁴⁸⁷ Ndizvo, nemamwe mazwi, sekuti kana—kana—kana ndikati ndinoda mhuri yangu ndoedza kuvadyisa muchetura. Munoono, zvimwe chetezvo. Munoono, haugone kuita izvozvo, iwe. . .

⁴⁸⁸ Mu—mutirastii kana mudhikoni mukutora hofisi yavo, kana chero mubati wehofisi muchechi anomiririra mumwe mutumbi wechechi, munoono, anomiririra chechi.

⁴⁸⁹ Ndicho chikonzero ndakabuda muchechi yeBaptisti, munoono, kekutanga-tanga. Ndakanga ndichangopindamo kwenguva shoma uye va—vakandikumbira kuti ndigadze vamwe vaparidzi vechidzimai. Zvino, handina kukwanisa chaizvo kugara mairi. Ndakati, “Ndi—ndinoramba kuzviita.”

⁴⁹⁰ Zvino Mufundisi akabva anditsiura zvine ukasha. “Chii ichi? Uri eredha iwe!”

⁴⁹¹ Ndakati, “Chiremba Davis, neruremekedzo rwese kuchitendero cheBaptisti, nezvose zvandakagadzwa kwazviri, handina kuziva kuti zvakanga zviri mudzidziso yechechi yeBaptisti kugadza madzimai. Ndicho chinhu chimwe chete chakanga chakasiwa mairi.”

Uye akati, “Iyoyo idzidziso yechechi ino.”

⁴⁹² Ndakati, “Changamire, mungandiregerawo here kwemanheru ano, kana kuti mungandipindurawo here mimwe mibvunzo?” Maona?

⁴⁹³ Vakati, “Ndichapindura mibvunzo yako.” Vakati, “Ibasa rako kuti uvepo.”

⁴⁹⁴ Ndikati, “Ndizvo, changamire. Ndizvozvo. Ndinofanira kutarisira pane chipi zvacho chinoitwa nechechi ino. Ndiri mugwara rebasa, mumwe wemaeredha echechi yepano.” Zvino vakati. . .Ndikati, “Munganditsanangurirawo here kuti sei muna VaKorinde Vokutanga 14 kana 15 apo, apo Pauro akati, ‘Vakadzi venyu ngavanyarare mumachechi, havatenderwi kutaura.’”

⁴⁹⁵ Zvino vakati, “Eheka, zvirokwazvo!” Akati, “Kana. . . Ndinogona kupindura izvozvo.” Akati, “Unoona, zvazvaive,” akati, “Pauro akati. . .Vakadzi vese—vese vaive vakagara kumashure mumakona, vachingotaurisa sezvavanoita kakawanda dzimwe nguva. Akati, ‘Musavarega vachiita izvozvo.’ Maona?”

496 Ini ndikati, “Zvino nditsanangurirei Timotio Wechipiri, apo Pauro akati, zvakare, munyori mumwe cheteyo, muapostora mumwe cheteyo, akati, ‘Handitenderi mukadzi kuti adzidzise kana kutora hutongi hupi zvawo, munoona, asi kuti—kuti ave mukuteerera. Nokuti Adhamu akatanga kuumbwa uye tevere Evha, uye Adhamu haana kunyengerwa asi mukadzi akanyengerwa.’ Akanyengerwa. Zvino, handisi kuti anoda kuita chero chinhu chakaipa, asi akatonyengerwa chaizvo mazviri. Haafanire kunge ari mudzidzisi.”

Akati, “Ndiwo here maonero ako pachako?”

497 Ndikati, “Ndiwo maonero eGwaro nenzira yemaonero angu. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.”

498 Akati, “Mudiki, unogona kutorerwa raisenzi rako nekuda kwaizvozvo.”

499 Ndikati, “Ndichangovarerutsira mutoro wacho. Regai nditongokupai, Chiremba Davis.” Ndikati, “Ndisiri kukuzvidzai chero papi zvapo...” Zvino havana kukwanisa kuzviita, zvisinei. Vakangozvisiya, ndokuzvirega zvakadaro.

500 Vakabva vandiudza kuti vaizoita nhaurirano neni paruzhinji pazviri. Ini ndikati, “Zvakanaka, chero nguva.” Asi ivo—ivo havana kuzviita.

501 Saka zvino chi—chinguva chiduku pamberi apo, zvino, Ishe pavakataura neni, uye pamusoro pemu—Mutumwa waJehovha akauya, zvino—zvino vakabva vatoita dambe naZvo, munoona. Zvino ndokubva nda—ndangovaudza, ndikati, “Zvinoka, Chiremba Davis, zvakanakisa kuti ndisiyane neizvi izvozvi, munoona,” ndakati, “nekuti uchazove mutoro. Ndichangobva mukugadzwa munguva shoma, zvisinei, saka unozova mutoro kwandiri, saka ndingatosva hangu ndasiyana nawo iko zvino.”

502 Saka nokudaro kana ndaisakwanisa kugara muchechi yeBaptisti ndichidzidzisa dzidziso yeBaptisti uye ndichimiririra pane zvinotendwa neBaptisti. Kana ndakazviita—kana ndakazviita nekuda kwekuti yaive chechi, saka ndiri kukanganisa, munoona, ndiri kuzanwa chimwe chinhu. Uye kana ini—kana ini—kana ndakatendeka pachangu, ndichaenda kuvanhu veBaptisti (mufundisi wangu kana ani zvake anogona kunditsanangurira) ndovakumbira sho—shoko reHupenyu; kana vakakwanisa kundiratidza pazviri chaipo muMagwaro, uye zvogutsa manzwiwo angu, zvino ndichazvitaura nenzira yavanozvitaura nayo, munoona, uye ndichange ndiri muBaptisti.

503 Ndicho chikonzero ndiri munhu akazvimiririra ega. Ndicho chikonzero ndisiri wemasangano, nekuti handitendi mumasangano. Uye ndinotenda kuti hazvisi mumagwaro, kuita, zvesangano.

504 Naizvozvo, ndaisagona kuwa wesangano ripi zvaro ndonzwa kururamiswa mukuzviita. Maona? Naizvozvo, handitore vanhu

ndichivaita nhengo, nezvimwe zvakadaro, nokuti ndinotenda kuti *tinozvarwa* kuti tive nhengo, tinozvarirwa muChechi yaMwari mupenyu. Maona?

⁵⁰⁵ Hatibvise mazita evanhu mubhuku tovadzinga, nezvimwe zvakadaro, nekuti ndinotenda kuti izvozvo hazvisi mumabasa edu—edu kuita izvozvo. Ndinotenda kuti ndiMwari vanodzinga. Maona? Asi ndinotenda kuti chechi, kana paine hama yanga iri kuita chimwe chinhu chakaipa. . .

⁵⁰⁶ Semuenzaniso, kana—kana vakabata Hama Neville, kana Hama Junior, kana Hama. . . imwe hama iri pano, mumwe wemadhikoni kana matirastii, kana mumwewo munhu, achiita chimwe chinhu chakaipa, ndinotenda kuti chinhu chekuita ndechekuti chechi iungane pamwe chete uye yonamatira hama iyi. Kana akaramba asina kugadzirisa, saka regai vamwe vashoma vaende naye, vaende kuhama kuti igadziriswe. Zvino zvakare kana akasazvigamuchira, chibvai mazviture pamberi pechechi. Zvino kana vakasazvigamuchira zvino, iyoyo ndiyo nguva yechechi yose zvino, munoono, ndeyamufundisi, maeredha, nezvinhu zvose kuzviita. Handitende kuti bhodhi remadhikoni chero ripi zvaro rine kodzero yekudzinga chero ani zvake kubva pachechi kana bhodhi ripi zvaro rematirastii kana chero mufundisi uyi zvake ane kodzero yekuzviita.

⁵⁰⁷ Ndinofunga kuti kana ani zvake achizofanira kudzingwa, zvingave nekuda kwekurarama zvine tsvina, kana chimwewo chinhu chakadaro, kuti iko munhu asina kukodzera, semurume anopinda muno achisvibisa vanasikana vedu kana—kana kuvhiringa madzimai edu, nezvinhu zvakadaro, uye achingozviti iye mumwe wedu pano. Maona? Zvino, kana ari kunze kune imwe nzvimbo achipinda muno, handiti, tinofanira kuita chimwe chinhu nezvazvo, asi, kana zvasvika pamunhu akadaro, munhu ane hunzema achiedza kudanana nemadzimai edu kana—kana kuvhiringa vanasikana vedu kana, munoziva, chimwewo chinhu chakadaro, kana kuita chimwe chinhu chehunzenza paari, kana kutora vanakomana vedu vaduku kunze achinovatsveyamisa, kana zvimwewo.

⁵⁰⁸ Zvinhu izvozvo zvinofanirwa kuonekwa nezvazvo, uye zvakare munhu iyeye anofanira kudzingwa muruwadzano uye asingabvumirwe kutora chirairo naye, nekuti hatifanirwe kuita izvozvo. Hatifanirwe. “Kana ani zvake akadya asina kukodzera, ane mhosva yeRopa nemutumbi waShe,” pamunhu iyeye.

⁵⁰⁹ Asi ndinotenda sekungotaura kunoita mumwe munhu, “Saka, zvino, iye—iye ari *ichi*, *icho*.” Munamatirei. Ndizvozvo.

⁵¹⁰ Handife ndakakanganwa, muStockholm, Sweden, Hama Lewi Pethrus, murume mukuru waMwari. Takanga takagara patafura, kwasara maawa mashoma kuti tidzokere kuAmerica. Takava nemisangano mikuru ikoko. Zvino vakati, Gordon Lindsay akati, “Ndiani mutariri weboka guru iri?” Vakomana,

rakakunda Assemblies of God nekure chaiko, munoona. Akati, “Mutariri wacho ndiani?”

Zvino Lewi Pethrus akaita semurume munyoro, zvino akati, “Jesu.”

Akati, “Ndiyani vakuru venyu vedunhu?”

Akati, “Jesu.”

⁵¹¹ Akati, “Ndinoziva kuti ndizvozvo,” akati, “tinotenda zvimwe chetezvo pamusoro peAssemblies of God yedu.” Akati, “Ndizvozvo.” “Asi,” akati, “ngatiti, semuenzaniso, hama—hama ikabuda mugwara,” akati, “ndiani ane chekureva pazviri kuti amudzinge?”

Akati, “Hatimudzinge.”

“Saka,” akati, “munoita sei?”

⁵¹² Akati, “Tinomonamatira.” Ndakafunga kuti izvozvo zvaitapira kwazvo! Zvainzwika sekuva Chikristu kwandiri, “Tinomonamatira.” Hapana anomudzinga kunze, vanomonamatira.

⁵¹³ Akati, “Saka, zvino, ko kana dzimwe hama dzikabvumirana nazvo,” akati, “uye vamwe vavo vasingachadi kuyanana naye zvachose? Vanomuunza mukati, sekunge ndimufundisi, munoona, anotanga kuita zvemadzimai pakati... Munoziva zvandiri kureva, nezvimwe zvakadaro, uye vamwe vafundisi havamutendere mumachechi avo. Mose munoitei, munomudzinga musangano renyu here?”

⁵¹⁴ “Kwete.” Akati, “Tinongomusiya akadaro tomunamatira.” Akati, “Hatina kumbobvira tarasikirwa nemumwe nazvino. Vanogara vachidzoka, neimwe nzira.”

⁵¹⁵ Akati, “Zvinoka,” akati, “zvino, ko kana...” Akati, “Ko kana vamwe vavo vakati vanomuda uye vamwe havamudi? Zvino, munoti kudini nazvo?”

⁵¹⁶ Akati, “Zvino, avo vanomuda, vanomutora; avo vasingamude, havasungirwe kudaro.”

⁵¹⁷ Saka—saka ndinofunga kuti inzira yakanaka yekuzviita, handiti here, hama? Zvino nenzira iyoyo tiri “hama.”

⁵¹⁸ Zvino, hama, ndinovimba kuti zvinhu izvi zvapa kamwe kakuonesa kumhinduro kana chimwe chinhu, kuti musangano wedu pano manheru ano wa—wabatsira chimwe chinhu kwatiri. Ndiri kugadzirira kuenda zvino kwechinguva, kunopinda mumisangano kunze kuMadokero. Mukuzvininipisa ndinoshuvira minamoto yenyu.

⁵¹⁹ Dzimwe dzemhinduro dzangu muno, pamwe dzakawanda dzacho, pamwe hapana imwe yadzo, yanga iri iyo. Handizive. Asi ndidzo dzakanakisa dzandaigona kuunganidza nenzira yokufunga kwangu, munoona, kuedza kuZvitsanangura. Zvichida iyi yekupedzisira, kunyanya, yauya ipapo

kwekupedzisira, handina kuwana nguva yekuitarisa. Uye ini handina kungo, yaive...Zvandinoreva, anga ari Magwaro atinoverenga pano nguva dzese, zuva nezuva muchechi. Ndafunga kuti pamwe chingave chimwe chinhu chikuru chakaoma icho chingaite kuti tidzike pakunyatsopinda mune chimwe chinhu chikuru, asi chakangoita semibvunzo yemachechi.

⁵²⁰ Ndinofara kukuonai makabaturira saizvozvo, hapana kana nyonga-nyonga, hapana kana kusagutsikana, kana chero kuvhiringika. Pasina mubvunzo wekuZvipikisa uye ichiti “Hazvisizvo, Izvi handizvo, hatisi kuzoZvibvuma.” Dzanga dzingori hama dziri kuda kuziva chimwe chinhu chokusimbisa pakubata kwavo, ndizvo zvoga. Izvo...zvinosimbisa, kusunga—kusunga nhumbi dzokurwa nadzo zvakati simbei, kusunga rimwe pfundo padziri. Ndinovimba kuti tichasangana kakawanda sezvizvi, kusunga nhumbi dzokurwa nadzo.

⁵²¹ Uye rangarirai, hama, nhumbi dzangu dzokurwa nadzo dzinoda kusungwawo, zvakare. Saka imi namatai kuna Mwari nekuda kwangu kuti Mwari vandibatsire uye nditi wedzerei kusunga nhumbi dzangu dzokurwa nadzo, kuti ndi... ndisanyanye kuita zinyekekenyeke nezvinhu. Uye hupenyu hwandinorarama nezvinhu zvandinoina, dai ndazviita nemweya wekuzvininipisa wakawedzerwa, ndiine chido chakawedzerwa chekuzviita. Uye Mwari vandipe mwoyo wokuzviita zvakawedzerwa kupfuura zvakamamboita kumashure. Ndinonamatira chinhu chimwe chetecho kwamuri. Mwari vakuropafadzei.

⁵²² Ndakugarisai pano kwenguva refu, uye iko zvino five to eleven.

⁵²³ Uye zvino, Hama Neville, ndi—ndinga...Zvino, ndaona kuti, angangoita mamaera 900 neanoraudzira kusvikako, handisi kuzoenda kusvika mangwanani eMuvhuro. Asi ndinoda kuva pano Svondo kuitira Sunday school, ndiri kuuya semuenzi wenyu kuzokuteereri muchiparidza, munooona, Svondo. Maona? Asi...Zvino, hama, hongu, hama. Hama Neville, hechino chikonzero, hama. Ndiri...Ndinokudai uye magara muine mutsa mukupa purupiti sekunge zviri...sokunge ndaiva eredha mukuru kwamuri, kana chimwe chinhu. Asi handina kumbobvira ndakanzwa saizvozvo, Hama Neville. Ndakanzwa kuti tiri hama.

⁵²⁴ Hama Ruddell naHama Junie, uye, oo, imi mose hama nemi mose, tino—tinongova hama pamwe chete, munooona.

⁵²⁵ Asi chii...Chikonzero chazvo, ndave kungoti shoshomei zvisvishoma zvino, munooona, uye ndine mavhiki 6 akatevedzana ehondo iri kuramba ichiitika nguva nenguva, munooona. Uye ndi—ndinongoda kuti pamwe nditange kana ndichikwanisa, ndafunga, mushure memusanganano uno manheru ano,

zvichandipa Chishanu neMugovera neSvondo kuti ndizorore, ndisati ndatanga misangano kunze uko.

⁵²⁶ Uye Hama Junie, ndichingodzoka, imwe nguva ndichipinda, ndinofanira kuuya zasi kuti ndikuonei zvakare, ndinoda kuuya kunze ikoko. Ndakapfuura nepachechi yenyu diki kunze uko, nezuro, ndinotenda kudaro. Mudzimai wangu akati, “Ndinofunga kuti...” Iri here kunze uko nenzira yenjanji paGlenellen Park apo? Ndinoda kuuya kunze ikoko ndotaura nevanhu vekuSellersburg. Zvakanaka.

⁵²⁷ Hama Ruddell, moyo wenyu ngauropafadzwe. Ndinoda kuuya kunze ikoko, mune boka rakanaka revanhu. Magara apo manheru ano muchiteerera henyu saeredha mutana muchizvigamuchira.

⁵²⁸ Hama Beeler neche apo, mumwe wehama dzedu vavhangeri. Ndinovimba imwe nguva ndinogona kusangana neimwe yemisangano yenyu pane pane imwe nzvimbo, hama, ndogona kuita imwe runziro, ndova nechimwe chinhu chekutura pane imwe nzvimbo chokukukurudzirai. Ndinogara ndine shoko rakanaka kwamuri kuna ani zvake, imi nekuna Hama Stricker vari pano, nevavhangeri.

⁵²⁹ Hama Collins vari pano, vandinotenda kuti rimwe zuva vachava mushumiri ari mubasa rehushumiri zvizere mubasa racho.

⁵³⁰ Varume anova varume vehumhare, varume mhare, varume chaivo vekutenda, Mwari vave nemi mose, nemi madhikoni, imi matirastii, imi hama.

⁵³¹ Ndinotenda muri...Hama iri pano, handisi kugona kufunga zita ravo. Muri...[Hama Caldwell vanoti, “Hama Caldwell.”—Mupepeti] Caldwell. Munongova mu...Muri mumwe wemaeredha vechechi kana zvakadaro, hamusi here, kana kungova...[“Mushumiri.”] Mushumiri. [“Ndiri mushumiri. Ndakanga ndiri weChurch of God, ndakanga ndisingakwanisi kuparidza Evhangeri yakazara ndogara navo. Ndaisakwanisa kuparidza rubhabhatidzo muZita raIshe Jesu ndogara navo. Ndaive ndine raisenzi repamusoro-soro rehushumiri ravaive naro, asi ndakangoadzorerwa. Kubva pandakakunzwai muchiparidza Mharidzo huru idzodzo, ndakaadzorerwa, ndikabuda musangano. Zvino ndinoda kuva mumwe wenyu.”]

⁵³² Ndatenda, hama. Tinokugamuchirai myanano yedu. Uye magwaro edu—edu ndeekumusoro. Hupenyu hwedu hunogadzira magwaro edu, munoona. Ndiwo magwaro edu. “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka musaNditenda.” Maona? Ndizvozvo. Ndiwo magwaro edu. Uye semutana... SaHoward Cadle aisiti, “Hatina murairo kunze kweRudo, hatina bhuku kunze kweBhaibheri, uye—uye hatina—hatina chitendwa kunze kwaKristu.” Ndizvozvo. “Hatina murairo

kunze kweRudo, chitendwa kunze kwaKristu, bhuku kunze kweBhaibheri.”

⁵³³ Uye tiri—tiri, Hama Caldwell, tinofara kuva nemi. Makabuda kubva musangano guru. Anderson Church of God, ndinodaira kudaro. [Hama Caldwell vanoti, “The Cleveland.”—Mupepeti] Kana kuti chechi yeCleveland, Pentecostal Church of God. [“Zvino ndaisimbova mufundisi kunze uku ku...?...”] Oo, Hongu. Oo, hongu, ndakambovako kunze ikoko. Ndinotenda kuti ndakambova kunze ikoko naHama Neville... kana Hama Wood, imwe nguva, takawana imbwa kana imbwa yokuvhimisa kubva kune mumwe munhu aienda kuchechi kwenyu kunze uko. Zvino ndakasvika pakumira pamasitepisi kunze uko ndichitaura, zvino vaitura pamusoro penyu. Zvino, ndine chokwadi... [“Kuchechi kwangu.”] Oo? [“Burns.”] Ndizvozvo, Hama Burns. Ndizvozvo [Hama Caldwell vanorondedzera chimwe chitiko.] Oo? Hongu. Oo, Bertha, ndizvozvo. Oo, zvinoshamisa.

⁵³⁴ Hama Rook vari neche uko, vave mufundisi zvino, kana muvhangeri, ndinotenda. Ndizvo here? Kana kuti muri kufudza here? [Hama Rook vanoti, “Muvhangeri chete.”—Mupepeti] Muvhangeri. Ndinoda kutaura pamusoro penyu, Hama Rook. Ndakanzwa nezverimwe basa guru ramuri kuitira Ishe. Imi...Ndakanzwa kuti makaenda kuIndianapolis kana kuti manga muchienda kuIndianapolis, uye mukava neshumiro uye mukaunza mweya kuna Kristu. Mwari vave nemi, Hama Rook. Zvechokwadi ndinofara kukuonai. Ndakakuonai kunze uko muri patarakita yakudhara kunze kuno, ichimhanya—mhanya kunze uku, muchiisa henyu fetereza pachivanze chenyu kunze uko. Zvino, kukuonai kunze muchiedza kuitira Ishe chimwe chinhu. Ndinofara kuti Vakakudanirai kushumiro, rambai makaVaisa pamberi penyu, hama. Mwari vakuropafadzei. Musarerutsa pane chinhu chipi zvacho; asi zviitei nemweya unotapirisa wamunogona kuzviita nawo. Regai yenyu—regai mharidzo yenyu igare yakarungwa nekutapira kweMweya Mutsvene.

⁵³⁵ Uye Hama Stricker... [Imwe hama inoti, “Tinoshuvira minamoto yenyu mose. Tiri—tiri kuedza kuita kuti chechi itange zasi kuNorth Vernon.”—Mupepeti] Oo, ndinovimba munoiwana. Tichakunamatirai. [“Tiri kuita zvakanaka kwazvo, kusvika zvino.”] Ndizvozvo.

Billy, uchatanga rinhi kuva mufundisi?

⁵³⁶ Chiremba Goad naChiremba Mercier pano, ndi—ndi—ndinovimba...sekudaizana kwatinoita kudaro. Uye Hama Goad vasvika panzvimbo yekuti ini...vanonyatsokodzera dunhurirwa, vave kugona kuisa unga mukasha yembumburu zvino. Hongu. Uye, Hama Leo, ndinotenda tinogona hedu

kungovasiya vakadaro saizvozvo, uye tovadana...regai varambe vaine dunhurirwa ravo rekuti—rekuti “Chiremba.”


⁵³⁷ Zvinoka, “Chiremba” Branham, kumashure uko, ingoichengetai yakanyatsogadziriswa zvakanaka, uye zviwedza zvichibvira zvakanaka chaizvo. Uye—uye ndichakuudzai, pese patinova nemusangano wakatsaurwa ndichataura nebhodhi ndoona kana vasingakwanise kukupai zvakati wedzerwei zvisvishoma pane izvozvo [Hama Branham vanoseka—Mupepeti], nebasa rakakosha pamunotsvaira zvakanyanya nekutakura muchiunza mukati nekubuditsa, zvino izvozvo zvinozokufadzai.

⁵³⁸ Chiremba Wood. Ndakavadaidza kuti “Chiremba,” ndinodaira munoshamisika kuti sei. Handivadane zvisirizvo, vanongodambura-dambura miti kuita zvidimbu, munoziva. Ishe vachameresa muti wakanaka, uye ivo vachautemera pasi zvino vovaka imba kubva pauri. Handisati ndamboona zvakadaro nazvino, saka ndinofanira kuvadaidza kuti “Chiremba.”

⁵³⁹ Hama Taylor, muchiri makatendeka pamusuwo, kupa mumwe munhu chigaro. Ndinofunga nezvenyu sekudai, “Ndingasva hangu ndava chimeti chepamusuwo paimba yaJehovha pane kugara mumatende navakaipa.” Ndizvozvo, changamire.

⁵⁴⁰ Hama Hickerson, muchangotanga muNzira, uye muchikwira, muchiuya. Ndaida zvenyu...Ini...Makatanga muNzira, uye muchiuya, Zvirokwazvo ndinongoyemura kuperera kwenyu nezvose zvamuri kuitira Ishe Jesu. Mwari ngavagare vachikuropafadzai uye vakuitei mudhikoni wechokwadi, hama, izvo ndinotenda kuti muri, imba yenyu iri pasi uye nezvinhu zvose sezvamanga muri.

⁵⁴¹ Hama Fred, hamuna kuva nesu nguva yakareba, muchiuya zasi kubva kuCanada. Hatichanzwa kuti muri wekuCanada zvachose, tinonzwa kuti muri mupfuuri uye muyeni pamwe nesu, hama yedu, semutirastii. Imi naHama Wood, nemi munoshanda muhofisi yenyu zvakanaka naHama Roberson, nevamwe vose; Hama Egan, havasi pano manheru ano.

⁵⁴² Uye Hama Roberson, manga muri rubatsiro cha—chairwo kwandiri, Hama Roberson pamwe chete navamwe, munyaya iyi yomutero yakapinda mukuferefetwa uku. 

61-0112 Mibvunzo Nemhinduro
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org